

# GID POU LIDÈ YO

***ISTWA ESPERANS LA***

---

**Etid sa a pran rasin li nan vèsyon biblik « Louis Segond. »**

---

Pou rann sa posib nan fason nou ap itilize Istwa Esperans la, nou dwe patisipe nan seminè fòmasyon ki fèt sou evanjelizasyon ak fòmasyon pou disip yo Good Soil òganize.


Pou plis enfomasyon nou ka kontakte nou sou sit entènèt sa a: [www.GoodSoil.com](http://www.GoodSoil.com)



## Enfòmasyon jeneral

Nou kwè ke li enpòtan moun k-ap dirije pwogram Istwa Esperans la konprann ke yo dwe anseye tout sa ki genyen nan gid la. An tou ka, materyèl w-ap jwenn nan gid sa-a, l-ap ba ou plis resous ke w-ap bezwen pou ou anseye Istwa Esperans la. Kidonk, pa konplike etid la nan bay patisipan yo yon pakèt enfòmasyon ki pa nesesè pandan ke yo pa konpran prensip fondamantal yo ki nan bib la. Lè ou ap itilize materyèl la ou dwe chwazi sa patisipan ap bezwen pou etid la. Pou ka konprann pi byen, chache konnen enfòmasyon elèv la bezwen, pa al moutre yo bagay yo pa bezwen konnen, si se bagay ki gen rapò ak lafwa pa gen problèm. Pa ajoute anyen pou enterè pèsònèl ou paske ou jwenn li nan liv la, non pa fè sa.

*Avan nou kòmanse etid sa-a, fòk ou si ke ou te li paj 4-11 nan Istwa Esperans la. Pran tan-w pou ou ka abitye ak paj 5-6.*



Ou pral jwenn de (2) seksyon prensipal nan Istwa Esperans la. Li enpòtan pou ou konprann relasyon ke yo genyen ak kontribisyon chak pote pou yo ka fè yon sèl.

**Premyèman**—paj 12-31 prezante 40 evènman kle kwonolojik biblik la, 20 soti nan ansyen testaman e 20 lòt soti nan nouvo testaman. Yo fè pati esansyèl Bon Nouvèl Bondye a pou tout moun sou latè, men yo prezante sou fòm istwa.

**Dezyèmman**—nan paj 32-39 nou jwen sa ke nou rele «Pon kwonolojik lavi a ». Se la tou nou jwenn 8 konsèp kle ki fè pati istwa nou etidye yo nan 40 evènman kwonolojik istwa biblik la. Pon kwonoloj ik la prezante bon nouvèl la sou fòm 8 verite esansyèl.

# 1 Bondye ki la pou tout tan an

Depi nan kòmansman, Bib la pale sou egzistans moun ki se yon sijè enpòtan lè li di bagay oswa moun ki te toujou la se Bondye.

Jenèz 1:1



## a. Poukisa sa gen sans pou nou kwè yon bagay osinon yon moun te toujou egziste?

*Gade konprann sa-a: men ekzanp, yon problèm ki te kenbe lespri nou pa twò lantan. Si moun ki patisipe nan etid ou-a pa kanpe kont deklarasyon sa-a, kontinye ak etid la. Ou pa oblige itilize enfòmasyon sa yo. Men, si ou bezwen yo se pou ou trè kout e trè senp.*

Li difisil pou kwè nan ansyen tan, pa-t gen anyen ki te ekziste, inivè-a te kòmanse ekziste te vin gen dlo, lòm te fèt ak pousyè tè, e yo te gen lavi. Bon! Fòk ke nou genyen yon nivo lafwa ki vrèman wo pou nou ka konprann tout bagay sa yo.

Li pi fasil pou nou kwè te gen yon moun oubyen yon bagay ki te toujou ekziste, menm si se yon èt vivan oubyen yon bagay ki pa gen souf. Kwè ke yonn ou lòt te toujou ekziste bagay sa mande lafwa.

La ankò gen plis lojik pou nou kwè ke sa ki te toujou ekziste-a se Bondye vivan ki gen kapasite pou li kreye sa ki vivan ak sa ki pa vivan. Premyè vèsè ki nan bib la di nou, inivè-a ak lavi te kòmanse. Men wi, fòk nou gen lafwa pou nou kwè nan bagay sa yo, men tan-zan-tan n-ap etidye Istwa Esperans la, fwa sa-a repoze sou bagay ke nou kapab wè.

*Pou nou sèten ke etid la ap vanse pou pi douvan nan progrè, patisipan ki pa kwè nan ekzistans Bondye pral rele pou moutre yo onètete entèlektyèl yo, e tou yo dwe trè ouvè sou zafè ekzistans Bondye-a. Sa pa vle di ke yo dwe abandone enkredilite yo, men se pou yo moutre yo lib pou yo kite bagay sa-a oubyen yo mete-l na kwen pou yon ti tan, konsa pou yo ka tandé Bib la k-ap pale nan zòrèy yo avèk anpil atansyon. Ankouraje patisipan yo pou yo patisipe nan etid sa-a ak tout kè yo san ipokrizy epi kite Bib la pale.*

## b. Li Jenèz 1:1 Pami deklarasyon sa yo kilès ladan yo ki vre? Bay rezon ki fè ke se chwa sa-a ou fè.

- Labib kòmanse etan li ap moutre egzistans Bondye.**
- Labib kòmanse lè li deklare egzistans Bondye.**

«Nan kòmansman, Bondye....» Se yon fraz senp ki afime ekzistans Bondye. Yo pa eseye pwouve ekzistans Li avèk agiman oubyen bagay ki vizib.

*Se sa-k fè, otè-a (moun ki ekri sou enspirasyon Bondye) pa wè nesesite pou li defann ekzistans Bondye, epi tou, èske li annik deklare-l kòm yon reyalite ki konfime tèt li ak tout moun ki trè ouvè ki ap etidye Bib la nan tout entegralite.*

### c. Li Sòm 90:2 Sa sa vle di «depi tout tan ak pou tout tan se Bondye ou ye»?

Men yon lòt fason pou ou di Bondye te toujou ekziste e Li p-ap janm pa ekziste. Pou pi klè, sa vle di Li etènèl li pa gen ni kòmansman ni fen.

*Se ekspresyon ki pi klè nan bib la (ke nou te wè avan), yon Bondye ki vivan pou tou tan, inivè-a vini aprè li. Vèsè-a di nou plis bagay sou Bondye ak inivè-a – Bondye sa-a Li etènèl Li te kreye tè-a, lemond antye ak tout sa ki sou tè a, se sa nou va wè pandan n-ap vanse ak etid la.*

### d. Lè nou li istwa yo nan labib, nou vin konnen plis bagay toujou sou Bondye, kilès li ye epi kòman li ye. Anba chak de paj, menm jan ak sa a (paj 12 ak 13), tcheke ti kare ki moutre fason yo dekri Bondye, daprè kat evènman nou jwenn nan de paj sa yo.

1. *Fè patisipan yo ale anba 2 paj sa-yo epi li enstriksyon ak repons yo bay pou chwa sa yo. Eksp-like yo ke Bib la fè nou konnen plis verite sou Bondye. Nou te jwenn Bib la pou nou te ka konnen Bondye – kilès Li ye e kòman Li ye. Anpil fwa enfòmasyon nou jwenn sou Bondye yo se nan Bib la yo soti atravè deklarasyon yo (tankou Sòm 90:2), men nou aprann konnen Li pi souvan nan fè lekti istwa biblik yo, gade sa Li fè, e kòman Li fè yo, patikilyèman kijan lòm (gason ak fanm) fè konnen yon bagay konsa.*
2. *Fè yo reflechi sou plizyè aspè ki pale sou Bondye ki revele tan-zan-tan istwa esperans la. Nan fen chak 2 paj, fè yon ti rete e mande elèv yo pou yo fè yon ti kwa anba chak aspè kote yo dekri Bondye nan evènman yo ki nan paj sa-a.*
3. *Fè yon ti refleksyon ansanm anvan nou pase nan lòt evènman.*

## Lòt enfòmasyon

### Men sa ki eksplike Jenèz 1:1:

Lavi kretyen ak fason moun wè mond la, tout sa pran rasin yon nan Bib la.


Li se liv fondamantal nan Bib (Jenèz).

Fondman liv Jenèz la repoze sou 11 premyè chapit yo.

Chapit 1 an konsidere kòm fondman nan seksyon sa-a nan liv Jenèz la.

Vèsè 1 se fondman chapit premye a nan liv Jenèz la.

Lavi kretyen an jeneral ak fason moun wè mond la repoze sou Jenèz 1:1. Si yon moun kapab aksepte Jenèz 1:1 ak lafwa, li p-ap gen okenn lòt difikilte pou li aksepte rès bib la.



Li nan: Genesis in Space and Time par Francis Schaeffer (InterVarsity Press, 1972)

Ti liv sa-a li bay bon kòmantè apolojetik sou chapit 1-11 nan liv Jenèz la. Li bay yon enfòmasyon trè itil pou ansenye 10 premyè evènman yo nan istwa esperans la pou moun ki enkredil yo, sitou premyè chapit yo nan liv Jenèz la.

## 2 Bondye kreye tè-a

Labib kontinye lè li di Bondye kreye lemonn ki genyen tè a, syèl la, tout èt vivan yo, plant yo ak tout kalite zannimo.

Jenèz 1:1-25



### a. Premye jou kreyasyon an - li vèsè 1-5.

- Nan kòmansman vèsè 2, avèk kisa latè te sanble?

Latè te san fòm – premye eleman nan inivè-a te kreye san fòm.

Li te vid – Bondye di li pa te ko prè pou moun oubyen èt vivan yo viv sou li – pye bwa, zanimyo yo, ak tout lòt èt vivan yo.

Se te fènwa sèlman – fènwa se lè pa gen limyè epi Bondye pa-t ko kreye limyè.

*Nòt: Li sanble nan vrè fòm kreyasyon an, espas ki te antoure tè-a te ranpli ak dlo.*

- Kisa Bondye te fè daprè vèsè 3-5?

Bondye te pale limyè-a te fèt epi tou li te vin itil pou tè-a, Li rele limyè-a jou e tenèb la te rele nwit. Li sanble ke tè-a te konn vire sou aks li epi te gen yon limyè ki t-ap klere, pandan lajounen li te konn klere sou yon pati tè-a.

### b. Dezyèm jou kreyasyon an – li vèsè 6-8. Kisa Bondye te separe jou sa a?

Bondye te kreye yon «Vout » pou separe dlo yo ki te antoure tè-a. li te rele espas sa syèl – se syèl atmosfè sa ke nou pa dwe konfonn ak lòt syèl yo ki pi lwen yo pale nan Bib la.

*Bon, dlo sa yo ki te koutri vout sa-a yo te tounen nyaj yo an fòm vapè e yo tonbe sou tè-a sou fòm lapli tankou gout dlo. Nan demen kreyasyon an nou te wè kisa Bondye te fè ak dlo sa yo li te mete yo nan espas vid la.*

### c. Twazyèm jou kreyasyon an – li vèsè 9-13.

- Kisa ki te rive nan kòmansman twazyèm jou-a? (Vèsè 9-10)

Bondye mete ansanm tout dlo yo (sou tout tè-a) pou ke pati ki sèch la ka parèt. Aprè sa Bondye rele dlo-a «lanmè», e pati ki sèch la «Tè ».

- Kisa ki te rive apre sa nan menm jou a? (Vèsè 11-13)

Bondye pale e tout kalite plant te pouse, Li te kreye yo ak kapasite pou yo repwodwi. Se konsa sa te pase.

### d. Katriyèm jou kreyasyon an – li vèsè 14-19. Poukisa Bondye te kreye «limyè» nan syèl la?

Bondye te kreye solèy la pou klere tè-a pandan lajounen.

Bondye kreye lalin nan pou klere pandan lanwit.

Se menm Ast sa yo ki make sezon yo tou nan ane-a.

*\*Nòt: Tèm limyè-a vle di literalman “sous ki bay limyè.”*

**e. Senkyèm jou kreyasyon an- li vèsè 20 rive nan vèsè 23. Ki zannimo Bondye te kreye jou sa a?**

Zwazo yo ak bèt ki nan lanmè yo.

**f. Sizyèm jou kreyasyon an- Li vèsè 24-25 ki zannimo Bondye te kreye apre sa?**

Tout kalite bèt yo gade, bèt nan bwa, bèt ki trennen sou vant.

## Plis Enfòmasyon

Èske kreyasyon an te fèt nan jou ki pote 24 è ? Li posib pou elèv ou yo poze kesyon sa a: «ki kalite jou li te ye? » èske se te jou ki pote 24 è literal oubyen tan ki pi long ke yo rele « jou »?

Bon si se sa, fè elèv la wè fraz ki di « te gen yon matin te gen yon swa », se sa ki dekri chak gressou, alòske, sanble ke li endike se te peryòd literal 24 è. Bon an-n di, Bondye tèlman pwisan Li kreye tout linivè-a san Li pa-t janm itilize anyen, kidonk Li pa gen okenn pwoblèm pou Li kreye jou aprè jou tout sa ki genyen nan yon espas 24 è.

*Gen anpil moun ki poze nou kesyon sa-yo ki on tijan bay tèt chaje. Alò nou ap propose-w pwen sa yo ki ka ede-w ak kesyon sa a, epi tou lòt kesyon yo ka poze tou:*

1. *Si yon patisipan ta on tijan emotyonèl pandan li chita sou yon pozisyon ki pa mache ak sa ki nan Bib la, mande li pou-l ekri kesyon an epi lè etid la fini ou va reponn li. Men tou, fòk ou sonje reponn li.*
2. *Si elèv sa-a onèt nan rechèch li fè sou sa Bib la anseye, ou kapab bay plis tan ak kesyon an. Men, ou pa bezwen ap reponn ak yon pakèt kesyon si yo pa fè pati esansyèl Istwa Esperans la.*
3. *Sa ou dwe fè se gade imaj kolektif etid « Istwa Esperans la ». Pa antre nan diskisyon ki pral distrè-w pou fè ou pa rive atenn objektif ou.*

Pou preparasyon pèsonèl ou pou evènman 1-12, ki pale sou ansèyman nan liv Jenèz la, nou ap pwopoze-w kòmantè biblik sa-a:

**The Genesis Record: A Scientific and Devotional Commentary on the Book of Beginnings by Henry M. Morris (Grand Rapids: Baker Books, 1976).**

*Liv sa-a li ap vrèman itil ou pou-w ka prepare lesyon sou premyè evènman yo ki gen nan liv Jenèz la.*

## 3 Bondye kreye moun

Apre sa, Bondye te kreye gason ak fi, Adan epi Èv, Bondye te ba yo lòd pran pouvwa sou tout sa li kreye sou latè, men li te defann yo manje fwi yon pye bwa espesyal.

Jenèz 1:26-31; Jenèz 2:7-25



**a. Li Jenèz 1:26-27. Lè nou konpare gason ak fanm ak tout kreyati Bondye yo, kisa espesyal ki genyen nan kreyasyon gason ak fi?**

Yo te kreye sanble ak Bondye.

*Imaj Bondye ke nou ap pale la, se pa yon imaj fizik oubyen aparans. Bondye se yon èt espirityèl (ki pa materyèl).*

*Bondye te bay lòm plizyè karakteristik imateryèl ke Bondye Limenm Li genyen, nan yon degre ki pi wo – kapasite pou chwazi, renmen, reflechi, pale, mache dwat, ekzèse otorite, eksetera. Menm si zannimo yo t-a ka genyen kèk nan karakteristik sa yo nan yon nivo, lòm, depi nan kòmansman li te inik nan karakteristik sa yo li genyen an. San nou pa bezwen doute, lè tèks la di lòm kreye ak imaj Bondye, li vle pale de yon imaj ki pa materyèl, epi tou ki pa fizik.*

**b. Li Jenèz 1:28-31. Kisa Bondye te di Adan ak Èv pou yo te fè, alòske li pa te bay lòt kreyati menm lòd la?**

Bondye te bay lòm otorite ak kapasite pou yo fè ptit epi pou yo domine ak pran swen kreyasyon an. Kidonk, yo te gen kapasite pou fè sa-a paske yo te gen imaj Bondye nan yo menm ki se yonn nan karakteristik ki te pèmèt yo fè travay sa yo.

**c. Li Jenèz 2:7. Ki lòt bagay anplis nou konnen sou Adan?**

Bondye te fòme kò Adan ak pousyè tè-a, e Li te soufle nan tou nen-l souf lavi-a ki te fè li vini yon moun vivan.

**d. Li Jenèz 2:8-9. Ki pawòl nou jwenn nan vèsè sa yo ki di Edenn te yon bél jaden ki kapab pwodui manje?**

Bondye te fè tout kalite pyebwa leve nan jaden an – bél pyebwa ki donnen bon fwi bon pou manje. Se te yon bél kote, li te ranpli ak manje pou moun manje.

**e. Li Jenèz 2:15-17. Kisa Bondye te defann Adan pou li te fè? Ki konsekanss Bondye te mete devan Adan si li te dezobeyi?**

Bondye te defann Adan manje nan pye bwa ki fè konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Li te di nenpòt jou ou manje-l ou va mourir.

**f. Li Jenèz 2:18-25. Vrè ou fo? Lè sa a, Adan ak Èv te ap viv yon eta yo pate konn bagay ki mal. Di pou kisa ou reponn konsa daprè vèsè yo?**

Yo tou de (2) te toutouni yo pa-t wont yonn lòt. Yo te tankou ti bebe fas ak nidite yo.

*Nou kapab vini ak prèv sa a pou di ke yo pa-t wont, epoutan yo te madanm ak mouche. Se vre ke intimite fizik madanm ak mouche vin nòmal lè yo marye. Men an nou fè yon ti kite panse sa a pou yon ti moman. Evènman nimero 8 la pral klere lantèn nou sou sijè sa a.*

## 4 Satan tonbe

**Avan Satan te dezobeyi Bondye, li te yon Zanj ki te gran anpil, li te fè lòt Zanj fè rebelyon kont Bondye san rezulta, yo rele li Satan, dyab la.**

Ezekyèl 28:11-17; Ezayi 14:12-15



*Nan sektè evanjelik la gen plizyè pozisyon yo bay nan dat lè sa te pase a, men pa gen oken prèv nan Bib la ki ka pwouve ni youn ni lòt. Alò li pi empòtan pou kite zafè dat sa a tonbe lè evènman te rive a. Nan fen etid la, bat pou-w pa rate objektif prensipal ou te fikse a ki se mete fen nan chit satan.*

### a. Zanj yo se èt espirityèl Bondye kreye pou adore li epi sèvi li.

*Li oubyen mande elèv yo pou yo li fraz sa-a. Yo poze anpil kesyon sou zanj yo, se la etid la kapab kite liy dwat li. Ou ta renmen fè yon ti limyè sou zafè zanj la, men evite pou-w pa pase twòp tan sou sijè a. W-ap gen okazyon pou-w apran plis bagay lè ou pral etidye lòt evènman yo.*

### b. Ezekyèl ak Ezayi dekri jan Satan tonbe lè yo konpare li ak wa peyi Tir epi peyi Babilòn.

- Li Ezekyèl 28:11-17. Nan kòmansman, ak kisa Satan te sanble?

Li te yon modèl pèfèksyon – li te gen anpil konesans e li te trè bèl, li te kouvri ak tout kalite pyè presye, li te gen tit cheriben protektè (sekirite twòn Bondye), li te rete sou mòn sen Bondye a (syèl la), nan kòmansman li te onèt nan tout sa li te fè.

- Li Ezayi 14:12-15. Kisa Satan te vle («klere tankou zetwal bajou a») Ki lakòz li tonbe?

Li te gen lentansyon pou-l moute nan syèl pou-l mete fotèy li piwo pase zetwal Bondye yo. Li te vle fè tèt li pase pou Bondye. An konklizyon, li te vle egal ak Bondye!

### Nan vèsè 15 la, ki desizyon Bondye te pran kont li?

Bondye te konbat li – Li voye-l jete nan peyi kote mò yo ye-a, jouk anba nan twou san fon an.

### c. Li Matye 25:41. Ki relasyon ki genyen ant vèsè sa a ak Ezayi 14:15?

Li gen yon dife ki la pou tou tan ki te prepare pou dyab la ak zanj li yo. Se sa ki te prepare pou li (twou san fon an) Bondye te voye satan la lè Li te choute-l deyò sot nan syèl la.

### d. Daprè ou, kilès Zanj baka Matye pale nan chapit 25:41?

*Anvan tout mande elèv ou yo pou yo konprann sa li di. Sòf si, yo konnen kèk bagay sou sijè-a déjà, se kòmsi se yon repons y-ap tatonnen paske pasaj biblik ki pale sou kesyon an, yo poko jam li li.*

*Apre sa, eksplike yo tou zanj satan yo se pa satan ki te kreye yo, paske Bib la pa janm di nou ke satan konn kreye èt vivan. Se Bondye sèlman ki gen pouwva pou kreye.*

*Pou fini, eksplike yo (san twòp detay) gen lòt kote nan Bib la\* satan te trennen ak li lòt zanj lè li te kanpe kont Bondye. Se yo menm ke yo rele espri mechan oubyen demon yo, se sou sa yo nou pral pale pandan n-ap kontinye ak etid la.*

*Pandan tan sa-a, fè yon ti kòmantè tou kout epi chanje sijè-a. Pa kite okenn diskisyon pran tèt ou pou-w pèdi fil etid la.*

\*Apokalips 12:7-8



e. Nou pa konnen egzakteman kilè Satan te revolte kont Bondye, men evènman sa a te rive tout bon vre anvan Satan te tonbe.

*Dènyè deklarasyon sa-a sèvi kòm tranzisyon pou rive nan katriyèm evènman (4).*

## Plis enfòmasyon

Èske Ezayi ak Ezekyèl fè referans ak satan tout bon? Kòm chèf etid la, nou dwe konnen ke se pa tout moun ki kwè nan Bib la ki pataje lide ke Ezayi ak Ezekyèl fè referans ak satan lè yo t-ap pwofetize sou wa peyi Babilòn nan ak peyiTir la.

Pou yon diskisyon pi avanse sou pasaj biblik sa-a, li pati sa nan liv Ezekyèl la XXII "God Exiles Judah" nan The Old Testament Story Bible study course ke Dr. David Brooks ekri (pibliye pa ABWE's Center for Excellence in International Ministries).

Kontakte [CEIM@abwe.org](mailto:CEIM@abwe.org) oubyen ale sou sit sa a : [www.abwe.org/training/programs/biblical\\_studies/ot\\_story.asp](http://www.abwe.org/training/programs/biblical_studies/ot_story.asp)

## **Kijan yo dekri Bondye nan evènman** ? (paj 12-13)

Fè yon revizyon ak elèv yo sou pwen (D) a nan evènman 1 an. (« Bondye ki la pou toutan » nan tèt paj 12 la nan Istwa Esperans la).

Bon, kòm se premye fwa nou fè fas ak aktivite sa-a nan etid la, n-ap konplete li ak elèv yo. Pandan ke n-ap fè li, ede elèv yo reflechi sou repons yo. Lè ou fenk kòmanse, bay elèv yo bon direksyon pou yo identifye repons yo, men ki p-ap menm bagay pou etid la.

• • •

**Ou pa bezwen tann w-ap jwenn tout 14 karakteristik yo nan katòz evènman yo nan paj doub yo.**

Sonje byen objektif ekzèsis sa se ede elèv yo aprann konnen kilès Bondye ye, sa Li fè, ak sa Li ap kontinye fè, atravè tout lekti ak etid biblik yo.

An nou pran ekzanp sa a :

**“Nan youn nan evènman ki nan paj sa-a èske nou wè yo dekri Bondye kòm kreyatè ki gen tout pouvwa?”**

Ak sètitid, repons la se «wi. » Nan evènman 1 -2 -3 nou wè sa klè. Kite elèv la pataje ide li avan, aprè sa ou kapab pataje lide pa-w.

**“Nan youn oubyen lòt nan evènman sa yo èske nou wè yo dekri Bondye kòm otoritè Siprèm?”**

Diskite.

**“Nan youn nan evènman sa yo èske nou wè yo dekri Bondye kòm Jij ki san patipri?”**


Diskite.

**Eksetera, jiskaske nou fini ak tout 14 karakteristik yo.**

## Kòmansman peche lèzòm

Nan zak dezobeyisans li kontinye ap fè, Satan twonpe Èv pou li manje donn pye bwa Bondye bay lòd pou li pa manje a e aprè li ankouraje Adan manje tou malgre avètisman klè Bondye damou an ba yo.

Jenèz 3:1-6



**a. Anvan nou li Jenèz 3:1-6, reflechi sou fraz sa a nou jwenn nan dènye liv Bib la: «... dragon an, sèpan ki la depi lontan an, sa yo rele gran dyab la oswa Satan» (Apokalips 20:2).**

*Deklarasyon sa-a idantifye aklè ke satan, dyab se menm bagay (mechan). Li fè lyen ant satan/dyab/sèpan ki la depi lontan, li pran fòm sèpan li tante Èv nan jaden Edenn nan.*

**b. Li Jenèz 3:1-5. Satan te vin devan Èv sou fòm yon Sèpan, epi li...**

- Te defòme pawòl Bondye yo pou li te kapab fè yo kwè Bondye pa renmen yo (gade vèsè 1).

“Èske Bondye te janm di pinga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an?” (Alòske li te konnen Bondye pa-t di sa-a)

- Li di se pa vre Bondye pa ta pral pini dezobeyisans (gade vèsè 4 la).

« Nou p-ap mouri kras » (nan sans sa li vle fè yo kwè ke, Bondye pa gen nan lespri-l pou li touye yo).

- Li fè yo konprann Bondye ba yo pinga sa a paske li egojis epi jalou. Satan vle pou Èv gen dout nan kè li sou jan Bondye bon ak jan li kenbe pwomès li yo.

« Bondye di nou sa paske li konnen jou nou manje ladan-l, je nou va louvri. N-a vin tankou Bondye, n-a konn sa ki byen ak sa ki mal. »

Li fè yo konnen ke, Bondye t-ap fè yo pè paske li pa vle yo vin menm jan ak Li.

**c. Li Jenèz 3:6. Di twa rezon ki te pouse Èv manje donn pye bwa Bondye te defann yo manje a?**

1. *Fwi pye bwa sanble te bon nan bouch e la menm anvi manje te moute-l. Epi tou, li vle pran gou bon fwi a, li dezobeyi Bondye e li manje fwi a.*
2. *Fwi a te bèl, li te atire-l, li te wè yon bagay konsa se t-ap bon nèt. Kidonk, li te dezobeyi lòd Bondye te bay la.*
3. *Li santi li ta manje ladan-l pou je-l ka louvri, paske sa t-ap fè-l konnen anpil bagay. Nan lide pou li konnen li te dezobeyi Bondye.*

**d. Lè nou ap etidye Bib la, li enpòtan pou nou konnen, chak lè nou dezobyi lòd Bondye yo, yo rele sa «peche».**

Nan kat (4) premye evènman yo ki nan Istwa Esperans la, mo « peche a » pa te ko itilize. Ebyen, kounya li enpòtan pou nou vini ak mo a ak tout definisyon li.

**Konnen sa ki byen ak sa ki mal:** Pa itilize enfòmasyon sa yo ou pral jwenn la si ou panse ou ap bezwen yo pou ou ka ede elèv ou yo konprann verite esansyèl ki gen nan evènman, toujou sonje pou ou pa devye nan sijè yo.

Byen, nan yon sans je Èv t-ap louvri li t-ap vin konnen sa ki byen ak sa ki mal si li te dezobeyi Bondye pou'l konnen sa ki mal nan eksperyans pèsonèl li. Men, sa sèpan pa-t di li, ebyen li t-ap pi bon si li pa-t konnen sa ki mal nan fè eksperyans (dezobeyisans). Li t-ap pi bon pou li pou-l te rete nan eta inosans Bondye te kreye-l la.

Bondye konnen sa ki byen ak sa ki mal jan sèpan te di sa. Men tou, konesans Bondye genyen sou sa ki mal la se pa eksperyans Li te fè. Bondye sen nan tout dimansyon, Li pa gen yon yota peche nan Li. Bondye konnen sa ki mal nan fason entèlektyèl men se pa eksperyans Li fè. Nou dwe konnen sa byen, lè Adan ak Èv te dezobeyi Bondye, gen yon jan yo te vin tankou Bondye (yo te konnen sa ki byen ak sa ki mal). Men, yon lòt kote tou yo te vin kontré ak imaj Bondye (yo te fè eksperyans mal la, kidonk, mal sa te kole sou yo pou toutan ak tout makòn konsekans sa genyen).


Ou ka mansyone sa si nou pran san nou pou nou etidye Bib la, n-ap dekouvrir twa fason lòm tante nan Bib la. Menm nan jenerasyon sa nou ap viv kounya, se toutan dezi lachè ap tante nou, sa n-ap gade ak je nou, ògèy mond sa a fè nou panse nou plis pase lòt moun.

**1 Jan 2:16** « Sa ki gen nan mond la, se dezi lachè, anvi, ògèy, bagay sa yo pa soti nan papa, men nan lemond.»

## 6 Kote lanmò soti

Paske Bondye se yon Jij ki sen epi Jis, Adan ak Èv te peye konsekans dezobeyisans yo a. Imedyatman, yo te mouri espirityèlman, epi aprè, yo pral pèdi lavi yo sou tè a.

Jenèz 3:7-13; Jenèz 5:5



**a. Mo «lanmò a» menm vle di separasyon. Gen twa kalite lanmò ki se konsekans peche: lanmò espirityèl, lanmò fizik epi lanmò etènèl.**

*Tout moun ki fenk ap etidye Bib la gen yon sèl refleksyon lè ke yo tande mo sa ki se « lanmò ». Lanmò fizik antre nan lespri-l rapid. Nan sans sa a, li enpòtan pou ou eksplike lanmò a se yon separasyon, epi gen twa kalite lanmò ki mansyone nan Bib la.*

**b. Li Jenèz 3:7-13. Daprè vèsè sa yo, eksplike kouman peche Adan ak Èv la te bay:**

- Lanmò espirityèl (separasyon avèk Bondye), ki fè .....
- Nou santin koupab anpil, nou wont, nou pè, ki lakòz...
- Anpil pwoblèm nan relasyon nou ak lòt moun.

Lawont te anpare yo imedyatman, yo te vin wè yo tou touni, yo te chache fason pou bouche kò yo. (Vèsè 7 & 11)

Vèsè 7 la moutre ke yo te kòmanse chache ap bouche kò yo, tankou madanm ak mouche, san yo pa-t ko menm tande Bondye ki t-ap rele yo.

Konpare sa ak Jenèz 2:25 événman 3 paj 13 nan liv ou a. Anvan dezobeyisans yo, yo pa te gen pwoblèm paske yo te tou touni, yo te tankou ti bebe ki pa-t konnen anyen.

Yo t-al eseye kache pou Bondye lè yo te tande Li ap vini nan jaden an (vèsè 8).

Bondye, te vini wè Adan ak Èv nan jaden an se te relasyon zanmitay ki te genyen ant Kreyatè a ak kreyati li yo, sa te konn fèt pandan lajounen. Men Adan ak Èv te vin pè lè yo te tande vwa Bondye ki renmen yo anpil.

Yo pa-t kache pou Bondye sèlman paske yo te tou touni, men tou yo te santi ke yo koupab paske yo te dezobeyi. Anpil nan nou kapab santi perèz sa a nan nou menm pou paran nou, siperyè nou, lè ke nou konnen yo dekouvri ke nou fè yon bagay ki mal.

Petèt Adam ak Èv te gen krentif pou kreyatè a, yo pa-t konnen sa yo te dwe fè akoz dezobeyisans yo.

Malgre yo te koupab, yo t-ap chache gen rezon, yonn t-ap akize lòt ke se li menm ki lakoz. (Vésé 12-13)

**c. Li Jenèz 5:5. Ki lòt gwo pwoblèm Adan te genyen akòz peche li a?**

« Adan te viv pandan 930 an sèlman, apre sa li te mouri. »

(Jenèz 5:5)

*Se jistis Bondye ki pwovoke pati fizik pinisyon an, se sa ke nou rele « Lanmò ». Se sa ki te rezève pou dezobeyisans la. Men se gras Bondye (yon bagay li pa te merite) ki te fè Adan viv pandan plizyè santèn ane aprè li te fin dezobeyi kòmandman Bondye.*

**d. Li Jenèz 5:8, 11, 14, 17, 20, 27, ak 31.**

Vésé 8: Sèt, (piti gason d'Adam) li te mouri.

Vésé 11: Enòk, (piti gason Seth) li te mouri.

Vésé 14: Kenan, (piti gason Enòk) li te mouri.

Vésé 17: Malaleyèl (pitim gason Kénan) li te mouri.

Vésé 20: Jerèd (pitim gason Mahalaleel) li te mouri.

Vésé 27: Metouchela (pitim gason Jéred) li te mouri.

Vésé 31: Lemèk (pitim gason Metuschélah) li te mouri.

**Nòt:** Si yon moun ta made poukisa moun sa yo te viv lontan konsa, w-ap sèlman eksplike yo ke anpil nan konsekans peche a pran plizyè ane anvan yo pote doulè sou moun ki ap viv sou tè a.

*Pa ekzanp: maladi ki atake sante nou yo se rezulta peche Adan ak Èv. Maladi sa yo ap antre sou nou de tan-zan-tan e yo tonbe sou nou yonn aprè lòt. Kidonk, nan tan nou ap viv la kounya, moun pa viv lontan ankò.*

### Aprè, li women 5:12 di de jan tout moun sibi konsekans peche Adan te fè daprè Jenèz 3?

1. Nou tout nou gen nati peche a nan nou paske nou prann nan Adan, se sa nou eritye nan Adan.
2. Konsekans peche a bay lanmò (espirityel, fizik ak etènèl\*) se yon bagay ke tout moun (tout moun ki soti nan Adan ak Ève) gen pou pase ladan-l paske se tout moun ki fè peche.

\*Sou zafè lanmò etènèl la n-a pale sou sa yon lòt okazyon.

## Bondye pwomèt li ap voye yon pèsonaj ki ap gen lavikta sou Satan

Aprè, Bondye te pwomèt yon ptit ptit Èv ta pral kraze tèt Satan poutèt li te fè Adan ak Èv dezobeyi Bondye.

Jenèz 3:14-15



### a. Li Jenèz 3:14. Ki chanjman Bondye te oblige bète la aksepte?

*Bon, istwa rapòte ke Satan te pran fòm yon sèpan oubyen tou li te antre nan kò yon sèpan ki te ekziste. Paske Bondye kondane sèpan pou sa ki te rive nan Jaden Edenn nan, sanble m-sye antre nan kò swadizan youn nan bète yo ki se sèpan, isit la nou itilize mo bète se pou nou ka fè distensyon ant Satan ak bète (sèpan), se nan bète sa a Satan te antre pou-l te ka komèt zak malveyan sa a.*

Anpil gran konesè k-ap etidye Bib la panse ke anvan bagay sa-a te rive, sèpan se te yon bèle bète ki te gen pye ki te ka mache. Nan vèsè 1 nan chapit sa-a, nou wè tou pamit tout bète ki te nan raje a, sèpan se bète ki te pi rize pamit tout lòt bète Bondye te kreye. Chatiman Bondye te lage sou li a (ak tout lòt ki vini apre li) fè-l vin tounnen yon kreyati k-ap trennen sou vant li epi kap manje pousyè tè a jouk li va mourir.

### b. Li Jenèz 3:15.

*Nan vèsè 14 la sèpan ke yo ap pale a san dout se bète la, se yon sèpan literal (ti bète long nou konn wè nan raje a.) Epoutan, sanble ke gen yon chanjman nan vèsè 15 la. Pou moun k-ap etidye Bib la, men kouman yo enteprete vèsè sa, dèské Bondye pale ak « sèpan », se ak Satan menm ki se pi gwo ennmi Bondye ki te antre nan sèpan ke Li t-ap pale. Kenbe sa a byen nan lespri-w lè w-ap li ak etidye vèsè 15 la.*

#### Chwazi yon repons Pami sa anba yo:

- Bondye te mete zizani ant sèpan an e moun yo.**
- Non, gen bagay ki pi enpòtan ki pase.**

*« Ennmi » se yon vye santiman rayisab ki anrasinen nan kè 2 oubyen plizyè endividé. Se vre ke nou konnen anpil moun di yo rayi sèpan yo, men tou pa gen anyen ki pwouve ke sèpan yo rayi moun. Lè ou wè yon sèpan atake yon moun se paske li pè oubyen li ap defann tèt li, men se pa paske li rayi moun nan. Nou dwe konnen ke se yon reyakson ki resipwòk ni moun ni sèpan yo genyen yonn ak lòt.*

*In your explanation of this verse, avoid:*

1. *Lè w'ap eksplike vèsè sa a pa ale twò lwen nan detay yo.*
2. *Entèprete siyifikasyon pwofetik vèsè a. N-ap vini ak enfòmasyon sa yo aprè nan etid la.*

*Gen kèk obsèvasyon nou ka fè pandan titan sa a tou:*

- Pral toujou gen kont ant ptit ptit Adan ak Èv (lèzòm) ak ptit ptit pa Sèpan.
- Anpil nan moun k-ap etidye Bib la kwè ke lè Bib la pale sou « ptit ptit » sèpan se pa sèpan animal la, men se movèzespri yo ke satan li menm li ap kontwole, petèt se zanj ke yo rele « demon yo » ki te swiv dyab la lè li te tonbe nan rebelyon kont Bondye epi Bondye te choute-l deyò sot nan syèl la.
- Sa moutre batay ke lòm ap mennen kont movèz espri yo ke Satan li menm ap kontwole, epi se sa menm ke nou remake tou patou nan Bib la.
- Se pa yon sèl ptit ptit Èv k-ap patisipe nan kraze tèt sèpan ke nou rele Satan.

### c. Ptit ptit fanm nan (tchyek tout bon repons yo)

- Ta va yon moun.**

*Nan 2 dènyè fraz ki nan vèsè 15 la, anpil nan vèsyon biblik yo di ke se pral yon sèl ptit gason k-ap soti*

*nan desandan Adan ak Èv k-ap pote viktwa sou Satan.*

### ☒ **Ta va kraze yon pati trè enpòtan nan sèpan.**

*Konnen sa byen, tèt se pati ki pi enpòtan nan tout kò moun oubyen bët. Se sa-k fè, nou menm kòm moun nou konn mete kask pou poteje tèt nou paske tèt enpòtan, kask se zouti ki pwoteje lavi, se yo menm menm sòlda yo itilize pou proteje tèt yo lè yo nan sèvis. Kidonk, lè Bondye di yon jou tèt Satan gen pou-l kraze, se kòm si Li di satan pral fini, li pral viktim.*

### ☒ **Ta va blese seryezman lè li fin bay gwo kou sa a.**

*Moun k-ap viktim satan pral blese nan talon pye, men jeneralman lè ou pran yon kou nan talon sa bay yon ti malèz pou yon ti tan. Aloske, kraze tèt la pi di toujou.*

### **d. Pa blyie: moun sa, se va pitit pitit fanm lan. Pa gen okenn kote nan Bib la, yo di, moun sa, se va pitit pitit gason an!**

Nan tan sa yo, lè Bib la vini ak mo « Semans » nan tèm repwodiksyon oubyen desandan lòm, la li fè referans ak lòm. Bon, li parèt on tijan dwòl la paske Adan (Lòm) pa repete. Ebyen, Bondye sèlman mansyone pitit pitit (desandan) fanm nan.

*Nòt: Pa mize twòp sou remak sa a. Jis brose-l epi kontinye, pa al eseye rezoud bagay ou p-ap janm ka rezoud.*

## Lòt enfòmasyon

**Pitit pitit (desandan) fanm nan:** Nan lang ebrayik ke vèsè sa a tradi ede nou wè ke se yon desandan kolektif, ki vle di (yon group) e pronon pèsonèl la tradi pa twazyèm pèsòn feminen sengilye (elle = li) ki pa nesesèman (il = li) ki se maskilen. Epoutan, tradiksyon tipik vèsè a se jan kretyen yo entèprete-l.


Pou pote plis detay sou pasaj Biblik sa a, li twazyèm pati a (Chit Adan ak Èv) in The Old Testament Story Bible study course written by Dr. David Brooks (published by ABWE's Center for Excellence in International Ministries).

Contact [CEIM@abwe.org](mailto:CEIM@abwe.org) oubyen ale sou [www.abwe.org/training/programs/biblical\\_studies/ot\\_story.asp](http://www.abwe.org/training/programs/biblical_studies/ot_story.asp)

## 8 Bondye bay Adan ak Èv rad

Aprè Adan ak Èv te pran desizyon fè rad ak fèy fig mete sou yo pou kouvri peche yo ak lawont yo. Bondye ki tèlman bon fè rad ak po bêt mete sou yo pou ranplase fèy sa yo.

Jenèz 3:7, 21



### a. Li Jenèz 3:7 epi aprè Jenèz 3:21.

*La, ou dwe mande etidyan ou yo pou yo fè yon konparezon ant de (2) kalite rad ke Adan ak Èv te mete sou yo aprè yo te fin peche e yo te vin wè ke yo te tou touni. Pou kounya, eseye idantifye de (2) kalite rad sa yo. Bon, n-a gentan pale sou sa a.*

### b. Chache epi jwenn de diferans ant jan Adan ak Èv te abiye nan vèsè 7 la, e jan yo te abiye nan vèsè 21 an. Sijesyon: kilès ki te fè rad yo? Ki kalite rad yo te resevwa?

1. Yo te fè yon premyè rad pou te mete sou yo ak fèy (v.7).  
Nan vèsè 21, se Bondye menm ki te fè rad ak po bêt pou abiye Adan ak Èv.
2. Rad Adan ak Èv te fè yo, se te avèk fèy fig frans yo te fèt. Yo te frajil anpil e tou yo pa-t dire pou lontan. Men, Bondye menm te koud rad ak po bêt pou abiye yo, men ki pa-t frajil, ki te djanm epi ki te dire pi lontan.

### c. Vrè oswa pa vre? Lè nou konsidere tout sa Bondye fè pou yo, li sanble Adan ak Èv pa te janm retounen nan menm eta yo te ye a anvan yo te dezobeyi Bondye.

*Gen yon bagay ke ou dwe wè la tou, Bondye pa-t di ke Li pa dokò ak lide pou mesye dam yo fè rad mete sou yo aprè yo te fin peche kont Li. Angiz de sa, Li te pran desizyon fè yon pi bon kalite rad ki ka dire pi lontan pou yo te mete. Paske Bondye te konnen ke yo te pèdi inosans yo pou toutan.*

### d. Vrè oswa pa vre? Li sanble peche Adan ak Èv te egzije lanmò inosan pou rad pou yo. Bondye mete yo deyò nan jaden an.

*Bon, tèks la pa janm di Bondye te touye youn oubyen plizyè zannimo konsa pou Li te ka gen ase po pou fè rad pou Adan ak Èv. Menm jan Bondye te kreye zannimo yo san Li pa-t itilize anyen, konsa tou, li te ka fè po vini san li pa itilize anyen.*

*Men, sa ki enpòtan ke nou dwè konnen gen zannimo ki te mouri nan sa-k te rive a:*

1. Se Adan ak Èv ki te vini avèk lide pou yo mete rad sou yo. Donk, pèdi yo te pèdi inosans yo a se te youn nan rezulta peche yo te komèt la.
2. Bondye te deja di yo chatiman k-ap tan yo si yo dezobeyi ak kòmandman Li, se pa-t lòt bagay se lanmò.
3. Lanmò yon zannimo ki pa konnen anyen ta dwe yon lesyon ki tris anpil pou fè Adan ak Èv sonje gwozè konsekans peche a genyen sou lòt kreyati Bondye yo.

*Èske ou ka imajine kijan eksperyans sa a te boulvèse Adan ak Èv — yon zannimo ki pa konnen anyen ki peye konsekans vye chwa mesyedam yo te fè? Kidonk, lawont ak kilpablite se te rezulta peche yo, men se te zannimo san defo ki te mouri, san koule pou te ka kouvri peche yo!*

### Kijan yo dekri Bondye nan evènman (paj 14-15)

Sonje byen objektif ekzèsis sa se ede elèv yo aprann konnen kilès Bondye ye, sa Li fè, ak sa Li ap kontinye fè, atravè tout lekti ak etid biblik yo.

## Yo mete yo deyò nan jaden Edenn nan

**Dezobeyisans Adan ak Èv la te fè yo pèdi  
privilèj pou yo viv nan yon bèle jaden kote  
Bondye te mete yo. Bondye te mete yo deyò  
nan jaden an.**

Jenèz 3:22-24



### a. Li premye fraz liv Jenèz 3:22.

*Apre sa, Senyè a, Bondye a, di : « Kounyeya, Adan vin konnen sa ki byen ak sa ki mal tankou youn nan nou...»*

**Nòt:** Konnen byen sa se yon revizyon sou tout sa ki di déjà nan ansèyman nou te bay anplis sou senkyèm evènman. Tanpri, reli seksyon senk la.

*Menm si sa ta parèt tankou yon repetisyon sou sa-k te di déjà nan senkyèm evènman, li enpòtan pou ou ta repase sou li ak etidayan yo. Nan senkyèm evènman, li te parèt tankou yon enfòmasyon ki opsyonèl, elèv ou yo tou ka pa-t konnen sa a.*

### **Vrè oswa pa vre? Paske yo temanje donn pye bwa Bondye te defann yo manje a, Adan ak Èv vin konnen bagay ki mal pa mwayen eksperyans yo menm yo fè.**

*Anvan menm yo te manje fwi yo pa-t dwe manje a, Adan ak Èv te konnen sa ki «byen» sou plan entèlektyèl. Zafè mal la yo pa-t konnen-l ditou, sou plan entèlekstyèl oubyen atravè eksperyans.*

*Men, apre yo te fin dezobeyi lòd Bondye, yo pa-t konnen sa ki byen sèlman, men yo te vin konnen de (2) kalite mal: yon nouvo konesans entèlektyèl ak yon konesans eksperimental.*

### **Nan ki sans konesans yo genyen an diferan de konesans Bondye genyen sou bagay ki mal?**

Bondye pa-t janmen fè eksperyans ak sa ki mal; Li 100% sen epi li pa gen peche nan Li.  
Men, nan konesans enfini li, Li konnen mal la egziste.

### b. Li finisman vèsè 22 rive jouk nan vèsè 24.

- Verite # 1: vèsè 23 epi vèsè 24 di nou Bondye mete Adan ak Èv deyò nan jaden Edenn nan.

*Konnen sa byen travay Adan pa chanje, men se kote li ap ekzèse-l la ki te chanje.*

- Verite # 2: Dezyèm pati vèsè 22 di nou poukisa Bondye te mete yo deyò.

*Li dezyèm pati vèsè a apre sa ale nan pwen (c) paske se la ou pral pale sou dezyèm pati vèsè 22 a.*

### c. Kesyon ki gen rapò ak Adan e Èv yo te mete deyò nan jaden Edenn nan:

- Èske se te yon zak jijman Bondye?

**Eksplike.** Bib la pa di nou egzakteman ke Bondye kondi yo mete deyò jaden an paske yo te peche, men paske yo deyò nan bèle jaden sa a se te yon nan konsekans peche yo a ki pa-t gen reparasyon, yo te pèdi benediksyon sa a. Kidonk, Bondye te aplike konsekans sa a pou yo. Jijman Bondye se te mete yo deyò nan jaden an.

- Èske tou nan yon mannyè se te yon zak Bondye poze pou fè yo gras?

**Eksplike.** Retounen an dezyèm pati vèsè 22 a epi reli-l : « nou p-ap kite-l lonje men-l keyi fwi pyebwa ki bay lavi a pou-l manje-l, pou-l pa viv pou tou tan.»

Rezon prensipal kifè Bondye te mete Adan ak Èv deyò nan jaden Edenn nan, se pou yo pa-t keyi nan pyebwa ki bay lavi a. Enbyen, sa se te yon gwo benediksyon ki te bon pou yo.

1. Sonje byen ke te gen de (2) «pyebwa patikilye» nan jaden Edenn nan, yonn ki te rele pyebwa konesans byen ak mal, epi lòt la pyebwa lavi a.
2. Nou pa konnen twòp bagay sou pyebwa lavi a, men vèsè 22 fè nou konnen ke si Adan ak Èv te manje na fwi sa a yo t-ap viv pou toutan.
3. Bon kisa sa t-ap fè pou yo? Se ta pral problèm nèt, paske yo t-a pral viv pou toutan nan peche nèt.
4. Kòm pechè, lè Bondye pa kite yo manyen pyebwa ki bay lavi a, Bondye mete yo deyò nan jaden, tou sa se te pou byen yo.
5. Menm si lanmò se te youn nan chatiman ki pi di ki te tonbe sou Adan ak Èv, se te meyè opsyon pou yo te mouri, ke yo te viv pou toutan nan peche a.
6. Kounya li vèsè 24 nan chapit la ak panse sa a.
7. Sa ki pi bèl, nou pral wè pita nan Istwa Esperans la, meyè esperans lòm genyen li vini aprè lanmò, esperans la pa rete nan tonm nan men li ale pi lwen ke sa.

10

## Kokenchenn Inondasyon an

Pandan tou tan, moun te vin ogmante. Moun te vin tèlman mechan, Bondye te detwi latè ak tout moun ladan li pa mwayer yon inondasyon. Sèl Noye ak fanmi li ki te gen krent pou Bondye te sove. Jenèz 6:5-8:22



### a. Li Jenèz 6:5-7 epi 11-12.

**Poukisa Bondye te voye yon gwo inondasyon konsa ki fè kokenchenn dega sa a?**

Se te yon sèl fanmi ki te gen krentif pou Bondye pamit tout moun ki t-ap viv nan tan sa a, apre sa tout moun nèt te vire do yo bay Bondye kreyatè a, yo te pito pran chimen pa yo nan fè tout kalite mal ak mechanste.

Kòm Bondye se yon Bondye ki sen li pa ka tolere peche, se sa-k Li te revòlte kont lèzòm nan tan sa a, latè te tèlman pouri ak mechanste bagay Bondye te regrèt anpil, nan jan lòm t-ap viv ak aksyon yo t-ap poze sou latè.

Kòm se Bondye ki te kreye lèzòm, Li gen otorite pou Li mete fen nan mechanste ak krim yo, epi pini tout moun k-ap fè sa ki mal.

Kòm jij ki pa nan patipri ak pèsòn li te kreye, se sa ki dwat ak sa ki jis Bondye fè san manke yon yota. Lòm te vin pa kwè nan Bondye, yo te dezobeyi kòmandman li yo, e aprè kèk tan jijman Bondye te tonbe sou jenerasyon konronpi sa a.

**Ki kalite pwoblèm ki te genyen ki fè Bondye aji konsa?**

*Ou ka di elèv ou yo pou yo fè yon ti wonn oubyen pase yon trè nan Bib la anba tout mo ak fraz ki moutre kijan sitiayson an te dejenere. Oubyen tou ou ka mande yo pou yo di-w yo. Men kèk repons ou ka jwenn e ki ka entèresan:*

«Tou patou sou latè lèzòm te mechan»

«Tout lajounen se move lide ase ki nan tèt yo»

«Se te koripsyon sou tout tè a»

«Tou patou sou latè se te mechanste sou mechanste»

«Laté fin pouri, tout moun sou latè te fin pèvèti»

### b. Li Jenèz 6:8-10 epi 7:1.

**Nan ki sans Noye pa t' menm ak tout lòt moun ki t-ap viv nan menm epòk ak li?**

Noye se te yon nonm entèg, sa vle di li te fè tout efò pou li fè sa ki dwat.

Li te « sèl moun ki t-ap mache dwat devan Bondye nan tan sa a. » sa pa vle di ke li te san peche. Sèlman lè li fè sa ki mal li aksepte li epi li pran responsabilite pou konfese.

**Daprè ou, sa sa vle di: «Noye te mache dwat devan Bondye»?**

Noye te viv jan Bondye te mande pou moun viv. Li te devlope yon relasyon zanmitay e pèsonèl ak Bondye, epi li te konn pale ak Bondye toutan nan lapriyè.

**c. Li Jenèz 6:5—8:22. Si nou pran istwa a nan sans mo yo ekri a, li sanble gwo inondasyon sa a te pase:**

Yon kote sou latè?

## ☒ Sou tout latè?

*Menm si inondasyon an te pase kote nou ye la oubyen sou tout tè a, nan Istwa Esperans la li pa vrèman enpòtan. Anpil moun ki etidye Bib la fè konnen evènman sa a te rive yon kote ke tout moun sou tè a t-ap viv nan menm epòk la.*

*Pa kite sijè sa a mete yon fen nan istwa. Sa-w ka fè, si ou ta wè elèv yo entèrese ak sijè a, ou kapab ba yo yon fèy papye ki separe an de (2) kolòn:*

Inondasyon lokal	Inondasyon sou tout latè

*Epi mande yo, pou yo li Jenèz 6-8, pran nòt vèsè yo li yo ki pale sou inondasyon, sou aspè lokal oubyen sou tout latè.*

### d. Li Jenèz 6:15. Konbyen gwo batiman an te mezire nan longè, nan lajè ak nan wotè?

Batiman te mezire 138 mèt longè (450 pye), 23 mèt lagè (75 pye) ak 13.5 mèt nan wotè (45 pye). Li te gen yon kapasite 40,000 mèt kib (1,400,000 pye kib) ki egal anviron 522 wagon pou bêt yo.

*Bon, enfòmasyon sa yo kapab itil si etidyan yo vle konnen kapasite batiman te genyen ak tout bêt ki te ladann. Ou ka pote presizyon sa tou, se te yon pè nan chak bêt ki te moute nan lach la. Eksplike yo tou kèk nan bêt sa yo te jèn yo pa-t ankò vye.*

### e. Kisa istwa sa a fè nou konnen sou:

- **Tout moun?**

Bondye sen; li te pini lèzòm pou peche yo.

Bondye pa nan patipri lè l-ap jije.

Bondye pran anpil pasyans epi gras li toujou disponib anvan li jije.

Se Bondye ki te sove yo pou yo pa peri. Se Bondye ki te fè Noye konnen pral gen yon gwo delij, se li menm ki te bay Noye lòd pou konswi lach la, pou fini se Bondye ki te fèmen pòt lach la lè lapli te kòmanse tonbe.

- **Bondye?**

Ni fanm ni gason te kouvari ak peche epi yo te gen tout vye vis. Yo dezobeyi lalwa Bondye yo. Men tou yo te gen posibilité pou yo te chwazi renmen Bondye e fè sa Li mande, menm jan nou wè Noye te fè sa a, li te mache dwat devan Bondye.

## Pwomès Bondye te fè Abraram yo

Plizyè lanne apre gwo inondasyon an, Bondye te rele Abraram pou li fè li tounen papa yon gwo peyi, se pa mwayen li tout pèp sou latè ta va resvwa yon benediksyon espirityèl espesyal.

Jenèz 11:31—12:7



*Fè atansyon pou etidyan yo pa konfonn non « Abram » ak « Abraam » Li te rele Abram anvan, men Bondye te chanje non-l li te rele-l « Abraam ».*

### a. Li Jenèz 11:31-32 epi gade kote ou wè Our nan Kalde, Karan epi Kanaran sou kat jewografi a nan paj 8 ak 9 la.

1. Eksplike poukisa Terak (papa Abraam) te swiv wout sa a. Gwo espas vèt nan kat la konn tout-jou rele kwasan fetil Terak se te yon nonm rich, li te gen anpil twoupo, gwo ak ti betay. Zòn sa a nou rele dezè Arabi jodiya te ka difisil e menm emposib pou travèse avèk tout bêt sa yo pou ba yo manje ak dlo chak jou. Wout Kwasan fetil la te gen manje ak dlo pou tout fanmi Terak, pou sèvitè li yo ak zanimo yo.

*Nòt : Our te gen yon distans 100 km bò kote sid Karan.*

*Se t-ap yon bon moman nan etid la pou fè yon etid kote nou ap konpare paj 8 ak 9 ak kat nou gen kounya. Chache peyi ki nan Kwasan fètil kounya.*

2. Yo te konnen vil Our ak Karan paske yo te konn sèvi zidòl e yo te konn adore lalin. Lè Terak ki se papa Abram te pral mouri, yo te wè m-sye kòm yon moun k-ap adore lalin. Malersezman, genlè se pou bagay sa a, Bondye pa-t kite Abraam antre nan Kanaran anvan lanmò papa-l.

### b. Li Jenèz 12:1-3.

**Nan finisman vèsè3 a, gen ladan li yon pwomès espesyal pou nou pa blyie. Bondye te pwom-èt plizyè fwa l' ap beni tout fanmi sou latè pa mwayen Abraram. Pwomès sa a trè enpòtan. Kòman li ta pral akompli? Pou nou jwenn repons kesyon sa a, pran pasyans pou nou wè jan Istwa Esperans la ap dewoule.**

*Pou kounya, pa eksplike tout sa ou konnen sou sijè sa a. Fòk ou sèten ke ou te mansyone pwen sa a konsa etidyan yo ap sonje-l lè yo rive nan leson (evènman) ki vini aprè yo.*

### c. Li Jenèz 12:4-7. Ki te lòt pwomès Bondye te bay Abraram nan vèsè 7 la?

Nan vèsè 7 la, Bondye te fè Abraam pwomès sa a : «m-ap bay pitit pitit ou yo peyi sa a (Kanan) ». Men te gen yon gwo anpechman – pèp Kananeyen an t-ap viv sou teritwa sa a. Fè etidyan yo konnen kòman pi devan yo pral wè jan Bondye te rezoud pwoblèm nan.

## 12 Sakrifis Izarak la

Bondye pase lafwa Abraram anba eprèv lè li mande li sakrifye pwòp pitit li Izarak, se pa mwayen li benediksyon an gen pou rive. Nan dènye minit, Bondye bay yon bêt pou ranplase Izarak.

Jenèz 22:1-18



### a. Li Jenèz 22:1-14. Nou oblige poze tèt nou de kesyon:

- Poukisa Bondye te mande Abraram pou li sakrifye pwòp pitit gason li?
- Poukisa Abraram te obeyi yon lòd konsa yo pa konn abitye bay?

### b. Repons kesyon sa yo gen rapò ak konfyans Abraram gen nan Bondye sou bagay li te kapab fè, e bagay li te pral fè pou li...

*Pou yon moun ki pa abitye ak Bib la, li ka wè sa parèt dwòl anpil, moun sa a ka menm di Bondye te fè Abraam yon gwo ekzijans. Fè etidyan yo konnen y-ap pi konprann le y-ap kontinye etid la nan pwochèn lesion an. Fè yo konnen tou Bondye te déjà konnen sak ta pral rive anvan menm li te mete fen nan sitiyasyon an.*

- Li ankò vèsè 5 la.

*Poze kesyon sa a: nan vèsè 5 la «Kilès ki te vin bò kote Abraam le li t-ap pale ak sèvitè li yo?» Gade sa li di «mwen menm ak jenomn nan pral anwo pou nou adore, e n-ap retounen vin jwenn nou ».*

### Aprè, li Ebre 11:17-19.

*Fè ti remak sa a, vèsè sa yo ki preske nan dènye pati nan Bib la, sa gen anviwon 2000 ane depi yo te ekri aprè evènman ke nou t-ap etidye nan Jenèz 22 a. Yo bay kèk limyè sou sa Abraam te panse lè li te mete Izarak sou lotèl la.*

### Kisa Abraram te kwè Bondye te kapab fè?

Li te kwè Bondye se yon Bondye ki bon epi ki plen ak pouvwa. Li te kwè si Izarak te mourir sou lotèl la Bondye te kapab fè-l leve soti nan lanmo.

- Li ankò Jenèz 22:7-14. Kouman Abraram te moutre li te gen lafwa nan okazyon sa a?

Bondye te bloke sakrifis la li te voye yon belye mouton pou Abraam te sakrifye nan plas Izarak.

*Eksplike yo, abitid touye yon zannimo ki inonsan pou fè sakrifis nan plas yon fanm oubyen yon gason se te yon bagay tout moun te konnen, epi nan Bib la li enpòtan. Di etidyan ou yo pa-p gen twòp kesyon nan lòt sijè oubyen evènman ka-p vini yo.*

### c. Li Jenèz 22:15-18.

#### Ki pwomès ou wè nan vèsè 18 la?

Bondye te pwomèt ke tout nasyon sou latè ap beni gras ak branch fanmi Abraam.

#### Ki diferans tou piti ki genyen ant pwomès sa a epi pwomès nou wè nan chapit 12:3?

Siy: Konpare «gremesi ou» avèk «gremesi tout pitit ou yo».

Nan Jenèz 12:3, Bondye di Abraam ke tout pèp sou latè pral beni atravè limenm. Men, nan dènye pwomès ke nou jwenn nan 22:18 Bondye endike ke se pa Abraam kap jwi bendediksyon sa yo pandan li vivan, men se lòt nasyon, lot pèp yo. Benediksyon espesyal sa a ap soti nan yon pati nan branch fanmi Abraam oswa nan yon moun ki te fè pati fanmi sa a.

*Diskisyon: Ou pa kwè Abraam te dwe chache konnen kisa benediksyon sa te ye epi kòman li t-ap reyalize?*

**d. Pi ta, Izarak te gen yon ptit gason ki te rele Jakòb, Bondye te chanje non sa a, li te vin rele Jakòb, Izrayèl.**

*Kòm nou pa-p gen tan pou nou li pasaj ki pale sou lavi Jakòb yo, pran yon titan pou fè yon ti pase sou rès lavi Izarak epi kòman Jakòb te vin ptit ke Bondye te chwazi a, se nan ptit sa bendediksyon lèzòm t-ap soti. Eksplike kòman Bondye te chanje kè Jakòb ak non li, ki te vle di twonpè, epi Li rele-l Izrayèl (ki vle di moun kap lite avèk Bondye).*

**Izrayèl te gen douz ptit gason anvan li te mouri, ki pwomès Izrayèl te fè ptit gason li Jida daprè premye mwatye liv Jenèz 49:10?**

*Mande etidyan yo si yo pa genyen yon lide sou sa Bondye t-ap di a. Kounya chita sou repons li a.*

Bondye te fè konnen ke baton kòmadman (ki se yon senbòl pouvwa yon moun ki wa) ap rete nan mitan branch fanmi Jida epi yon chèf lalwa ap soti nan Jida. Nan dènye fraz la Bondye ta vle di « pèp li a » oswa « Nasyon an » ap genyen wa sou tèt yo, ak sila kap fè lalwa yo.

*Pa fè twòp komantè sou pwen sa a, men mande etidyan yo pou yo sonje pwomès sa a. Pwomès sa a ap repete ankò nan kèk nan dènye evènman yo.*

### Kwonolojik Istwa Biblik

**Kijan yo dekri Bondye nan evènman** 9 10 11 12 ? (pag 16-17)

## Bondye rele Moyiz pou li dirije pèp la

Aprè tout ptit ptit Abraram yo te vin esklav nan peyi Lejip, Bondye te rele Moyiz pou li te fè yo soti nan Lejip pou li te mennen yo nan Kanaran, peyi Bondye te pwomèt Abraram anvan sa. Egzòd 1:1-14; Egzòd 3:1-17



**a. Bondye te mèt sitiyasyon yo, poutèt Jozèf, ptit gason Izrayèl la, te kapab vin gwo chèè nan peyi Lejip. Lè bagay yo fèt konsa, li te prepare chemen an pou rès fanmi Izrayèl te kapab rete nan peyi sa.**

*Pa bay twòp detay, men pran yon ti tan pou fè yon ti pase sou istwa lavi Jozèf. Rakonte tout mizè li te pase jiskaske li te vin chèf nan peyi Lejip.*

**b. Li Egzòd 1:1-7. Kouman vèsè 7 la moutre ptit Izrayèl yo te peple?**

« Ptit Izrayèl yo te fè anpil piti, yo t-ap vin piplis epi pi pwisan. Peysi a te vin plen ak Izrayelit » (Egzòd 1:7)

*Make tout 5 fason ke moun ki ekri liv Egzòd la itilize pou trase kwasans gwoup moun peyi Izrayèl yo pandan ke yo te nan peyi Lejip la. Ejipsyen te santi yo te toumante pou jan Izrayelit yo t-ap ogmante nan peyi a chak jou ki pase.*

**c. Li Egzòd 1:8-14. Kisa ki te vin rive aprè yon lòt Farawon, wa peyi Lejip te moute sou pou-vwa a ki pa te sonje Jozèf, ki pa sonje tou pwomès yo te fè ptit Izraèl yo lontan anvan sa?**

Nan yon tantativ ki pa-t reyisi, Ejipsyen yo t-ap eseye pou yo te diminye kwasans Izrayelit yo, pandan yo t-ap fè yo fè travay fòse.

**d. Li Egzòd 3:1-10.**

**Ki travay Bondye te vle bay Moyiz fè?**

Bondye te vle pou Moyiz retire pèp Izrayèl nan peyi Lejip. Menm si Moyiz te yon Izrayelit li te pase 40 tan deyò, se sèl limenm ki te gen kapasite pou retire pèp la nan sitiyasyon yo te ye a, li te gen plis konesans pase tout lòt Izrayelit nan menm jenerasyon ak li.

*Nòt: Ou ka fè yon ti pale sou lavi Moyiz, kòmanse depi lè li te fèt rive kote Bondye te rele li pou li al fè pèp Izrayèl la soti nan peyi Lejip.*

**Ki relasyon espesyal Bondye te vle genyen ak pèp Jwif la?**

Vèsè 6 : Bodye te di li se «Bondye papa yo, Bondye Abraam nan, Izarak ak Jakob la (Izrayèl)». Vèsè 10 : Bondye te di moun Izrayèl yo oswa ptit Izrayél yo se pèp li.

*Nòt: « Pèp oubyen ptit Izrayél se moun ki soti nan branch fanmi Izrayél ki te rele Jakòb.»*

**e. Li Egzòd 3:11-17.**

**Kisa Moyiz te dwe di si pèp Jwif la te mande li kouman yo rele sila a ki te voye li a?**

- Daprè vèsè 14 la?

Bondye di Moyiz pou li di yo konsa **mwen menm ki rele sam ye a**, se mwen menm ki voye ou bò kote yo.

*Mande etidyan yo, kisa yo panse de Bondye ki di li se mwen menm ki rele sam Ye a.*

*Yon etidyan ki te swiv kou sa a reponn se non pa-l li ye « Bondye paka lòt ke sa » men yon lòt repons, Bondye pa ka lòt ke sa li ye a nan mo ki gen rapò ak etid egzistans Bondye, nou rele sa, pwòp kreyate tèt Li.*

- Daprè vèsè 15 la?

Bondye te di Moyiz ankò pou-l di Izrayelit yo, Bondye zansèt nou yo, Bondye Abraam nan, Bondye Izarak ak Bondyeye Jakòb la voye-m bò kote nou.

*Non Bondye soti nan lang ebre Yawe, oswa JEWOVA, ki vle di menm bagay « Mwen se sa-m ye a. » Se non pa Bondye. Pandan etid nou nan Bib la, n-ap aprann te gen anpil fo dye, te genyen kite rele baal, men « Seye Bondye oswa Bondye », se non sila ki se vrè DYE a sila ki te kreye syèl la ak tè a, Bondye Bib la!*

## Malè yo epi fèt Pak la

Pou Bondye bay pèp Jwif la libète, Bondye voye anpil malè nan peyi Lejip. Dènye malè a se te lanmò tout premye pitit gason moun peyi Lejip yo, men Bondye te pwoteje sila yo ki te gen lafwa nan Bondye ki te obeyi lòd li yo.

Egzòd 12:1-13, 21-23



**a. Pou moutre pisans sou fo dye ejipsyen yo e pran tèt Farawon pou li kapab bay pèp Jwif la libète, Bondye lage plizyè malè tèrib sou peyi Lejip, dizyèm nan ki se dènye malè a, se te lanmò tout premye mal zannimo ak moun yo te fè.**

*Fè yon rezime sou pawòl ak repons farawon ak moyiz t-ap di yo epi sou nèf (9) malè ki te fè farawon pa-t vle libere pèp izrayèl la nan esklavaj nan peyi Lejip. Eksplike batay ki t-ap mennen an ant fo dye ejipsyen yo ak Bondye ki se Bondye tout bon an, Dye Izrayelit yo Li menm nou jwenn nan Bib la.*

*Pou nou fè yon bon pase sou siyifikasyon teyolojik konfli sa a ak malè sa yo, an nou li Unit VII (“Moses Leads Israel”) (Moyiz ap dirije Izrayèl) nan kou sou istwa ansyen kontra ke Dr. David Brooks ekri.*

**b. Li Egzòd 12:1-13, 21-23.**

- Ki kalite zannimo yo te dwe sakrifye a, te dwe genyen? Gade vèsè 5.

«Li ta dwe yon ti mouton san defo, yon mal ki gen yon lane. Nou ka pran yon ti mouton oswa yon bouk kabrit. » (Vèsè 5)

- **Kisa Jwif yo te fè ak san bét sa a? Gade vèsè 7 epi 22.**

Yo ta dwe pran anpe nan san bét la ak yon pake fèy izòp tankou yon bwòs, pou yo ka pase san nan 3 kote sou pòt la: 1. nan poto ki agoch la, 2. sou poto ki adwat la, 3. sou lento pòt kay la kote yo pral manje vyann ti mouton an.

*Pou kèk etidyan labib, yo ka vle eksplike san sa a ki te pase sou 3 kote pòt la senbolize lakwa. Pa pale sou sa a pou kounya.*

- **Ki siy yo ta dwe fè lè Bondye t'ap pase anlè kay yo? Gade vèsè 12, 13, epi 23.**

Lè Bondye te pase nan peyi Lejip nan nwit sa a Li pa pase nan kay kote yo te pase san ti mouton san defo a. Li annik pase li pa fè okenn male nan kay sa a.

*Lè yon moun te pase san sa a sou pòt kay li jan Bondye te mande sa, ebyen sa montre mèt kay sa a te gen lafwa nan Bondye.*

*La gen yon bèl kesyon ki ka poze : «Lè yon moun te pase san sa a sou pòt kay li jan Bondye te mande sa, sou anpil sijè ki pale sou Bondye, nan kilès moun sa a li kwè ? »*

Men kèk repons:

1. *Se Bondye ki se vrè Bondye a.*
2. *Li bay tout moun okazyon pou yo pa tonbe anba jijman.*
3. *Li fidèl nan pwomès li, se sa ki fè moun ka kwè nan pawòl Li.*
4. *L-ap pwoteje sila yo ki kwè nan Li.*

5. *Li se Bondye ki gen tout pouvwa, epi Li gen plis pisans pase lòt ti dye nan peyi Lejip yo.*

- **Bondye te mete yon fèt pou li fè Jwif yo sonje, li te delivre yo nan lanmò pandan okazyon sa a, kouman fèt sa a, yo te dwe selebre a rele? Gade vèsè 27 la.**

Bondye te di se pou yo fè pèp Izrayèl la konnen gran fèt sa a «se sakrifis fèt pak la pou pèp la bay Bondye lonè» Depi jounen jodiya tout moun k-ap soti nan ras fanmi Izrayèl yo dwe fete fèt sa a chak ane.

## Pèp Jwif la Kite Lejip

Moyiz te fè pèp Jwif la soti nan peyi Lejip, aprè li te separe dlo lanmè wouj la an de pou yo te kapab kontinye ale nan Kanaran, peyi Bondye te pwomèt yo a.

Egzòd 14:1-31



### a. Li Egzòd 14:1-12.

**Poukisa anvan, pèp la te ankouraje (vèsè 8) epi aprè yo te vin pè (vèsè 10)?**

Lè pèp Izrayèl la te wè farawon ak lame a dèyè yo, yo te pèdi fòs, yo te vin pè.

### b. Daprè Egzòd 14: 1, 2, 9, ki kote pèp Jwif la te fè kan yo?

Yo te kanpe nan mitan Migdòl epi lamè wouj, devan pi Hahiroth, an fas Baal Tsephon.

### Chache kote sa a sou kat la nan paj 8 la.

*La pa gen moun ki konnen byen kibò kote sa yo ye, men pi Hahiroth te sanble kote yo moutre nou sou kat la nan paj 8 nan liv Istwa Esperans la.*

### c. Li Egzòd 14:13-14.

**Ki pawòl Moyiz te di pou moutre li gen lafwa nan Bondye?**

Moyiz te mete tout konfyans li nan Bondye, Li menm ki te fè yo rive nan pwen pou yo te ka delivre anba men Ejipsyen yo. Li te kwè ak tout kè li «se pou dènye fwa y-ap wè Ejipsyen sa yo.»

### d. Etan nou ap li vèsè 15-31, chache pou pi piti twa gran mirak Bondye te fè pou pèmèt Jwif yo chape anba men Ejipsyen yo epi pati kite peyi Lejip.

**Kisa nou panse de mirak sa yo.**

1. *Nyaj ki te devan yo a chanje plas, li pase dèyè yo, li rete ant moun peyi Lejip yo ak moun peyi Izrayèl yo. Nyaj la te tou nwa nan bò Ejipsyen yo. Sou lòt bò Izrayelit yo li t-ap klere. (Konsa lame yo pa-t ka pwoche youn sou lòt) nyaj la te anpeche moun peyi Lejip yo pwoche bò kote pèp Izrayèl la.*
2. *Bondye te fann lanmè wouj la an de (2) moso, Li fè lanmè a tounen yon tè sèch pou pèp Izrayèl la te sove tèt yo anba men moun peyi lejip yo.*
3. *Lè Ejipsyen yo te nan mitan lanmè wouj la, Bondye fèmen dlo a sou yo tout moun ki t-ap swiv pèp Izrayèl la te mouri nan dlo a.*

## Dis Kòmandman yo

**Nan dezè a kote ki sitiye ant Lejip e Kanaran,  
Bondye ki trè sen, te bay Jwif yo yon bann  
Iwa ki moutre jan li rayi anpil bagay nou rele  
peche a.**

Egzòd 20:1-17



**a. Bondye te bay pèp Jwif la anpil Iwa, men manman tout Iwa sa yo , nou jwenn yo nan sa nou rele jeneralman «Dis Kòmandman yo».**

**Li Egzòd 20:1-17 epi chache dis kòmandman sa yo.**

1è (vèsè 3): Pinga nou gen lòt Bondye ke mwen menm sèlman.

*Piske Bondye se mèt nou, se pou Li nou ye epi se sèl li menm ki fèt pou-l jwenn adorasyon nou. Okenn lòt bagay pa dwe depase Senyè Bondye nou an.*

*Si nan lavi nou, nou bay yon bagay plis enpòtans pase Bondye, nou vyole premye kòmandman.*

2è (vèsè 4-6): Pinga nou janm fè okenn estati ni okenn pòtre, pa mete ajenou devan yo, epi pa adore yo ni pinga nou sèvi yo.

*Dezyèm kòmandman sanble ak premye kòmandman, men li diferan. Daprè premye kòmandman, nou konnen li pa bon pou nou fè okenn estati epi adore-l tankou fo dye. Men kòmandman sa pi laj ke li. Li pa bon pou nou fè estati ditou, menm si nou ta pretann ke n-ap sèvi ak imaj sa a pou adore vrè Dye a, Senyè Bondye la Bib la se yon èt espirityèl ki pa ka konpare ak yon imaj moun fè ak men.*

*Si nou fè yon imaj tankou yon moun epi nou fè-l sèvi dye pou nou adore, nou vyole 2èm kòmandman.*

3èm (vèsè 7): Pinga nou sèvi mal ak non Senyè Bondye nou an.

*«Pran non Bondye an ven» se itilize-l pou jwèt, yon fason ki pa moutre sa li ye.*

*Si nou aji konsa nou vyole 3èm kòmandman.*

4èm (vèsè 8-11): Toujou sonje jou repo a pou nou mete-l apa pou Senyè a.

*Nan fen semèn kreyasyon an (evènman 2, nan paj 12, Bib la di nou ke Bondye bay tèt li repo nan setyèm jou a (Jenèz 2:1-3) Bondye pa bay tèt li repo paske-l te fatige, Bondye nou an ki gen tout pouvwa pa janm fatige. Bondye te bay tèt li repo jou sa a yon fason pou-l te bay lezòm yon ekzanp. Bondye fè nou yon fason pou nou ka repoze nou chak moman. Nan premye pati Bib la, Bondye te gen yon plan pou pèp Izrayèl la kote-l te mande yo pou repoze epi konsantre sou travay Bondye lè 7èm jou yo rele jou repo a rive (sabbat).*

*Menm si plan Bondye genyen pou nou an gen yon ti chanjman nan nouvo kontra, Bondye toujou renmen pou nou pa fini ak fòs nou san nou pa pran yon tan pou nou repoze nou.*

*Si nou fè tankou nou pa konnen prensip Bondye yo sou repo a, nou vyole yon woutin ki enpòtan Bondye te mete depi lontan pou lavi nou.*

5èm (vèsè12): Respekté manman nou ak papa nou.

*Pouvwa Bondye bay paran yo sou ptit yo, se yon prensip ki enpòtan anpil nan fanmi, depi nan tan Adan ak Èv. Ti moun yo se eritye paran yo, Adan ak Èv ki gen nati peche a nan yo menm. Kidonk, tout timoun reziste kèkfwa anba pouvwa sa a yo dezobeyi paran yo.*

*Konsa, kòm timoun lè nou dezobeyi paran nou yo, nou vyole 5èm kòmandamn.*

6èm (vèsè13): Pinga nou touye moun.

*Mo ebre ki nan pasaj yo jwenn mo touye oubyen asasinou aprannou nou yon lanmò ki planifye, epi ki pa anpeche*

pou nou touye si n-ap defann tèt nou.

Sa ki bon nan kesyon pa touye a, li fasil pou konprann lè nou sonje Bondye fè lòm ak «imaj Li.» Konsa, touye se yon atak kont Bondye menm.

Nòt: Li t-ap bon pou nou evite diskisyon sou lagè sou pwen sa a, penn kapital eksétera. Se yon pakèt bon kesyon nou ka note pou nou trete aprè. Men nan pwen sa a, twòp diskisyon ka fè nou pèdi fil etid la.

Nan nouvo kontra, nou aprann ke rayisab se menm jan ak touye moun.

Lè lèzòm aji daprè santiman peche yo retire lavi lòt moun, yo vyole 6èm kòmandman.

### 7èm (vèsè14): Pinga nou fè adiltè.

Nan Bib la, yo pale sou plizyè peche seksyèl, epi yo tout konsidere byen klè kòmsi ou brize kòmandman Bondye. Nan kòmandman sa a Bondye mete aksan sou peche adiltè a, se lè yon moun ki marye kouche avèk yon lòt fi ki pa madanm li ou byen mari li.

Nan yon pati nan Bib la, nou aprann ke se yon vyolasyon kont lwa Bondye a lè nou anvi kouche avèk yon moun ki pa madanm ou, menm si ou pa rive fè sa vre.

Lè yon moun kouche ak yon moun li pa marye li vyole 7èm kòmandman.

### 8èm (vèsè15): Pinga nou pran sa ki pa pou nou.

Bondye etabli byen klè nan Bib la ke afè pèsonèl moun dwe respekte.

Lè nou pran yon bagay ki pa pou nou, nou vyole 8èm kòmandman.

### 9èm (vèsè16): Pinga nou bay manti sou frè parèy nou.

Prensip kòmandman sa senp: pinga nou malonèt, pa bay manti.

Chak fwa nou pale yon fason ki pa byen, devan moun ou dèyè yo, nou vyole 9èm kòmandman.

### 10èm (vèsè17): Pinga nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou.

Dizyèm kòmandman soti nan 8èm nan, non sèlman li pa bon bon pou pran afè moun, men li pa bon tou pou anvi avèk tout fòs ou sa ki pa pou ou.

Chak fwa nou pote lanvi sou sa ki pa pou nou, nou vyole 10èm Kòmanman.

## b. Kisa kòmandman sa yo moutre konsènan nati ak karaktè Bondye?

Kòmandman sa yo revele nou ke Bondyye sen, li jis, epi li pa nan patipri.

Kòmandman sa yo Senyè a te bay pèp Izrayèl la nan peryòd sa yo pa-t gen parèy.

Sistèm reliyon ki t-ap dirije lòt pèp ki t-ap viv bò kote Izrayelit yo nan tan sa Pa-t tèlman gen bon konprann. Konsa, pèp sa yo te fè tout sa ki pa bon, yo te nan tout vye bagay, adiltè, rebelyon timoun yo, malonèt vole, sèvi ziddòl, touye moun ak anpil lòt vyolans.

Tout bagay sa yo se nan sosyete kote yo refize rekonèt, obeyi, bay Bondye kreyatè a premye plas.

## c. Nan peyi pa ou, yo toujou pase yo anba pye?

*Keson sa ka reponn dapre peyi kote nou ye a, men anpil fwa patisipan yo konn reponn «tout! » Si gen youn oubyen plizyè kòmandam Bondye yo vyole nan peyi kote-w ye a, bay kèk egzanp, fè yon ti detaye repons yo.*

## d. Kisa kòmandman sa yo moutre konsènan nati ak karaktè moun?

Dis kòmandamn sa yo sèvi yon mezi pou tout moun sou latè, epi pou chak moun k-ap viv. Lè nou pran konsyans sou eta lavi nou, sou baz kòmandman Bondye yo, n-ap wè nou tout fè peche nan nivo pa nou.

e. Konbyen kòmandman yon moun dwe pase anba pye pou moutre li fè peche, li koupab?  
**Reflechi sou pwblèm Adan ak Èv la. Gade ankò evènman 5 la, nan paj 14 la.**

Lè Adan ak Èv te dezobeyi kòmandman Bondye te ba yo a, yo te mouri esprityelman sa vle di yo pa-t gen okenn relasyon ak Bondye kreyatè a. Paske Bondye sen, li pa san peche, yon sel dezobeyisans ka fè nou soti nan prezans Bondye.

### Kwonolojik Istwa Biblik

**Kijan yo dekri Bondye nan evènman** ? (paj 18-19)

## Tabènak la nan dezè a

**Bondye te bay Moyiz lòd aprè sa pou li bati yon sanktyè yo kapab transpòte kote jwif yo ta kapab adore Bondye, ofri sakrifis yo epi resevwa padon pou peche yo.**

Egzòd 40:17-34; Levitik 1:1-4, 10



### a. Li Egzòd 40:17-34.

**Konpare sa nou li a avèk desen tabènak la nan paj 10 la.**

Egzòd 40:17-34 fè yon deskripsyon byen kout sou fason yo te ranje materyèl yo ak zouti yo nan tabènak la. De (2) vèso sa yo, yo identifye nan pasja la genlè difisil pou ou?

« Temwanyaj » ki pale nan vèsè 20 an se de (2) plak wòch yo kote dis kòmandman yo ekri. Se temwanyaj Bondye te ekri pou pèp li a. Menn jan vèsè 20 an di, plak wòch sa yo te nan mitan bwat kontra.

« Tab » ki nan vèsè 22 a se te tab yo te konn mete pen. Lotèl ki fèt an lò a se te ti otèl ki devan vwal ki te separe kote ki sen an ak kote ki trè sen an, kote bwat kontra te ye.

Lòt objè yo mansyone nan vèsè sa yo trè fasil pou idantifye sou foto tabènak la.

Tout vèso nan tanp randevou a fasil pou konnen daprè fason yo pale sou tabènak la. Dokiman sa se pou fòmatè yo, se sa-k fè yo dwe kapab eksplike tout pati nan tabènak la.

Gen 16 chapit nan Bib la (Egzòd 25-40) ki sifi pou eksplike tout bagay sou tabènak la. Nou ankouraje-w li ak etidye chapit sa yo pou nou ka byen eksplike etidyan yo tout bagay sou tabènak la.

An gwo gen plis pase 50 chapit nan Bib la ki pale sou deskripsyon tabènak la ak fonksyon li. Konsa, nou ka we plas kote tabènak la te ye a te enpòtan nan tan kote yo t-ap itilize-l la.

Li enpotan anpil tou pou Etid Istwa Esperans la. Se tankou yon lesion sou yon bagay n-ap viv, konsa pou nou eksplike kouman lèzòm (gason ak fanm) ki se pechè kapab jwenn padon pou peche yo.

Pou plis enfomasyon, pou eksplike tout bagay sou tant la nou made-w pou-w al chache sou INTERNET, epi achte dokiman sou tabènak la nan

<http://www.the-tabernacle-place.com/>

### b. Tabènak la se yon kote yo adore, men tou se yon kote yon moun kapab jwenn padon pou peche li, gras ak sakrifis ki ofri bay Bondye tankou (zwazo, bèf, kabrit, mouton.) Bèt la, yo touye li pou san li kapab padone peche moun sa a.

Pi meyè fason nou ka pale sou tabènak la se le nou idantifye anndan kote ki pou Bondye a, epi deyò kote pou moun ki fè peche yo vin mande padon avèk sakrifis yo. Le w-ap fè lesion sa a ak etidyan yo, kòmanse pale yo sou bwat kontra epi tab sakrifis ki kote ki sen an, apre sa pale sou lotèl an bronz la kite te anndan nan miray espas devan tant la.

### Li Levitik 1:1-4 epi 10-14.

**Rezime lòt bagay ki ap vini aprè yo.**

Mete aksan sou vèsè 1-4 epi mande etidyan pou rezime prensip ki nan vèsè sa yo.

Byen pale sou pozisyon men moun nan sou bêt la pou sakrifis la epi, sa ki rive nan moman sa a. Nan je Bondye, peche moun nan tonbe sou bêt la ki inosan, epi li mouri nan plas moun nan pou peche li yo.

### d. Ki resanblans ou wè ant sakrifis ki konn fèt nan tabènak la e sakrifis Bondye te fè pou Adan ak Èv nan evènman 8 paj 15 la?

Sa ki sanble se lanmò bêt inosan yo pou peche lèzòm. Nan de ka sa yo, plan Bondye se te pou lèzòm te kapab jwenn yon benefis.

## 18 Sèpan an kwiv la

**Etan yo nan wout yo pral Kanaran, Jwif yo te rebèl kont Bondye ki te pini yo pa mwayen koulèv ki mòde yo epi anpil te mouri. Men Bondye nan gras li te ba yo yon solisyon nan gwo pwoblèm sa a.**

*Nonb 21:4-9*



### a. Li Resansman 21:4-9 epi identifye chak pati sa yo Istwa a genyen:

*Fè yon ti tounen dèyè pou chak istwa. Eksplike kouman pèp Izrayel la pa-t vle kwè nan Bondye lè yo te nan peyi Kadech Banea (Montre zòn sa a sou kat la nan paj 8), eksplike kouman yo t-ap pwonmennen nan dezè sinayi a pandan 40 tan. Se te pandan peryòd yo t-ap pwonmennen nan dezè a ke sa te pase.*

- **Peche, enkredilite ak rebelyon**

<sup>5</sup> Pèp la t-ap pale Bondye ak Moyiz mal : « poukisa sa ou fè nou soti nan peyi Lejip, pou nou vin mouri nan dezè a, pa menm gen pen ak dlo, epi nou santi soufrans la akoz pa gen manje. »

- **Jijman (lanmò)**

<sup>6</sup>«Bondye voye detwi pèp la ak anpil sèpan anpwazonnen, yo mòde pèp la, anpil moun te mouri nan mitan Izrayelit yo.»

- **Konfesyon (mande padon)**

<sup>7</sup> Pèp la vin bò kote Moyiz yo di-l : « nou peche, piske nou te pale mal kont ou menm ak Bondye. »

- **Priyè pou delivrans**

...« Priye pou Letènèl ka fè sèpan sa yo ale.» Moyiz priye pou pèp la.

- **Solisyon Bondye**

<sup>8</sup> Letènèl di Moyiz fè desen yon sèpan mechan mete li sou yon poto byen wo; nenpòt moun sèpan mòde epi li leve tèt li gade foto sèpan eren an li p-ap mouri

- **Lafwa**

<sup>9</sup> Moyiz fè yon sèpan an eren, li mete-l byen wo sou yon poto, nenpòt moun sèpan mòde epi ki leve tèt li gade sèpan eren an li pa mouri,

- **Lavi**

...moun sa a gen lavi.

### b. Kisa Jwif yo te dwe fè pou yo pa mouri?

Moun sa a dwe konnen sèlman kisa li bezwen, epi ak lafwa gade medikaman Bondye te prepare pou li a pou-l ka geri. Se pa-t yon maji sèpan eren an te ye (sa byen klè nan Bib la). Li te mande lafwa sèlman, se moutre Bondye ke li depann de Li.

### c. Sonje byen evènman sa a paske pi ta pandan istwa a ap dewoule, yon pwofèsè ki konekan gen pou li pale sou li lè li pral eksplike sans pwofesi a.

*Swiv istwa pa di anyen pou kounya.*

## Gouvènman Wa David la

Aprè Jwif yo fin antre nan Kanaran, Bondye te dirije yo pa mwayen Jij yo epi Wa, espesyalman Wa David Bondye te fè pwomès gouvènman li a ap la pou toutan gras a yon pitit ki pa gen parèy. 2 Samyèl 7:1-16



*Gen plizyè ane ki te separe ak sa ki vini aprè'l la. Fè yon ti rezime sou sa ki te pase pandan tan sa a.*

Sèvi ak kat ki nan paj 8 la (pou ou ka bay yon ti eksplikasyon jewografik), epi paj 7 (pou mete aksan sou Kanaran) pou ka eksplike kòman Izrayelit yo te rive sou kot joudan an fas ak Jeriko.

Eksplike kijan pèp Izrayèl la (lè Jozye t-ap gouvènen) te tavèse joudan an yon fason ekstraòdinè, yo te gen pwooblèm pou antre Jeriko ak tout lòt vil ki te ozalantou Kanaran. Retounen nan pwen C. evènman 11 la (paj 17, pou nou ka rewè ki kote Bondye te pwomèt Abraam).

Presize Bondye ak Izrayelit yo pa-t mete lòt pèp yo deyò ak vyolans. Moun ki t-ap viv sou tè Kanaran ke nou rele (kananeyen yo) se te moun ki te mechan anpil, yo te konn men boule pwòp pitit yo pou ofri an sakrifis bay zidòl. Alò pran pèp la al pran peyi a se te ijiman Bondye pou peche moun sa yo!

### a. Nan Kanaran, anpil Jij epi aprè se anpil Wa ki te dirije pèp Izraèl la.

*Bay yon ti eksplikasyon tou kout sou tan jij yo:*

1. Izrayelit yo te kòmanse ap viv menm jan ak pèp kananeyen an ki te mechan anpil.
2. Pou Bondye jije yo pou peche, li fè menm pèp sa yo dirije yo tou.
3. Apre sa, yo kriye nan pye Bondye li delivre yo anba men moun sa yo.
4. Bondye pran kèk jij nan mitan Izrayelit yo ki fè yo fè yon sèl, epi yo te pote viktwa sou ennmi an.
5. Tèlman sa te repete, li te vin tounnen yon wonn. Ki vle di pèp la t-ap vire tou won nan tonbe leve.

### David te dezyèm Wa ki te pi gran e ki te fè Bondye plis plezi.

*Eksplike yo aprè plizyè syèk jij yo te fè ap dirije, pèp Izrayèl la te mande Bondye yon wa epi se te wa (Sayil) ki te vin premye wa. Apre sa, pita Bondye te fè David vin wa.*

### Li 2 Samyèl 7:1-7.

#### Ki kalite kay Bondye te mande David pou li bati pou li?

Jiska lè sa-a, pa-t genyen yon tanp pèmanan kote moun te kapab ale pou adore Bondye. Lach alyans la, kote Bondye te desann pou-l vin abite ak pèp li-a, te nan yon tant sou yon tabènak mobil yo te konn deplase tanzantan pou anpil àne. Menm nan lè David te vin wa-a, pat genyen yon tanp kote Bondye ta dwe rankontre ak pèp li-a malgre David li menm te abite yon bèl plas. David te moutre volonte pou-l te konstwi yon tanp (« Kay ») pou Senyè-a, men responsabilite sa-a te vin tonbe sou Salomon, pitit David la.

**Detay: David te sanble materyo e li te fè plan yon bél tanp nan Jerizalèm, tanp sa a se Salomon pitit David ki te bati li.**

### b. Se pou nou konnen byen, mo «Kay» konn vle di pitit pitit yon moun.

*Annou eksplike tou mo “kay” ki itilize la-a genyen de sans, se sa pafwa nou rele yon « jedemo ».*

**Li finisman 2 Samyèl 7:11 jiska vèsè 13 la.**

**Ki kalite «Kay» Bondye te pwomèt li ap bay David?**

Nan kilti tan an ak plas la, yo te konn rele yon kay yon dinasti wayal, yon ekip lidè plen pouvwa ki nan menm fanmi-an. Pakonsekan, Bondye te pwomèt wa David ap genyen yon pakèt dirijan pisan (wa) k-ap soti nan fanmi-l k-ap gouvènen sou wayòm nan.

*Gen nan kèk peyi, se konsa sa mache jiska prezan – Egzanp, «Kay Windsor» ( nan Wayòm Ini).*

**c. Li 2 Samyèl 7:16.**

**Ki presizyon nou jwenn sou pwomès kay sa a ki te depase tan Salomon, ptit David ki te ap dirije peyi a?**

Senyèn-a te di ni kay David, ni twòn ni ap kanpe la pou toutan! Nou aprann nan listwa Salomon te fè 40 àne sou pouvwa.

**d. Nan ki tribi David te sòti? Siy: Sonje byen pwomès Izrayèl te fè Jida nan Jenèz 49:10. Gade ankò evènman 12 la, nan paj 17.**

Wa David te soti nan tribi Juda.

*Raple elèv-yo ptit ptit Abraham-nan, Jakòb (Ki te genyen non-n change pou «Izraèl-la», te genyen douz ptit gason. Lè desandan Izraèl-yo te vin tounen yon nasyon, chak ptit gason-ni yo te vin alatèt yon tribi. Pa lontan avan Izraël (pèsonnaj-la) te mouri li te fè yon prediksyon ki konsène chak ptit gason-n yo ak tribi-yo.*

*Nan Jenèz 49: 10 nou jwenn dosye ki di ki prediksyon Izraël te fè konsènan tribi ki pote non ptit gason-n nan ki rele Jida-a.*

*Diskite sa avèk elèv-la – konnekson ant Jennèz 49:10 ak pwomès Bondye te fè ak Wa Davik konsènan yon dinasti wayal ki pap janm fini.*

## Anpil Pwofesi sou yon Sovè ki gen pou Vini

Pandan tout Istwa pèp Jwif la, Bondye te pale ak pwofèt li yo pou yo anonsé plizyè bagay konsènan yon Jwif, yon Wa, yon Sovè ki gen pou li fèt nan yon epòk espesyal. Ezayi 7:14; 9:1-2, 6-7; 52:13—53:12



### a. Nesans li: Li Ezayi 7:14.

<sup>14</sup>Ebyen! Se Senyè a menm ki ta pral ban nou yon siy. Men li : jenn fi ki pral ansent la pral fè yon pitit gason, la rel-l Emanyèl (ki vle di Bondye avèk nou).

**Sonje byen, daprè pwomès la, sila a ki te dwe pote laviktwla sou Satan te dwe soti nan fanm nan, men Bondye pa te di li t'ap gen yon gason pou papa. Gade ankò evènman 7 paj 15 la.**

<sup>15</sup> Ou menm ak fanm nan  
m -ap fè nou lènmi youn ak lòt.  
Ptit pitit pa-l ak pitit pitit pa-w ap lènmi touu;  
Ptit pitit li ap kraze tèt ou,  
epi ou menm w-ap mode-l nan talon pye-l.

### Ki rapò ki genyen ant Jenèz 3:15 e Ezayi 7:14?

*Gen kèk difkilte nan entèpretasyon de (2) tèks sa yo nou pa bezwen chache twòp rapò ki genyen ant de tèks yo.*

Li ta bon pou nou di:

1. Moun Bondye di ki ta pral kraze tèt Satan nan Jenèz 3:15 la se Pitit fanm nan. Non gason pa parèt nan koze sa a menm. Petèt sa te yon siy ke moun ki t-ap al kraze tèt Satan an, se yon jen fi ki t-ap vin mete li sou latè.
2. Nan Ezayi 7:14 pwofèt Bondye a te pwomèt pèp Izrayèl la yon siy « yon jenn fi pral ansent e li pral fè yon pitit gason. Yo va rele ti gason sa a Emanyèl, (ki vle di Bondye avèk nou). »
3. De (2) pwomès sa yo pwofèt yo te fè a te pale sou yon sèl moun. Plizyè moun k-ap eti-dye Bib la kwè de (2) vèsè sa yo gen rapò youn ak lòt.

### b. Kote li fèt: Li Miche 5:2.

<sup>2</sup>“Men ou menm lavil Bètleyèm, Efrata,  
ou se youn nan pi piti nan tout lavil peyi Jida yo, se vre!  
Men se nan mitan ou m-ap fè soti  
pou mwen yon chèf pou pèp Izrayèl la,  
yon chèf k-ap soti nan yon fanmi ki la depi lontan lontan”

*Esplike etidyan an ke Bètleyèm ak Efrata se te yon vil nan Kanaran ki te pou moun nan branch fanmi Jida a an Izralyèl. Chache Bètleyèm sou kat la nan paj 7, liv Istwa Esperans la.*

**Ki rapò vèsè sa a genyen avèk pwomès yon baton kòmandman nan Jenèz 49:10. Gade ankò evènman 12 paj 17 la.**

Pa lontan anvan li te mouri, Izrayèl (nonm nan) te gentan di ke gen yon Souveren, yon Wa, yon Dispansatè lalwa ki te pral soti nan branch fanmi Jida a, li te di pèp la, nasyon yo va obeyi Wa sa a.

Nan evènman anvan an (19) nou te wè ke (1) David te yon wa ki te soti nan branch fanmi Jida (2) Bondye te pwomèt li, l-ap toujou gen pitit li ki wa.

\**Nòt: David te moun lavil Bètleyèm.*

*Miche te vin ekri liv li a 300 ane aprè David te renye kòm wa. Sanble li te di tout gen yon lòt Izrayelit ki va soti nan Bètleyèm k-ap wa tou. Aprè sa, Miche te bay kèk karakteristik espesyal wa sa ki gen pou vini an ap genyen. "Bagay li te konn fèt, se bagay ki la depi lontan, depi lemonn te kreye".*

*Kisa sa vle di? Pa blyi sa!*

### c. Ministè li nan Galile: Li Ezayi 8:23; 9: 1,5.

#### Zòn sa a nou jwenn li tou prè lanmè Galile a.

*Chache zòn sa a sou kat ki nan paj 7, nan liv Istwa Esperans la. Sonje zòn sa gen lòt vil tankou Kapanawòm, Betezda ak Nazarèt.*

*Se pou nou ajoute ke nan tout zòn ki antoure Galile a, Izrayelit yo te sibi opresyon anba men ènnmi pandan environ santan aprè lanmò wa David. Yo te depòte anpil nan yo nan lòt peyi. Yo te Mennen moun ki pa Izrayelit (payen yo) nan rejyon an pou ranplase sa yo te mennen nan kaptivite yo. Moun nan rejyon sa a te konnen yon istwa long epi tris anba pèsekisyon.*

*Yon Timoun ki te fèt nan zòn nan, se Li menm ki ta pral pote limyè nan rejyon an.*

### d. Lanmò li: Li Ezayi 52:13-53:12.

#### Ki soufrans yo te dwe fè moun yo dekri nan vèsè sa yo soufri?

Men kèk nan yo:

52:14 – Vizaj li ta defigire, figi-l pa ta sanble menm ak figi moun.

53:2 – Li pa-t bèl gason, li pa-t gen anyen nan li ki pou ta fè nou vire gade-l, li pa-t sanble anyen ki ta ka fè nou kanpe gade-l.

53:3 – Tout moun te meprize li, yo pa-t okipe-l.

53:4 – Bondye te frape-l.

53:5 – Yo te fè san-l koule pou peche nou, yo te kraze-l anba kou pou mechanste nou yo.

53:7 – Yo te maltrete-l, men li menm se bese li te bese tèt li ase; li te tankou yon ti mouton y'ap mennen labatwa

53:8 – Yo te wete-l nan mitan moun k-ap viv sou latè

#### Ki bon rezulta soufrans sa a bay?

Men kèk ladan yo:

52:15 – Li te pote kè kontan, lajwa pou anpil moun (annik mande, kisa sa vle di?)

53:5 – Se avèk kou li te pran yo li te ban nou gerizon, chatiman ki te pou nou an te tonbe sou li.

53:6 – Chatiman ki te pou tonbe sou nou an, Senyè fè'l tonbe sou li, menm jan nou te wè sa nan evènman 17 nan paj 20. Liv Istwa Esperans la.

53:11 – Li te konnen Li pa-t soufri pou grenmesi, li te sèvi Bondye yon jan ki korèk nèt. Li te pran chatiman anpil moun sou do-l. Li te fè Bondye fè tout moun gras.

53:12 – Bondye te pran-l mete-l chèf. Li te ba li plas nan mitan grannèg yo. Li te gen menm pouvwa ak gwo chèf yo. Paske se li menm menm ki te bay tèt li pou-l mouri konsa. Li te kite yo mete-l ansanm ak kriminèl yo, li te pran plas anpil moun ki t-ap fè sa ki mal. Li te mande

padon pou mechan yo.

**e. Rezireksyon li: Li Sòm 16:8-10.**

**Kisa vèsè 10 la di nou?**

Premye pati vèsè a (Paske ou pa-p kite nanm mwen kote mò yo ye a ) sanble fè referans ak yon pati nan lòm ki pa materyel (lespri oswa nanm li).

Dezyèm pati vèsè a (ou pa-p pèmèt moun k-ap sèvi ou la pouri anba tè) sanble pati sa a endike ke kò nonm sa a pa-t pouri nan tonm.

**f. Gouvènman li a pou toutan. Li Ezayi 9:5,6.**

*Vèsè 7 la fè konnen ke Mesi a gen pou Li chita sou fotèy David la. Li va gouvènen peyi wa David la. Li va fè gouvènman byen chita, paske l-ap fè sa ki dwat, Li pa-p nan patripri depi kounya jouk sa kaba!*

*Fè etidyan-w nan sonje pwomès evènman 19 la (paj 21 li Istwa Esperans la) ke Bondye te fè wa David la.*

### Kwonolojik Istwa Biblik

**Kijan yo dekri Bondye nan evènman** ? (paj 20-21)

**Note:** The order in which some of the life of Christ events are presented in later editions of *The Story of Hope* (editions published in 2011 and later) differs from the order in which they appear in the earliest editions (2010 and earlier). The events are the same; the only difference is the order in which the events are presented.

## Kwonolojik Istwa Biblik

### 21 Nesans Jezi moun Nazarèt la

Lè lè a te rive, Bondye te voye pitit li a sou latè. Li te fè li pase nan vant yon fanm ki vyèj yo rele Mari e li vin Wa epi Sovè yo te pwomèt plizyè syèk oparavan.

Matye 1:1-2, 18-25; Lik 2:1-14



a. Li kòmansman branch fanmi Jezi nan Matye 1:1-2.

**Ki bagay espesyal ou sonje konsènan zansèt Jezi yo?**

**Abraam, Izarak, Jakòb ("Izrayèl"), Jida**

*Abraram = Gade evènman 11 nan paj 17 la liv Istwa Esperans la.*

*Lè Bondye te rele Abraam ki te rete nan lavil Our nan peyi Kalde. Abraam te ale avèk papa li nan peyi Karan e yo te rete la. Aprè Terak te mouri, Abraam te ale Kanaran peyi Bondye te pwomèt l-ap bay Ptit pitit li yo.*

*Bondye te pwomèt Abraam, tout nasyon sou latè pral jwenn benediksyon gremesi li menm ak pitit pitit li yo.*

*Izarak = Gade evènman 12 nan paj 17, liv Istwa Esperans la.*

*Izarak se te yon pitit mirak Bondye te bay Abraam ak Sara lè yo te fin granmoun. Bondye te sonde lafwa Abraam lè-l te mande-l pou-l ofri Izarak an sakrifis. Aprè sa Bondye te anpeche-l ofri Izarak an sakrifis, Li te bay yon belye mouton pou mouri nan plas Izarak. Depi nan kòmansman evènman an, Bib la di nou Abraam te kwè Izarak t-ap retounen vivan avèk li. Li te kwè Bondye bon epi si-l nesesè Bondye li a t-ap resiste pitit gason-l nan.*

*Benediksyon Bondye te pwomèt pou tout nasyon ki sou latè a se atravè Izarak pitit gason Abraam nan.*

*Jakòb ("Izrayèl") = Gade pwen C nan evènman 12 nan paj 17, liv Istwa Esperans la.*

*Jakòb te youn nan pitit Izarak yo, Bondye te chanje non-l, li te rele-l Izrayèl (Prens Bondye) aprè li te fin konfyé lavi-l bay Bondye. Jakòb ki se Izrayèl te gen douz pitit gason. Bondye te organize evènman yo, Jozèf pitit Jakòb te pi renmen an te vin pi gran dirijan nan peyi Lejip. Se te nan peyi Lejip, Izrayèl ak fanmi li te vin rich e yo te vin yon gran nasyon.*

*Jida = Gade pwen C evènman 12 nan paj 17, liv Istwa Esperans la. Epi tou gade evènman 19 nan paj 21 ak pwen B evènman 20 an nan paj 21.*

*Li te preske rive lè pou li te mouri, Izrayèl (nom nan) te di sa ki ta pral rive ak pitit gason-l yo, sou branch fammi ak pitit pitit yo. Lè n-ap pale de Jida, youn nan pitit Jakòb yo, Letènèl te gentan anonse gen youn se pou baton kòmandman (baton yon wa itilize) ki p-ap janm kite branch fanmi Jida a Li te di nasyon yo va obeyi wa ki pote baton kòmandman sa a.*

b. Li Matye 1:18-25.

**Ki bagay espesyal nou wè sou Jezi ki te yon timoun espesyal? Siy: Jan li fèt epi non li yo, «Jezi» epi «Emanyèl».**

1. *Lè Mari te vin ansent li pa-t gen rapò ak okenn gason. Mari te yon jenn fi vyèj lè Jezi te nan vant Mari se te yon mirak espirityèl Bondye te fè.*
2. *Bondye te voye yon zanj bò kote Jozèf (se avèk li Mari te fiyanse), epi li te di li, ti bebe Mari t-ap pote a pral rele (Jezi ki vle di Jewova, Senyè a, Sovè a) te gen lòt timoun nan tan sa a ki te rele Jezi tou, men zanj la te di Jozèf timoun Mari pral fè a ap fidèl ak non li (Li pral sove pèp li a anba peche).*
3. *Zanj la te anonse tou timoun sa a va rele "Emanyèl" ki vle di "Bondye avèk nou."*

**c. Li Lik 2:1-7 epi konpare evènman sa yo avèk Miche 5:1. Gade ankò evènman 20 an nan paj 21.**

*Mari, manman Jezi ak mouche li te fiyanse yo t-ap viv nan Nazarèt. Chache Nazarèt sou kat ki nan paj 7 la nan liv Istwa Esperans la.*

*Menm si yo t-ap viv nan Nazarèt nan epòk sa a Mari ak Jozèf te fè pati branch fanmi Jida a, yo toude te soti nan ras David. Se pou rezon sa a yo te dwe ale nan lavil Bètleyèm (kote David li menm te fèt, kote li te grandi) nan reyon Kanaran ki te pou branch fanmi Jida, pou li te al bay non yo nan resansman Women Jil Seza Ogis te mande fè nan epòk sa a. Distans la soti Nazarèt pou rive Bètleyèm te 113 kilomèt. Chache Bètleyèm sou kat ki nan paj 7 la, liv Istwa Esperans la.*

*Retounen nan pwen B ki nan evènman 20 nan paj 21 an, liv Istwa Esperans la.*

Nan Miche 5:1 anviwon 700 lane Jezi ptit gason Mari a te fèt, pwofèt Miche te deja pale sou sa, gen yon Wa espesyal ki va fèt nan Bètleyèm (menm si se te yon ti vil tou pití nan peyi Jida) Wa sa a te la depi lontan lontan, depi nan kòmansman.

*Ou pa bezen bay detay sou sijè sa a.*

**d. Li Lik 2:8-14.**

**Yo dekri Jezi tankou «yon Sovè ki se kris la, seyè a». Kisa mo Sovè, Kris epi Seyè moutre? Detay: Kris se non grèk ki vle di menm bagay ak Mesi nan lang ebre (sila a yo konsakre Wa).**

Sove = moun k-ap delivre lòt moun, se kapab yon delivrans fizik oubyen yon delivrans espirityèl

Kris = tradwi yon mo Grèk ki vle di menm bagay nan lang ebre a (Lang Izrayelit yo pale) ak mo "Mesi" oubyen "Wen" Izrayelit yo te kwè Bondye te voye yon Mesi (yon moun li kon-sakre kòm Wa) pou te vin gouvène yo

Senyè = Mèt oubyen yon moun y-ap sèvi. Se yon mo yo itilize anpil nan Bib la lè y-ap pale sou Bondye kreyatè a (Letènèl) Bondye ki nan Bib la

Mo sa yo fè nou konprann Ptit gason Mari se yon moun trè espesyal, se li menm ki se Mesi (Moun yo wen kòm Wa) pèp Izrayèl la. Li se Mèt ak Sovè yo.

**e. Anba chak de paj menm jan ak (paj 22 e 23), tcheke tout ti kawo ki moutre jan yo dekri Jezi nan kat evènman nou jwenn nan toulede paj y.**

*Mo sa yo fè nou konprann Ptit gason Mari se yon moun trè espesyal, se li menm ki se Mesi (Moun yo wen kòm Wa) pèp Izrayèl la. Li se Mèt ak Sovè yo.*

*Nan 20 pwochen evènman ki nan paj 22 ak 31 an, n-ap konside karakteristik Jezi, yo te rele pafwa Jezi "nonm Nazarèt la" (paske se nan lavil sa li te grandi) men kounya yo rele-l pi souvan "Jezikri."*

## 22 Satan tante Jezi

Nan kòmansman ministè li, Satan te tante Jezi, men li te reziste anba tantasyon an lè li te repepe pawòl Bondye nan Ansyen Kontra a.

*Matye 4:1-11*



*Nan etap sa a nan etid la, ou déjà eksplike san dout Ansyen Kontra (Ansyen Testaman an) se premye pati nan Bib la. Nan epòk Jezi t-ap viv sou latè, Ansyen Testaman an te déjà ekri e Jezi te konnen trè byen pawòl yo.*

**a. Pou yo te kapab moutre Jezi te moun yo pa te kapab konpare ak okenn lòt Jan Batis te anonsé ya, Lespri Bondye te mennen li nan dèzè, pou Satan te kapab tante li plizyè fwa, li menm Satan ki chèf tout tantasyon.**

*Raple etidyan an kouman satan te rive twonpe Èv nan jaden Edenn nan. Pandan w-ap kòmanse etid sou evènman sa a di: Ann konpare fason Jezi te reponn Satan ak tantasyon li yo, ak fason Èv te reponn Satan plizye syèk anvan.*

**b. Li Matye 4:1-4.**

**Ki kalite tantasyon, premye tantasyon Jezi a te ye?**

*Jezi te grangou anpil paske li te pase 40 jou ak 40 nwit san manje. Eksplike sa disiplin esprityèl “Jèn” nan ye. Fè jèn se rete san manje pou ka antre nan kominyon ak Bondye.*

Satan te mande Jezi pou li fè wòch yo tounen pen e konsa li te ka kraze Jèn li t-ap fè a, pou li te ka pase grangou a.

**Kouman li te reziste anba tantasyon an?**

Jezi te site yon vèsè nan Ansyen Testaman (Detewonòm 8:3) pou-l di Satan gen bagay ki pi enpòtan pase manje ki ka satisfè bezwen kò a, se pawòl ki nan Bib la ki satisfè bezwen espirityèl nou yo.

**c. Li Matye 4:5-7.**

**Ki kalite tantasyon, dezyèm tantasyon Jezi a te ye?**

Satan fè Jezi moute sou tèt tanp la epi li mande Jezi pou-l lage kò-l anba pou-l pwouve ke li se Pitit Bondye tout bon vre, li te di-l Zanj yo va pote-w nan men yo.

**Kouman li te reziste anba tantasyon an?**

Yon lòt fwa ankò, Jezi te resite pawòl Bondye ki nan Ansyen Testaman an (Sòm 91:11-12 ak Detewonòm 6:16) Jezi te repwoche li paske li t-ap eseye tante “Senyè Bondye a” pandan li t-ap eseye fòse Bondye fè sa li deside.

**d. Li Matye 4:8-11.**

**Ki kalite tantasyon, twazyèm tantasyon Jezi a te ye?**

Satan mennen Jezi sou yon mòn ki byen wo, li montre-l tout peyi ki sou latè ansanm ak tout richès yo. Li pwomèt Jezi ke l-ap ba li tout wayòm sa yo ansanm ak tout richès yo si Jezi mete ajenou nan pye-l pou adore-l.

## Kouman li te reziste anba tantasyon an?

Fwa sa a Jezi te repouse Satan avèk otorite li te di : « wete kò-w sou mwen Satan ! » yon lòt fwa ankò, Jezi te resite yon vèsè ki nan Ansyen Testaman nan lè Moyiz te di pèp Izrayèl la : « Se pou Senyè a Bondye nou an ase pou nou gen krentif. Se Li menm ase pou nou sèvi. Se non li sèlman pou nou pran pou fè sèman. » (Detewonòm 6 :13)

### e. Ki diferans ki genyen ant reyakson Jezi anba tantasyon yo e reyakson Èv? Gade ankò evènman 5 nan paj 14.

1. Èv te lage kò-l; Jezi te kenbe kò-l.
2. Èv te doute pawòl Bondye a; Jezi te reziste avèk konfyans.
3. Dezobeyisans Èv la te moutre feblès li; Obeyisans Jezi avèk Bondye, moutre fòs espirityèl Li.

### f. Kisa ou panse lè ou wè jan Jezi te reziste anba tantasyon Satan yo?

*Mande etidyan-w nan pou li pataje avèk ou, pawòl ki vin nan lespri li.*

Gen yon pakèt bon repons ke nou ka bay pou kesyon sa a. Men kèk ladan yo: Fòs – Asirans – Rezistans – Kouraj – Fidèlite – Detèminasyon – eksetera.

## **Deklarasyon Jan Batis fè devan tout moun**

**Jan Batis, pwofèt Bondye a, te anonse Jezi moun Nazarèt la te Wa epi sovè, ti mouton Bondye a ki ta pral padone peche tout moun.**

*Jan 1:29-34*



**a. Jezi te grandi nan Nazarèt, kote Jozèf papa li te travay kòm bòs chapant.**

*Nan kat la ki nan paj 7, chache ki kote Nazarèt ye epi ki distans li ye ak Larivè Jouden an kote Jan Batis t-ap preche a.*

**b. Lè li le genyen trantan, Jezi te kòmanse travay preche levanjil an biblik nan menm epòk sa a, yon pwofèt tout moun te konnen, ki rele Jan (Jan Batis) te anonse Mesi a gen pou li vini epi li te batize nan Jouden an tout ki te repanti.**

*Ou kapab moutre foto Jan Batis nan evènman sa a epi bay yon ti eksplikasyon tou sou ki kalite gason li te ye, kouman li te bawòk.*

**c. Li Jan 1:29.**

**Èske ou sonje sa nou te etidye konsènan ti mounton yo te touye pou kapab retire peche a? Gade ankò evènman 17 la nan paj 20.**

*Retounen nan evènman sa a epi mande etidyan-w nan pou-l rezime tout sa li sonje sou sakrifis (bèt yo te konn ofri) pou fè sakrifis sou lotèl an bwonz la bò pòt pavi Tabènak la.*

*Ajoute tout bagay li blye patikilyèman karakteristik bèt yo te konn ofri yo ak tout sa yo te fè pou transfere peche moun ki ofri sakrifis la sou bèt li sakrifye a. Revize epi eksplike kouman bèt la fè pran plas moun ki ofri sakrifis sou lotèl la epi kouman dèt peche moun sa a te peye.*

**Kisa ou panse Jan te vle di lè li di Jezi se te «Ti mouton Bondye a»?**

*Bay etidyan an chans pou-l reponn kesyon sa a. Se youn nan pwen ki pi enpòtan nan Istwa Esperans la. Pran kont tan-w pou diskite epi bay yon repons ki klè pou kesyon sa a.*

*Jan Batis te pwoklame se Jezi, Bondye te voye pou mouri nan plas nou pou peche nou te ka padone. Menm jan ti mouton yo te mouri sou lotèl bwonz Tabènak la pou moun ki te ofri yo a, Bondye te voye Jezi kòm pwovizyon pou peche tout moun sou latè.*

*Esplike kouman sa pral fèt nan etid la.*

**d. Èske nou sonje pwomès Bondye te fè Abraram nan Jenèz 12:3 epi 22:18. Gade ankò evènman 11 e 12 yo nan paj 17 la.**

*Retounen nan pwomès ki te fèt nan Jenèz 12 e ki te repete nan Jenèz 22:15-18 nan evènman 11 ak 12 nan paj 17, revize pwomès la.*

*Letènèl te pwomèt l-ap beni tout nasyon sou latè atravè Abraam ak desandan li yo.*

**Jezi te pitit pitit Abraram. Ki rapò ki genyen ant Jezi e pwomès Bondye te fè Abraram?**

*Mande etidyan si li genyen yon ide kèlkonk sou lyen ki genyen ant pwomès Bondye te fè Abraam ak desandan li yo epi pwoklamasyon Jan Batis te fè a lè li di Jezi se «ti Mouton Bondye k-ap wete peche moun sou latè. »*

*Si se nesesè mande: «si Jezi te ka fè yon bagay ki kapab wete peche tout moun ak tout nasyon èske se pa t-ap yon gwo benediksyon pou yo?» Diskite, men pa antre nan twòp detay jan sa ta*

e. Li Jan 1:30-34.

**Ki lòt bagay espesyal nou konnen sou Jezi?**

1. Menm si Jan Batis se te yon gran pwofèt Bondye te voye, le-l t-ap pale sou Jezi li te di: « gen yon moun k-ap vin aprè li, men moun sa te la anvan li. »
2. Menm si Jan Batis te gen kèk mwa pi gran pase Jezi li te di Jezi te la anvan-l. kisa sa vle di? Bay yon ti ide tou kout sou sa a. Sa moutre nan yon fason ke Jezi te egziste depi lontan anvan Jean Baptis.
3. Jan Batis te wè Sentespri a desann soti nan syèl la sou fòm yon pijon li te poze sou Jezi.  
Jan Batis te fè konnen Jezi se "Ptit gason Bondye".

## Lòt enfòmasyon

Nan etid sa a, poukisa se lè Jezi te fin pase anba tantasyon Dyab la nan dezè a Jan Batis te fè deklarasyon sa a (Ti Mouton Bondye a)? Poukisa se pa-t anvan tantasyon an li te fè deklarasyon an ? Yo te aprann anpil nan nou, nan Jan chapit 1, Jan te rele Jezi «Ti Mouton Bondye a» aprè li te fin batize epi anvan menm Sentespri te kondwi li nan dezè a (kote Satan te tante li).

Men, nan Jan chapit 1 yo pa mansyone ke Jezi te gentan Batize, (okazyon yo dekri nan Jan chapit 1). Epi tou nan Jan chapit 1, Jan Batis te pale sou evènman (pijon desann soti nan syèl la) ki te rive lè Jezi t-ap batize a, yo mete li nan tan pase (tankou yon bagay ki te rive deja). Li jan 1:29-34 ak anpil atansyon pou-w ka wè sa a.

Men kèk pwen nan evènman yo:

1. Jezi te batize (Nou wè sa a nan Matye 3:16-17, Mak 1:9-11, Lik 3:21-22).
2. Nan moman Jezi t-ap batize a, Sentespri te desann sou li tankou yon pijon epi Bondye te pale depi nan syèl pou te ka pwouve se travay li.
3. Sentespri te pouse Jezi ale nan dezè a kote gran Dyab la te tante li.
4. Aprè sa, Jezi te retounen bò Larivyè Joudan an kote Jan t-ap Batize moun nan.
5. Aprè sa Jan Batis te fè deklarasyon an «Men Ti Mouton Bondye a» nan moman sa a. Menn jan yo moutre nou sa nan Jan 1:29-34. Li te reziste ak tout tantasyon Satan yo, tout bon vre, Jezi te moutre ke li se Ti Mouton Bondye a ki vin wete peche moun sou latè.

## Rankont ak yon chef relije

**Yon jou, Jezi te di yon chef larelijyon li dwe fèt yon dezyèm fwa pou li kapab antre nan Wayòm syèl la. Jan 3:1-18**



### a. Li Jan 3:1-4.

**Kouman Nikodèm te konprann pawòl Jezi yo, konsènan kesyon, li dwe «fèt yon dezyèm fwa»?**

*Nòt: Nan epòk Ansyen Testaman (Jeremi 31 ak Ezekyèl 36) Bondye te pwomèt ansyen kontra li te fè ak Moyiz epi pèp Izryèl la pral ranplase, ak yon nouvo kontra. Se nan nouvo Kontra sa a Bondye ta pral voye yon benediksyon espirityèl tou nèf ki pi meyè pase ansyen Kontra moun yo te konn obsève sou tan Moyiz la, kote li te konn aspèje moun yo ak dlo konsa pou yo te ka jwenn padon pou peche yo, epi mete Lespri li nan yo. Byen petèt se "dlo ak lespri sa a" Jezi t-ap di Nikodèm nan. Men, Nikodèm menm pa-t konprann, m-sye te panse se te obsève lalwa Moyiz la, men Jezi menm t-ap pale sou kondisyon lavi espirityèl moun ki dwe chanje, konsa pou Sentespri kapab abite nan kè yo.*

### b. Li Jan 3:5-8.

**Ki kalite fèt yon dezyèm fwa, Jezi t' ap pale?**

Jezi t-ap pale sou yon nesans espirityèl (se pa-t yon nesans fizik).

*Nòt: Anpli moun k-ap etidye Bib la kwè ke fraz « si li pa fèt nan dlo » nan vèsè 5 la, pale de dlo ki asosye ak pwosesi nesans fizik la.*

### c. Kisa nou panse Jezi te vle di, lè li pale sou nesesite, pou yon moun fèt nan lespri? Detay: Li Jan 1:10-13. «Li» vle di Limyè, sa vle di Jezi.

*Nan Jan 1:10-13 Otè a pale sou Jezi.*

Lè nou fèt, sa penmèt ke nou antre nan yon fanmi imen. Jezi te vini nan lemonn men anpil konpatriyòt Jwif parèy li pa-t resevwa li. Men moun ki te resevwa li yo, moun ki te kwè nan li yo (pa la fwa) li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye.

Pwosesis ki fè nou fèt nan fanmi Bondye a se pa yon nesans fizik (avèk relasyon san, chè imèn epi volonte moun). Se nesans divin bagay espirityèl, yon pwosesis espirityèl ki fè nou vin manm nan fanmi Bondye a. Se egzakteman sa ke Jezi t-ap esplike Nikodèm nan.

### d. Gade ankò nan Resansman 21:4-9. Eksperyans jwif yo avèk sèpan an kwiv la. Gade ankò evènman 18 la nan paj 20 an.

Retounen nan *Istwa Esperans la* nan evènman sa a gade si elèv la ka rezime sa ki rakonte nan istwa sa a.

**Aprè, li Jan 3:14. Detay: Tit la «Ptit moun nan» vle di Jezi.**

**Daprè eksperyans pèp jwif la, kisa w' panse, Jezi te anonse sou sa ki ta pral rive li?**

*Bay etidyan an chans pou li moutre ke li kapab fè deskripsyon ant evènman sèpan an bwonz la a ak sa ki t-a pral rive Jezi a. Pandan tan sa a, pa bay detay sa ki t-a pral rive Jezi a. Esklike etidyan an ke n-ap aprann yo pita nan etid la.*

e. Li Jan 3:15-18.

### Rezime lide prensipal vèsè sa yo.

Nan Nonb 21, Izrayelit yo ki te leve je yo gade sèpan an bwonz la, ak lafwa nan Bondye yo te sove anba lanmò fizik.

Sa ki pi bon pase sa, Bondye tèlman renmen nou, li voye Pitit li Jezi sou latè pou nou ka pa mouri espirityèlman, men pou nou genyen lavi etènèl. Pou nou genyen lavi etènèl la, nou dwe kwè ak tout kè nou nan Senyè Jezi. Sa ki pa kwè nan Jezi yo, deja anba kondanasyon jijman Bondye.

*Pase plis tan ap diskite sou sijè a si li nesesè, patikilyèman si elèv la eksprime enterè li nan konsèp la.*

### Kwonolojik Istwa Biblik

#### Kijan yo dekri Jezi nan evènman

21

22

23

24

?

(paj 22-23)

Si sa nesesè, revize ak etidyan enstriksyon yo ki nan pwen (e) nan evènman 21 an (Nesans Jezi nonm Nazarèt la, nan tèt paj 22 a nan *Istwa Esperans la*).

Sonje byen poukisa yo itilize paj doub yo ki gen aktivite yo, se pou ede elèv la konnen kilès Jezi ye, epi kisa li te fè, pandan ke elèv la ap li ak etidye Bib la.

## Rankont ak yon fanm peyi Samari

**Yon lòt jou, Jezi te eksplike yon fanm peyi Samari, kouman Bondye kapab pase swaf espirityèl li pou toutan.**

*Jan 4:3-42*



**a. Nan tan pa Jezi, kèk jwif te meprize e yo te menm rayi moun peyi Samari yo. Relijyon pa yo, pa te ba yo dwa pale ak yo. Yo te konsidere moun peyi Samari yo, tankou moun sal, nan sa ki gen arevwa ak kesyon larelijyon.**

*Lokalize Samari sou kat ki nan paj 7 la, liv Istwa Esperans la.*

*Eksplike samariten yo te gen san mele – yo te yon ti kras jwif an menm tan an yo pa't jwif. Plizyè syèk pase, pisans politik etranje yo ki t-ap dirije rejon sa yo te enpòte plizyè etranje nan Samari (kote Izrayelit yo t-ap viv) pou yo te kreye yon pèp ak anpil ras.*

**Etan nou ap kenbe sa nan lespri nou, li Jan 4:3-9.**

*Suiv nan kat ki nan paj 7 la, wout Jezi ak tout disip li yo te pran pase Jide pou rive nan Galile, te pase nan Samari. Esplike tou laplipa Jwif yo te fè yon long wout bò kote Ès jouden an pou yo te ka pa pase Samari.*

*Presize ki chanjman radikal ke Jezi te pwovoke (sa jwif yo te panse nan epòk la) lè li te pase nan Samari. Men, sa ki te fè Jezi aji konsa, se pou li te moutre li renmen tout pèp yo, nan nenpòt ras yo soti oubyen nan nenpòt fanmi yo te soti a.*

**b. Li Jan 4:10-15.**

**Avèk ki kalite dlo fanm nan te panse? Nan ki sans dlo sa a, te diferan ak dlo Jezi t' ap pale a?**

*Jezi t-ap pale yon « dlo espirityèl » ki t-ap koupe swaf fanm nan pou toutan. Pou fnm sa a, Jezi t-ap pale sou dlo, nan sans literal, sa vle di dlo ki te nan pi a devan yo a.*

*Fè resòti resanblans enkonpreyansyon Nikodèm nan ak fanm samaritèn nan. Lè Jezi t-ap pale sou bagay espirityèl, yo te panse imedyatman avèk bagay lachè. Pa gen dout nan sa lè Jezi te fè sa se paske li te gen entansyon atire atansyon yo epi pou eksplike yo pwosesis espirityèl la.*

*Nou kapab eksplike tou de sans ke « dlo » genyen (dlo espirityèl la oubyen dlo ki bay lavi a, itilize plizyè fwa nan Bib la. San Bondye, nou genyen yon gwo swaf espirityèl – nou reyalize ke nou manke kèk bagay nan lavi nou. Lè nou envite Jezikris ak lafwa, Ptit Bondye a pou li antre nan lavi nou, li koupe swaf espirityèl nou – li ban nou lapè, kontantman ke nou te manke anvan nou te mete lafwa nou nan Li.*

**c. Li Jan 4:16-18.**

**Kisa nou konnen sou lavi fanm sa a?**

*Fanm samaritèn sa a te marye 5 fwa epi li t-ap viv avèk yon nomm ki pa-t mari li nan epòk la. Lavi fanm sa a petèt te karakterize pa anpil relasyon ak anpil lòt gason.*

*Remake Jezi pa-t kondane li, menm si ansèyman li yo te di ke li pa-t dakò jan fanm nan t-ap viv la.*

*Petèt nou ka gen elèv k-ap mennen menm vi ak fanm sa a. Si yon bagay konsa ta rive, kite istwa a pale, men pa kondane yo. Renmen yo menm jan Jezi te fè-l la.*



d. Li Jan 4:19-26.

### Ki sa Jezi te moutre, konsènan pwòp tèt pa li?

Jezi te revele ke li se Mesi a (Kris la) se sou li menm pwofèt yo te konn ap pale depi lontan.

*Kòm samaritèn (moun san mele jwif ak moun ki pa jwif), fanm nan te genyen anpil tradisyon jwif pami gran paran li yo pou li te kapab konsyan de kèk ansèyman nan Ansyen Testaman.*

### e. Li Jan 4:28-29. Jezi pa te moun zòn sa a, e li pa te janm rankontre fanm sa a. Kouman li te fè konnen tout bagay sa yo sou li?

*Sa pral baze sou konesans etidyan an te déjà genyen nan Bib la, kesyon an ka parèt difisil ouby-en fasil tou. Men, kite elèv la anmize-l ak li, si li poko ka reyalize ke Jezi se Bondye (sa ka soulve de evènman yo antre nan etid la), pran prekosyon pou-w pa reponn ak kesyon an. Ou ka annik di li «n-ap vini ak repons kesyon an pa twò lontan ».*

### f. Li Jan 4:30, 39-42.

#### Kisa lòt moun peyi Samari yo te di sou Jezi? Kisa yo panse finalman?

Plizyè ladan yo te kwè ke Jezi se te « Sovè lemonn » tout bon vre.

*Daprè sa nou te etidye nan evènman anvan an (nan Jan 1:10-13), pandan ke yo te kwè nan li jan yo te fè-l la, samariten sa yo te fèt yon dezyèm fwa nan moman sa a – Yo te fèt espirityèlman nan fanmi Bondye a.*

## 26 Jezi di li egal avèk Bondye

**Jezi di plizyè fwa, li egal ak Bondye e li fè yon sèl ak li. Pawòl li yo te choke kèk moun ki t'ap chache pou touye li.** Jan 5:16-18; Jan 8:48-59; Jan 10:22-33



*Men yon istwa klè, paske tout istwa sантre sou yon sèl kesyon "Ki moun Jezi ye?"*

Konsèp ki touche pwen "Trinité" a, difisil pou konprann pou moun ki fenk kòmanse ap etidye Bib la e k-ap sonde krisyanism la. Li pi bon pou nou pa mansyone mo « trinité » a (paske li pa ekri nan Bib la), men pito ou esplike bagay ki pi senp yo. Esplike élève la ke genyen plizyè verite sou Bondye ke ti lespri nou pa kapab konprann e mo trinité a se youn ladan yo.

*Li plis ransèyman ki vin apre evènman sa a kòm yon èd pou-w trete sijè a.*

**a. Pou jwif yo, di ou se Bondye osinon ou egal ak Bondye se te yon blasfèm. Se ak kout wòch yo touye tout moun k'ap joure Bondye konsa.**

*Esplike: Tout sa nou te aprann sou karakteristik Bondye yo, nou kapab konprann ke li parèt odasye pou yon moun ta pretann di ke li egal oubyen fè yon sèl ak Bondye.*

**b. Li Jan 5:16-18.**

**Vre oswa pa vre? Lè li rele Bondye papa li, Jezi te di li gen menm nati ak Bondye e li egal avèk li.**

*Option : Si tout fwa ta gen dout sou sa Jezi te afime nan pasaj sa a, nou kapab poze kesyon : kisa Jezi di nan pasaj sa a pou li moutre ke li te gen yon relasyon kole kole ak Bondye?*

1. *Lè jwif yo t-ap chache (plis okazyon toujou) pou yo te touye'l paske li te « rele Bondye, Papa », Jezi pa te janm eseye nye afimasyon sa a ke Bondye se te Papa li. (vèsè 18-19)*
2. *Li te afime ke li menm avèk Bondye « Papa a » te gen yon relasyon kole espesyalman nan fè menm travay. (Vèsè 17, 19-20)*
3. *Li afime ke, tankou Papa a konn resiste mò yo, li menm tou (Jezi) gen pouvwa pou li bay lavi a moun li vle. (Vèsè 21)*
4. *Li fè konnen ke Papa a pa jije pèsòn, men li remèt li (Jezi) tout jijman, «konsa tout moun kapab onore Ptit la menm jan yo onore Papa a. » (Vèsè 22-23)*
5. *Li afime ke Papa a te voye li (Jezi). (Vèsè 23)*

**c. Li Jan 8:48-59.**

**Nan Kòmansman etid nou an, nou te konnen Bondye etènèl, li pa gen ni kòmansman, ni finisman.**

**Kisa Jezi moutre la a sou pwòp tèt pa li?**

*Soti nan Abraam pou rive jouk nan nesans Jezi, 2,000 ane pase. An gwo se menm kantite tan an ki genyen ant lavi Jezi sou latè avèk epòk n-ap viv la.*

Nan vèsè 58 la Jezi di klèman ke « menm anvan Abraam te fèt, MWEN SE. » li di klèman ke li te la anvan Abraam. Men mo « MWEN SE » a afime yon bagay pi remakab.

**Li Egzòd 3:14 epi konpare li avèk pasaj sa a. Gade ankò evènman 13 la, nan paj 18.**

*Gade nan pwen « e » a nan evènman 13 paj 18 la.*

Nan vèsè Jan 8:58, Jezi afime ke li se Bondye – « Anvan Abraam te fèt Mwen te la. »

*Pou fè yon revizyon sou kèk pwen kòm gid fòmatè a pou evènman 13 la, gade anba a.*

#### e. Li Egzòd 3:11-17.

**Kisa Moyiz te dwe di si pèp Jwif la te mande li kouman yo rele sila a ki te voye li a?**

- Daprè vèsè 14?

Bondye di Moyiz pou li di yo konsa **mwen menm ki rele sam ye a**, se mwen menm ki voye ou bò kote yo.

*Mande etidyan yo, kisa yo panse de Bondye ki di li se mwen menm ki rele sam Ye a?*

*Yon etidyan ki te swiv kou sa a reponn se non pa-l li ye « Bondye paka lòt ke sa » men yon lòt repons, Bondye pa ka lòt ke sa li ye a nan mo ki gen rapò ak etid egzistans Bondye, nou rele sa, pwòp kreyate tèt Li.*

- Daprè vèsè 15?

Bondye te di Moyiz ankò pou-l di Izrayelit yo, Bondye zansèt nou yo, Bondye Abraam nan, Bondye Izarak ak Bondyeye Jakòb la voye-m bò kote nou.

*Non Bondye soti nan lang ebre Yawe, oswa JEWOVA, ki vle di menm bagay « Mwen se sa-m ye a. » Se non pa Bondye. Pandan etid nou nan Bib la, n-ap aprann te gen anpil fo dye, te genyen kite rele baal, men « Seye Bondye oswa Bondye », se non sila ki se vrè DYE a sila ki te kreye syèl la ak tè a, Bondye Bib la!*

#### d. Li Jan 10:22-33.

**Èske Jwif yo te byen konprann lè Jezi te di, li se Bondye? Eksplike?**

« Mwen menm avèk Papa a nou fè yon sèl » -Jezi (vèsè 30)

Wi, Jezi te afime ryèlman ke li se Bondye.

*Di elèv la:*

*« Pita nan etid la, kòm nou pral wè plis bagay sou lavi Jezi, men anvan sa mwen ta renmen tande sa ou menm ou panse sou Jezi nonm Nazarèt la? »*

Non Bondye soti nan lang ebre Yawe, oswa JEWOVA, ki vle di menm bagay « Mwen se sa-m ye a. » Se non pa Bondye. Pandan etid nou nan Bib la, n-ap aprann te gen anpil fo dye, te genyen kite rele baal, men « Seye Bondye oswa Bondye », se non sila ki se vrè DYE a sila ki te kreye syèl la ak tè a, Bondye Bib la.

Sepandan, pou konpreyansyon pa nou, nou ajoute (gade pi ba) tablo ki te itilize pandan anpil syèk pou kapab konprann reyalite ki asosye ak Trinite a.

Men konsèp kle ke nou bezwen konnen:

- Genyen yon sèl Bondye, li etènèl Bib la di nou li te kreye syèl la ak tè a.
- Genyen twa pèsòn nan Bib la ki rele Bondye.


1. *Bondye Papa a – Totalman Bondye.*
2. *Jezikris Ptit la – Totalman Bondye.*
3. *Sentespri – Totalman Bondye.*

- Jezi se « Ptit Bondye » an menm tan Li se « Bondye »

**Jezi Ptit Bondye:** lè Bib la fè referans ak Jezi kòm « Ptit Bondye », li vle di Jezi genyen yon relasyon entim epi li ak Bondye Papa fè yon sèl. Menm si nou ka distenge yo, yo fè YON SÈL.

Tit sa a pa vle di ke Jezi Ptit Bondye a te pase yon tan ke li pa-t ko egziste, oubyen li te ini ak yon lòt ti « dye » epi li vin egziste. Jezi Ptit Bondye a te egziste pou tout letènité avèk Bondye Papa a ak Dye Sentespri a.

Kisa ki pase nan evènman 21 nan paj 22 a? “Nesans Jezi” se te jan istwa a te di-l la, kote ke Ptit Bondye a (ki te toujou egziste) te antre nan vant yon fanm vyèj yo te rele Mari. Li te vin transfòme an moun pou-l te kapab gen menm idantite avèk nou epi pou-l te demoutre kòman li menm ak Papa a fè yon sèl pandan ke li t-ap mennen yon vi san defo e san peche devan Bondye Papa. Pandan li fè-l konsa, li te vin kalifye pou mouri kòm yon ofrann pou peye dèt peche nou yo. « Enkanasyon » se tèm teyologik ke yo itilize paske ptit Bondye a te pran fòm kò moun.



## Anpil ansèyman sou lanfè

Lè Jezi te ap anseye, li te avèti moun yo avèk lanmou epi otorite sou reyalite pinisyon pou toutan nan lanfè, epi nesesite pou moun yo kouri chape, pou yo pa ale nan lanfè.

Mak 9:42-48; Lik 16:19-31



*Nan lemonn kounya, kretyen yo toujou pale sou lanfè ki nan Bib la. Se pa yon sijè ki twò popilè nan sosyete aktyèl la. Kòm nou rive nan sijè sa a nan etid la, men kèk konsèy pou nou kenbe nan lespri nou:*

1. *Pa antre nan sijè a kòm yon defansè. Ansenye sèlman sa Bib la di sou lanfè.*
2. *Asire-w ke w-ap prezante sijè a avèk anpil konpasyon men pa avèk yon lespri pou jije.*
3. *Ou kapab kòmanse diskisyon an avèk 2 karakteristik Bondye nan (Sentete) ak (Jistis) li-*
  - (a) **Sentete:** *Si nou kapab konprann nan ki pwen peche nou yo ofanse Sentete Bondye nou t-ap anpeche kolè Bondye tonbe sou nou akòz peche nou yo. Epi nou t-ap konprann pinisyon ke Bondye etabli pou peche nou yo va twò fò pou nenpòt moun ki ofanse sentete enfni Li.*
  - (b) **Jistis:** *Answit si nou reflechi ke Bondye enfiniman jis (Li fè tout bagay ki jis epi li pa fè tò ak okenn moun) Nou t-ap reyalize ke Bondye t-ap jis si li t-a tou pini nou pou peche nou yo. Nou vyole lalwa Bondye kreyatè a - Nou tout nou koupab. Si Bondye pa pini nou deja pou peche nou yo, se paske li fè nou gras, li gen lanmou ak konpasyon pou nou.*

**a. Nan yon leson nou te fè anvan, nou te aprann gen yon dife pou toutan, yo te kreye pou dyab la ak zanj li yo. Gade ankò evènman 4 nan paj 13. Li Matye 25:41.**

**Jezi te avèti tout sila yo k'ap mache ak dyab la, va gen pou sibi menm pinisyon pou toutan sa a.**

*Sonje ke nou te pale plis sou kote sa ki rele « lanfè a » pase tout lòt bagay ak tout moun nan Bib la. Poukisa ? Paske kòm pitit Bondye, Jezi konnen byen reyalite tout moun te konnen. Ranpli ak konpasyon pou moun tankou nou, Jezi te avèti trè fò e avèk lanmou pou nou chwazi chemen Bondye a pou nou ka chape lanfè.*

**b. Li Mak 9:42-48.**

**Ki imaj Jezi itilize nan vèsè 48 la pou dekri lanfè a?**

*« Kote dife a p-ap janm etèn » (Nou rankontre fraz sa a 5 fwa nan pasaj sa a nan kèk tradiksyon, men sèlman youn ou de fwa nan lòt yo, tou depan de ekriti Grèk ke yo itilize nan tradiksyon an.)*

*Kèk moun (anpil moun k-ap etidye Bib la) kwè ke dife se yon fason pou di kòman ijman Bondye poutèt peche nou yo ap di anpil.*

*Pa kite kesyon sa a tounnen yon pyèj pou etid la. Tandiske, nou konnen « dife » lanfè a se bonjan dife e bagay ki pi enpòtan ke yon kwayan dwe konnen sèke se yon pèn sevè ki pa-p janm fini. Yon pinisyon tout moun konnen byen, menm si yo ta nan sèkèy, pandan ke yo te chwazi pinisyon an lè yo te refize pwovizyon Bondye te fè a ke nou wè nan Istwa Esperans la.*

*Nòt: Gade plis enfòmasyon nan paj anba a.*

**c. Jezi te pale konsènan yon nonm, aprè li mouri, ki te ale nan lanfè.**

*Genyen yon sòt de mezantant pam i moun k-ap etidye Bib la, pandan ke y-ap poze tèt yo kesyon èske se yon istwa ki te rive yon moun tout bon oubyen se te yon parabòl. Prezante li kòm yon istwa Jezi te rakonte epi egzante tout diskisyon filozofik tankou « parabòl oubyen istwa vrè ». Nati istwa sa a pa afekte anyen nan lesion ke nou te aprann yo.*

*Nòt: Jezi itilize non pèsònèl moun nan istwa a, sa ki te fè sanblan ke istwa a te parèt vre akòz de non moun ki te site nan istwa.*

## Li Lik 16:19-31.

### Daprè ansèyman Jezi yo...

- **Vre oswa pa vre?** *Lanfè se yon kote moun ap soufri e yo santi soufrans sa a.*

*Kite elèv la dekouvri repons la poukонт li. Mande li pou li jistifye repons li a – oubyen èske repons la soti nan istwa a ? Li nesesè pou diskite-l di sa li panse.*

- **Vre oswa pa vre?** *Lè moun yo nan lanfè, yo kapab sòti kote sa a.*

*Suiv menm chemen an. Diskite sou sa ki enplike yo.*

## Plis enfòmasyon

**Èske dife a se yon mit li ye?** Gen anpil moun ki di ke lide boule tou vivan an se esperyans ki pi di ke yon moun ta ka imajine, se pou rezon sa a ke Bondye chwazi itilise dife a pou li kapab reprezante séparasyon avèk li.

Men piske « dife » sa a site plizyè kote nan Bib la pou pale sou lanfè a, sanble li pa yon mit vre – Lanfè sa a se yon kote k-ap gen dife tout bon. Genyen plis pase 20 referans ki pale sou dife lanfè a nan Nouvo Testaman an, e anpil nan referans sa yo, se Jezi menm ki te di yo, Pitit Bondye ki konn tout bagay, Kreyatè lanfè a.

**« Paske vè yo pa-p janm mouri » Kisa sa vle di?** Fraz sa a parèt pou premye fwa nan dènye vèsè liv Ezayi (66.24). Nan kontès sa a, Ezayi te di davans dènye evènman nan Istwa Esperans la – eta etènèl pou tout kwayan yo (nan vèsè 22-23) epi eta etènèl pou moun ki pa kwè yo (vèsè 24).

Vè ki mansyone isit la te kanmèm yon referans ak ensèk yo ki konn nan vyann pouri, fatra a oubyen vyann yo boule vè yo boule tou. Kòm konparezon, tout sa y-ap voye nan lanfè pou chatiman etènèl pa-p janm mouri.

## Mirak Jezi yo

Paske Jezi te gen pitye pou moun ki nan soufrans e pou pisans Bondye kapab manifeste, Jezi te geri malad yo ak enfim yo, chase denmon yo e li te resiste plizyè moun mouri.

Matye 4:23-24; Jan 11:1-45



### a. Pou moutre li te vrèman «Ptit Bondye a» menm jan, Jan te di li a, Jezi te fè anpil mirak.

*Nan kèk moman nan istwa limanite, Bondye te bay kèk moun chans pou fè kèk mirak. Nan bi pou-l te kapab bay Moyiz otorite e pou li te kapab moutre pisans li sou fo dye Ejipsyen yo, Bondye te bay Moyiz pouvwa pou-l te fè mirak.*

*Sèlman kèk lòt pwofèt nan Bib la ki te geyen pouvwa pou fè mirak. Sa ki te gen pouvwa pou fè mirak yo, se te pòt pawòl Bondye te dirije nan tan ki te difisil anpil oubyen lè te gen okazyon pou chanjman istwa imanite a.*

*Lè Jezi te kòmanse ministè li nan laj 30 lane konsa, tout moun te gentan wè li gen kapasite a. Anvan li te fèt, zanj Bondye yo te gentan anonsé ke li se « Emanyèl » ki vle di « Bondye avèk nou ». Jan Batis te gentan pwoklame ke Jezi se « ti Mouton Bondye a » epi « li se Ptit Bondye ». Pou Jezi te moutre relasyon kòt-a-kòt li te genyen ak Bondye, Jezi te fè anpil mirak pandan ministè li sou latè.*

### b. Li Matye 4:23-24.

#### Nan kòmansman ministè li, ki mirak Jezi te fè nan Galile?

*Moutre ki kote zòn Galile a ye sou kat ki nan paj 7 la, liv Istwa Esperans la.*

Li te geri tout kalite maladi ak tout paralize nan mitan pèp la, non sèlman sa ki te pi senp yo men sak pa-t janm ka geri ditou yo.

Li te geri moun ki te gen move lespri sou yo, moun ki te gaga ak sa yo ki te paralize.

*Kèk pwoblèm te parèt fasil ke moun te ka konstate, chak fwa Jezi te fin geri yon malad, tout moun te kapab wè rezulta pouvwa gerizon li yo.*

### c. Li Jan 11:1-4.

#### Daprè Jezi, pouki rezon Laza te tonbe malad?

Se te pou glwa Bondye te ka manifeste "pou Bondye ka fè wè pouvwa Ptit la". (v. 4)

### d. Li Jan 11:5-16.

#### Kisa Jezi te konnen, disip yo, yo menm yo pa te konnen?

Jiskaske Jezi te retire sa nan lespri disip yo, yo tout te kwè se dòmi Laza te pèdi nan dòmi. Men yo pa-t kwè Laza te mouri tout bon vre.

### e. Li John 11:17-27.

#### Kisa Jezi te mande Mat konsènan lafwa li nan Jezi?

Li te di li "se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi." Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. (v. 25-26)

*Jezi t-ap fè pwomès lavi ki pa-p janm fini an pou moun ki mete konfyans yo nan li tout bon vre.*

#### Kisa Mat te reponn li?

"Wi, Senyè, mwen kwè ou se Kris la Ptit Bondye a. Ou se moun ki te gen pou vini nan lem-  
onn nan". (v. 27)

Ak deklarasyon sa a, Mari te fè konnen ke Jezi se Wa espesyal pèp Izrayèl la, se li menm yo t-ap klewonnen depi lontan, li se "Ptit Bondye."

### f. Li Jan 11:28-45. An nou gade byen vèsè 40-45.

#### Ki pi bèle fason, plizyè jwif ki t' ap gade mirak sa yo te reyaji?

Anpil nan Jwif ki te wè sa Jezi t-ap fè a, yo te mete konfyans yo nan Li. "V. 45"

#### Detay: Jwif yo nan Nouvo Kontra a, se moun peyi Izrayèl yo nan Ansyen Kontra.

*La li enpòtan pou nou di klèman kilès Jwif yo te ye (e yo ye) paske nou pral jwenn yo anpil nan lòt pati ki gen nan evènman yo nan etid la.*

*Moun k-ap etidye Bib la konnen byen gen kèk diferans ant de tèm sa yo ki se Jwif ak Izrayelit, yo pa vrèman sinonim. Men, pran prekosyon sou pwen sa a pou-w pa al distenge de tèm sa yo. Sa ki pi enpòtan pou-w eksplike klèman, se fè konnen toujou gen kotinite ant Izrayelit nan Ansyen Testaman ak Jwif nan Nouvo Testaman.*

## Kwonolojik Istwa Biblik

### Kijan yo dekri Jezi nan evènman



(paj 24-25)

Si sa nesesè, revize ak etidyan enstriksyon yo ki nan pwen e. nan evènman 21 an (Nesans Jezi nonm Nazarèt la, nan tèt paj 22 a nan Istwa Esperans la).

• • •

Nou pa bezwen chache tout 14 karakteristik ki gen nan kat evènman nan paj doub yo.

Sonje byen poukisa yo itilize paj doub yo ki gen aktivite, se pou ede etidyan an konnen kilès Jezi ye, epi kisa li te fè, pandan etidyan an ap li ak etidye Bib la.

Egzanp, ou ka mande:

«Èske nou wè Jezi bay aspè yon moun ki enb (abese-l) nan youn nan evènman sa yo?»

Bay etidyan an chans pou-l di sa ki nan panse-l aprè sa ou kapab ajoute kèk ide.

«Èske nou wè Jezi bay aspè yon moun ki te san peche nan youn nan evènman sa yo?»

Diskite.

«Èske nou wè Jezi te sanble ak Bondye pandan li t-ap viv kòm lòm sou latè nan youn nan evènman sa yo?»

Diskite.

**Kontinye... jiskaske ou dekouvri tout 14 karakteristik Jezi yo.**

## Yo trayi Jezi

Aprè Jida Iskaryòt fini trayi Jezi (youn nan douz apot yo), Jezi pa te sèvi ak pisans li pou yo pa te arete li, men li te pote tèt li bay ènnmi li yo.

Matye 26:1-2, 14-28, 45-56



### a. Anvan nou li Matye 26 la, Li pwofesi a nan Sòm 41:8-10.

*Salmis la te déjà di ke lènmi Mesi a (Kris la), t-ap fè konplo pou yo te touye li. Menm yon bon zanmi (« ki te konn manje avè-m ») Mesi a t-a enplike nan konplo a.*

### b. Li Matye 26:1-2.

#### Kisa Jezi te konnen ki ta pral rive li?

*Jezi te konnen egzakteman sa ki t-a pral rive-l. Li te konnen pwofesi ki te ananse depi lontan. Men anplis, paske li se Bondye, li konnen tout bagay, li te konnen byen tout sa ki pral rive.*

### c. Li Matye 26:14-28.

*Presize ke si Jida Iskaryòt te « youn nan douz disip yo », sa vle di ke li t-ap swiv Jezi, sa vle di tou li te bon zanmi Jezi pandan twazan.*

#### Nan pasaj sa a, Jezi ananse yo pral touye li.

*Presize ke Jezi pa t-ap etabli yon “lame kreyen”, Men li t-ap pale an parabòl. Pen an yo te pataje nan lanwit la se te senbòl kò Jezi ki t-ap al rache (blese). Godèt diven yo t-ap bwè a se te senbòl san Jezi ki t-ap al vèse pou nou.*

*Jezi te itilize dènye repa sa a (dènye soupe a) pou li te ka eksplike disip yo sa ki t-a pral rive li – san li t-a pral koule pou padon peche tout moun.*

#### Kouman pawòl Jezi nan 28 la se menm bagay ak sa Jan Batis te di anvan: « Men ti Mouton Bondye ki ap padone peche tout moun»? Gade ankò evènman 23 a nan paj 22.

*Lè nou konsidere tout istwa lavi Jezikris, deklarasyon Jan Batis te fè nan kòmansman ministè Jezi sou latè a te gen tout sans li. Alòske, tout ti mouton yo te konn touye avan yo se te pou padon peche moun ki te ofri sakrifis sou lotèl bwonz Tabènak Ansyen Testaman an, Jezi « ti Mouton Bondye a » te fè menm aksyon an. Men Jezi te mouri pou peche tout limanite yon sèl fwa.*

### d. Li Matye 26:45-56.

#### Èske Jezi te gen pisans pou anpeche yo arete li?

Wi, li te kapab priye Papa-l pou voye plis pase 12 lejyon zanj pou te vin delivre-l. (Vèsè 23)

\*Nòt: Yon lejyon nan lang women an konte 6,000 gason. Sa vle di ke 12 lejyon Zanj egal ak 72,000 Zanj! Sa vle di Jezi te vle di ke li te ka rele anpil anpil Zanj, si li te vle.


#### Daprè ou menm, poukisa li te bay tèt li ak tout volonte li bay ènnmi li yo?

Jezi te konnen ke arrestasyon sa a te enjis anpil, men se te volonte Papa a pou li. Yon lòt kote, nan Ansyen Testaman an yo te deja pwofetize ke sa t-a pral rive. Pou li te fè volonte Papa a, epi pou li te ranpli sa pwofesi a te di, Jezi te oblige ak tout volonte li lage kò li nan men asasen yo.

## Li ale devan jij ki mechan

Menm si okenn tribunal sivil oswa reliye pa te kapab jwenn Jezi koupab nan anyen. Yo te bat li ak mechanste epi yo te kondane li pou li mouri sou lakwa.

*Matye 27:1-2, 11-24*



### a. Li Matye 27:1-2.

**Nan pasaj sa a, kisa ki moutre, depi nan kòmansman, yo pral jije Jezi yon jan ki pa jis. Paske li se ptit ptit Jida, Jezi te kalifye pou li wa Jwif yo.**

Chèf reliye yo « te moute yon konsèy kont Jezi pou yo touye-l. » Yo pa-t sèlman wè pou yo te jije-l, men jijman kip a-t gen okenn agiman. Nan lespri yo, li te koupab paske se yon bagay ki te nan kè yo depi lontan.

### b. Li Matye 27:11-14.

#### Èske Jezi te di, li pa te wa Jwif yo?

Gouvènè a te mande Jezi “èske-w se wa Jwif yo?” “Jezi te reponn li: se ou ki di li.” (vèsè 11) *Jezi pa-t nye akizasyon an men li pa-t yon politisyen jan Jwif yo te di sa a. Lè yo t-ap eseye touye-l chèf la te vle fè dirijan politik yo kwè ke Jezi leve kont gouvènman an, se yon chef rebèl ki te bezwen reyini anpil gwoup moun pou-l kraze gouvènman, paske yo te gen pouvwa nan epòk la, Jezi pa-t janm bezwen pouvwa politik.*

- Nan Jenèz 49:10 Bondye te pwomèt yon baton kòmandman, ki se senbòl pouvwa yon wa ki p'ap janm pase lwen tribi Jida. Paske li se ptit ptit Jida, Jezi di pou li wa Jwif yo. Gade ankò pwen d evènman 12 la, nan paj 17.

*Papa Jida se Izrayèl (yo te konnen sou non Jakòb anvan) li te deja di gen Wa k-ap soti nan fanmi Jida a. David se premye Wa Jwif ki te akonpli pwofesi sa a. Manman ak papa (Mari ak Jozèf), tou de te soti nan ras Jwif la.*

- Gade ankò pwen c, ak d, evènman 19 la nan paj 23. Paske li se ptit ptit David, ki te sòti nan tribi Jida, Jezi te kalifye pou li mete soup ye wayòm nan, daprè ras David la.

*Aprè lanmò David, ptit li Salomon te pase plizyè tan sou wayòm nan kòm Wa. Aprè sa lòt desandan David yo te wa sou Izrayèl (Jwif yo) yo ta pral konnen yo kòm Jwif.*

*Men nan tan Jezi te fèt la, plis pase 500 lane te gentan pase san pa-t genyen okenn desandan David ki t-ap dirije Izrayèl (Jwif yo) kòm wa!*

*Avèk Jezi, dinasti David la te retabli. Men, Bondye te pwomèt David wayòm nan ap la pou toutan. Kòman bagay sa ta pral rive si Jezi te gen pou li te mouri?*

*Memorize panse sa a. N-ap jwenn repons kesyon sa a lè n-ap avanse nan etid nou.*

### c. Li Matye 27:15-24.

**Ki prèv ou wè nan pasaj sa a, ki moutre Jezi pa te koupab nan okenn krim yo te akize li yo, sitou, se pou krim sa yo, yo te jije li?**

1. Madanm gouvènè Pilat la (ki te la kòm jij) t-ap di mari li “nonm jis sa a pa fè anyen non”. Bondye te pale avèk madanm sa a nan yon rèv. (vèsè 19)
2. Menm Pilat tou te deklare ke Jezi te inosan. (vèsè 24)

Pilat te bay sòlda yo lòd pou te bat Jezi epi krisifye-l paske Pilat te pè foul la, malgre li te konnen ke Jezi pa-t fè anyen ki mal.

## 31 Jezi klosure sou lakwa

Aprè sa, Jezi, ti mouton san defo Bondye a, te mouri sou yon kwa pou peche nou. Li te gen viktwa sou dyab la jan Bondye te pwomèt Adan ak Èv sa.

*Lik 23:26-38; 1 Korent 5:7*



a. Yon istoryen jwif ki te rele Jozèf, te kalifye koze klosure moun sou lakwa tankou yon trè move bagay. Tou dabò, moun yo kondane a, yo kale li ak yon kalite fwèt ki kout. Après a, yo klosure li sou yon kwa kote li pase anpil èdtan, yo meprize li epi li gen doulè ki tèrib anpil, anvan li mouri anba bagay tèrib sa a.

*Pou ka prepare ou pou lesion sa a, li kèk lòt enfomasyon sou krisifiksyon ke w-ap jwenn nan dènye paj lesion an.*

*Sa t-ap penmèt etid la pi fasil si (1) kopi kole seksyon an kise lòt ti enfomasyon ki pale sou krisifiksyon. (2) enprime yon kopi pou etidyan-w nan. (3) epi li enfomasyon sa yo ansanm byen fò anvan nou ale li pasaj biblik ki mache avèk yo.*

*Toutan etidyan ka konprann etap sou krisifiksyon an se toutan ke l-ap kapab konprann lanmò Jezikris la.*

b. Li Sòm 22:1-18. Wa David te ekri sòm sa a sou wa Jwif la, apeprè 1000 ane anvan Jezi te fèt e plizyè santèn lane anvan kesyon klosure moun sou kwa, te yon pinisyon yo bay moun, yo ap pale la a, (se sovè a) ki te gen pou li mouri sou lakwa.

*Presize: David pa-t ekri okenn bagay ke li te obsève li menm. Li te ekri sou enspirasyon Sentespri a e li te ka pa-t menm konprann sa li t-ap ekri a.*

Kèk endikasyon ki kapab moutre moun yo t-ap dekri a t-ap gen pou li mouri krisifye:

Vèsè 6-7: Tout moun t-ap pase-l nan rizib (spektak).

Vèsè 8: Li t-ap mande delivrans, li te nan yon sitiayson dezespere.

Vèsè 12-14: Lènmi li yo te antoure li yo te prêt pou yo dechire-l.

Vèsè 15: Li te pèdi tout fòs li tankou dlo k-ap tonbe atè, tout zo nan kò li te dejwente.

Vèsè 16: Fòs li t-ap cheche tankou labou nan solèy.

Vèsè 17: Men-l yo ak pye-l yo te pèse.

Vèsè 18: Tout zo nan kò li te parèt. Yo t-ap tire osò pou rad li (petèt li te ka pa-t gen rad sou li)

### c. Li Lik 23:26-38.

**Kisa lapriyè Jezi a fè nou konnen sou li, nan vèsè 34 la?**

Jezi te gen lapè ak tèt li, ak Bondye e ak lènmi li yo malgre tout soufrans li. Li te bay tèt li plis pwoblèm pou lòt moun e li te padone menm moun ki te krisifye-l yo, menm si li pa-t fè anyen ki merite lanmò, yon lanmò ki te tèrib e menm imilyan.

### d. Li dènye pati nan 1 korent 5:7 la.

« Yo te krisifye Kris ki se veritab fèt pak nou an. Yo te sakrifye li pou nou. »

## Chache resanblans ki genyen ant ti mouton yo te touye nan peyi Lejip la ak lanmò Jezi sou lakwa. Gade ankò evènman 14 la nan paj 18.

Men kèk resanblans etidyan yo ta dwe an mezi pou yo konprann nan etid la. Pandan ke n-ap avanse ak etid la n-ap dekouvri kèk lòt resanblans. Pou kounya pokò prezante yo.

1. *Se pou bêt nou chwazi a se yon mal ki gen ennan, epi ki pa gen okenn enfimite li te mèt mouton oubyen kabrit. (Egzòd 12:5)*
2. *Ti mouton an pap mouri pou yon bagay ke li te fè.*
3. *San ti mouton inosan an te koule pou li te ka sove lòt moun.*

**Krisifiksyon:** Krisifiksyon se yon lanmò ki di anpil (se yon pèn ki la espesyalman pou yon krim ki tèrib anpil) epi ki fèt nan piblik (ekspresyon an se klosure sou kwa), ki pi malonèt ke nenpòt lòt metòd. Metòd krisifiksyon an varye soti nan yon rejon ale nan yon lòt, epi soti nan yon epòk pou ale nan yon lòt.

Mo Grèk ak Laten ki koresponn ak "krisifiksyon" te aplike sou plizye fòm egzekisyon, mare sou pye bwa, sou yon poto bwa vertikal oubyen yon moso bwa sou fòm yon kwa.

Si yon kwa te itilize, gason ou byen fanm ki kondane a te dwe pote-l sou zepòl li ki deja rache ak kout fwèt jis lè li rive kote li gen pou li mouri a. Yon kwa te peze plis pase 135 kilogram, men pati orizontal la sèlman te ka peze 35 ak 60 kilogram.

Moun ki klosure sou kwa a kapab gen men-l mare ak kòd, men klou yo tou te mansyone nan youn nan pasaj Jozèf yo, kote li di ke "Sòlda ki an kòlè yo, pou dan griyen, kèlkeswa sikonstans la depi yo pran yon moun yo krisifye-l."

Jozèf te ekri sou plizyè fason ke yo tòtire ak plizyè pozisyon nan epòk Tit te konn krisifye rebèl yo.

Gibèt se te yon bwa tou long, kote yo te konn pann kriminèl yo jiskaske yo mouri, se mwayen ki pi senp ki te egziste nan tan sa a. Anpil fwa, yo te konn klosure yon lòt moso bwa preske nan tèt gibèt sa a pou ba li yon fòm T oubyen nan tèt la dirèkteman, fòm kwa gen anpil siyifikasyon pou kretyen yo, se yon senbòl li ye pou yo. Te konn gen lòt fòm tankou X oubyen Y tou.

Daprè sa yo ekri, kwa yo te krisifye Jezi a te gen fòm lèt T (lèt grèk tau), ou ka di tou li te fèt ak yon bwa long yo klosure yon bout nan tèt la pou separe-l.

Krisifiksyon ki te pi popilè nan tan sa a, yo te konn klosure men moun yo kondane a, kòm ou konnen men moun nan pa gen ase kapasite oubyen fòs pou sipòte pwa tout kò a.

Si enfòmasyon Jozèf te ekri yo se verite, Sèdil (se yon ti sipò yo klosure nan devan kwa) la yo te konn itilize pou anpale patijenital kò moun nan jan li di nan istwa; li te konn sèvi tou pou kondane a pran fòs sou talon pye-l se yon moso bwa-l te ye, epi yo foure yon klou oubyen yon prent fè atravè patijenital yo. Si sa te yon pratik yo te konn fè toutan, ebyen, sa fè kwè tout bon istwa moun yo konn krisifye yo ki pran plizyè jou pou yo mouri sou kwa se yon verite, paske lè kò-a pran fòs sou talon pye a oubyen sou Sèdil la sa provoke lanmò asfizi. Metòd sa a se te yon imilyasyon pou kondane ki te soufri anpil tou, paske lè yo mete kondane a toutouni se yon lòt karakteristik nan anpil lòt krisifiksyon.

Yon lòt posibilité tou, yo te konn klosure klou yo byen fon nan pwanye men moun nan, nan mitan dezo anvanbra yo. Klou yo te konn antre tou atravè pwanye a, nan yon espas ki genyen ant 4 zo kapyen yo. Yon lòt posibilité ankò, klou yo te konn pase antravè, yo te konn antre nan pla men an anba gwo pou la li vin soti nan pwanye a li pase antravè twou kapyen an.

Anvan moun nan mouri sa ka pran kèk èd tan oubyen kèk jou, sa depann ki metòd krisifiksyon yo itilize pou bay moun nan, genyen tou sante moun nan ak sikonstans anviwònman ki antre nan siti�asyon an.

Te gen yon teyori ki te sijere ke koz tipik lanmò a se te asfizi. Paske tout kò a vin pran fòs sou de men moun nan ki pandje anlè, kondane a te gen anpil difikilite pou-l respire aksòz poumon-l ki pa travay twò byen. Fòk kondane a detire kò-l avèk bra-l yo ki klosure, oubyen ak pye-l yo ki klosure tou nan yon bout bwa. Se sa-k fè, bouwo women yo te konn kraze jam kondane a anvan, konsa, pou-l ka mouri pi rapid. Lè-l pa ka sipòte ankò, li pa ka detire kò-l ankò, moun sa a mouri nan kèleke

minit. Si metòd asfizi a pa touye moun nan, gen yon pakèt lòt fason yo te konn itilize, tankou yo konn bat moun nan jouk li mouri, yo te konn klosure moun nan plis toujou, kò-l vin pa gen dlo ankò, alèkile li pèdi tout fòs li mouri.

Gen kèk eksperyans ki moutre ke, lè yon moun pandje anlè nan nivo 60 oubyen 70 degre nan pozisyon vètikal, moun sa a pa gen okenn difikilte pou li respire, yon sèl bagay li ka santi li pa twò alèz epi li ka santi doulè. Se fason sa a women yo te konn krisifye moun, se te yon agoni, moun nan mouri nan imilyasyon.

Source: <http://en.wikipedia.org>

Nòt editorial: Li posib pou klou yo te klosure Jezi sou kwa te pèse pwanye li, men yo pa-t pèse plan men-l. Mo grèk ki tradi ‘Men’ mo sa a fè referans ak plan men an ki gen pwanye a ladann.

Men, dèské nou pa konnen egzakteman ki kote klou yo te antre, se sa ki fè ke nou mande atis nou yo pou yo mete klou yo nan plan men Jezi nan imaj yo, konsa pou sa a pa bay okenn moun pwoblèm ak panse ke yo ka genyen.

## Yon brigan ki ta pral mouri, repanti

Pandan Jezi te nan lagoni li, youn nan malfektè yo te krisifye bò kote li, te mete konfyans li nan li. Jezi te pwomèt li ta pral viv nan paradi avèk li menm jou a.

*Lik 23:39-47*



### a. Li Lik 23:39-42.

**Pami tout pawòl ki ekri anba yo, kilès ladan yo ki vre nan ka kriminèl la ki konvèti?**

#### ☒ Li te pè Bondye.

<sup>39</sup> Youn nan kriminèl yo te klosure sou kwa t-ap joure li, li t-ap di li “èske se pa ou ki se kris la?” Sove tèt ou epi sove nou ansanm avèk ou.”

<sup>40</sup> Men lòt la reponn li, li di: Gen lè ou pa pè Bondye, ou menm ki anba menm kondannasyon avèk li a?”

*Nòt: Istwa sa nan Matye 27:44 ki te endike evènman nan kòmansman an, tou de kriminèl yo t-ap “ensilte” Jezi. Petèt, kèk bagay te kapab fèt pou ke youn nan yo te kapab gen krentif pou Bondye e pran Jezi kòm sovè-l.*

#### ☒ Li te rekònèt li koupab.

<sup>41</sup> Pou nou menm se jistis, paske nou resevwa sa nou merite pou krim nou fè;

#### ☒ Li te rekònèt Jezi inosan.

<sup>41</sup> ...Men li menm li pa-t fè anyen.”

#### ☒ Li te kwè vrèman Jezi te wa.

<sup>42</sup> Epi li di Jezi: Sonje-m wi lè-w va vin pran gouvènman-w nan men ou.

*Nòt: Nan anpil tèks grèk yo te konn ekri ak men, pa gen mo « Senyè » nan yo, yo annik li « Jezi, sonje mwen... »*

#### ☒ Li te kwè gen yon vi aprè lanmò.

<sup>42</sup> ... Sonje-m wi lè-w va vin pran gouvenman-w nan men ou.”

#### ☒ Li te kwè Jezi te kapab ba li favè li kòm wa.

<sup>42</sup> ... Sonje-m wi lè-w va vin pran gouvenman-w nan men ou.”

#### ☒ Li te mande Jezi yon bagay ki chita sou lafwa li.

<sup>42</sup> ... Sonje-m wi lè-w va vin pran gouvenman-w nan men ou.”

### b. Li Lik 23:43.

**Ki pwomès Jezi fè? Kilè pwomès la va reyalize? Ki pawòl ki moutre pwomès la vre?**

Pou pwomès la: Jezi te pwomèt nonm nan l-ap nan paradi a ansanm avèk li.

Se te pou kilè: Jezi te di sa va rive « Jodiya menm ».

Asirans la: Jezi te di sa avèk asirans anvan li te fè pwomès la : « sa m-ap di la se vre wi ».

### c. Ki paradi Bondye te kreye nan kòmansman an? Gade ankò evènman 3, nan paj 13 la.

1. *Nan jaden Edèn nan kote Bondye te mete Adan ak Èv la, se te yon bèl jaden ki te plen fwi.*

2. Pote yon presizyon sou lye oubyen kote Bib la rele "syèl la" se paradi ke tout moun ki kwè nan Jezi yo prale aprè lannmò. Kriminèl ki te repanti a nan lye sa a aktyèlman ki se paradi a avèk Jezi. Reflechi byen pou nou wè kijan li te manke rate benediksyon paradi sa a avèk Bondye.
3. Pandan n-ap avanse avèk etid nou, n-ap aprann plis bagay sou bèle paradi sa a Bondye t-al prepare pou moun ki kwè nan li yo pou padon peche yo. Moun ki kwè nan Jezi tout bon an ap gen lavi ki p-ap janm fini an.

#### d. Li Lik 23:44-47.

##### Kisa kaptenne lame women\* an, te finalman di?

\*Nòt: Yon santenyé se te yon sòlda ki te gen sou kòmandman li 100 zòm. Santenyé sa te kapab petèt sòlda women ki te gen posibilité pou asire bon dewoulman lannmò Jezikris la. Kòm se yon chèf women, li evidan ke li te kapab patisipe nan plizyè krisifiksyon pou tout lòt moun ki te genyen yon pretansyon mesyanik.

Santenye a:<sup>47</sup> Ki te wè sa ki te rive a te bay Bondye glwa e li te di "sa se sèten, nonm sa a se yon nonm ki jis."

Lòt rapò sou evènman an moutre ke santenyé a te vle di "se tout bon vre, nonm sa a se pitit Bondye!" (Matye 27:54, Mak 15:39) Fè tou de (2) deklarasyon yo, men yon bagay ki sèten, li te enpresyone ak sa li te wè pandan okazyon sa a! Pa bliye, pandan li t-ap fè deklarasyon sa a, li t-ap bay "Bondye glwa."

#### e. Li Mak 15:33-39.

##### Ki lòt evènman ki te pase lè Jezi mouri?

Kèk fè ki pi enpòtan yo se:

1. Vèsè 33-34: Li eksplike ke Bondye Papa a te lage Pitit li Jezi paske nan moman sa a, Jezi te pran tout peche nou yo sou do li.
2. Vèsè 37-38: Eksplike rezon ki te fè vwal tanp la te dechire depi anlè jouk rive anba. Sonje sa nou te di sou vwal ki te nan Tabènak la (paj 10) li te separe lye sen ak lye trè sen an, la kote Bondye te ye nan mitan Izrayelit yo. Presize ke te genyen yon vwal ki sanble ave-l ki te nan tanp Jerizalem nan (tanp Salomon pitit wa David te konstwi ak materyèl li te rasanble yo.) vwal tanp la te dechire nan menm moman Jezi te mouri.

*Mande etidyan an poukisa bagay sa te rive. Esplike li se paske Jezi te mouri pou li te ka peye dèt peche nou yo, kounya nou ka al kote Bondye gras ak travay sa a Jezi te fè pou nou. Lanmò Jezi a te fè nou gen relasyon ak Bondye.*


3. Vèsè 39: Eksplike ke Mak, otè evènman lanmo Jezi a, te anonsé Jezi se te Pitit Bondye tout bon vre! Lik nan pasaj la 23.43-47, rapòte ke santenyé a te pwoklame pawòl sa pandan li t-ap di kilès Jezi ye, "setènman, nonm sa jis!" santenyé a te tèlman enpresyone, li te fè de deklarasyon, avèk lòt pawòl ak ekspresyon louwanj.

## Kwonolojik Istwa Biblik

**Kijan yo dekri Jezi nan evènman** ? (paj 26-27)

Aprè lanmò li, yo te mete Jezi nan tonm. Twa jou pi ta, Bondye te fè li viv ankò pa mirak pou li te kapab moutre pisans li sou peche, lanmò ak lanfè.

*Lik 24:1-12, 36-43*



## a. Li Ebre 2:14-15.

### Daprè vèsè 14 la, poukisa Jezi te mouri?

Pou Li te ka pote viktwa sou Satan, li menm ki te gen pouvwa pou touye moun

*Pou nou ka fè yon lyen ak vèsè sa a, an nou retounen nan Jenèz 3:15 (evènman 7 nan paj 15).*

### Epi daprè vèsè 15 la?

Delivre tout moun ki anba esklavaj, paske yo te pè lanmò

## b. Li Lik 24:1-12.

### Bay prèv ki moutre Jezi pa te nan tonm lan.

1. Vèsè 2 -- *Wòch ki te bouche kavo a te woule.*
2. Vèsè 3 – *Medam yo pa-t jwenn kò Senyè Jezi a.*
3. Vèsè 4-6 – *Gen de moun (Zanj) ki te di medam yo ke Jezi pa-t nan tonm nan anko, men li te resisite.*
4. Vèsè 6-7 – *Zanj yo te fè medam yo sonje ke Jezi te di yo sou twa jou l-ap leve soti vivan nan lanmò.*
5. Vèsè 12 – *Pyè te kouri ale nan kavo a pou li te ka wè ak je pa-l, men li te wè dra yo te vlope kò Jezi a sèlman.*

## c. Li Lik 24:36-43.

### Kisa Jezi te fè pou bay prèv li pa te yon iespri, men li te resisite ak tout kò li?

1. *Jezi te moutre men-l ak pye-l yo ki te pese ak klou epi li te envite disip li yo pou yo manyen li e fè yo kwè ke li pa-t yon revinan. (Vèsè 36-40)*
2. *Jezi te mande yo manje epi li te manje devan je yo. (Vèsè 41-43)*

## d. Paske Bondye te resisite Jezi...

- **Vre** oswa pa vre? *Nou kapab kwè pawòl Jezi sou tèt li yo vre.*

*Yon limyè sou sa nou te aprann sou Bondye (ki sen, ki jis epi ki san parèy), nou dwe kwè ke Bondye pa t-ap bay Jezi lavi si li pa-t mennen yon vi ki dwat epi si li pa-t kenbe afimasyon li sou inite li ak Bondye.*

- **Vre** oswa pa vre? *Nou kapab gen lasirans Bondye aksepte Jezi mouri pou li peye pou peche nou yo.*

*Li enpòtan anpil pou etidyan an konprann lyen ki genyen nan rezireksyon Jezi a epi satisfaksyon Bondye ak lanmò Jezi ki se yon pri Jezi te peye pou nou. Li paragraf yo pou nou kapab eksplike reyalite sa a nan pwòp mo pa nou.*

*Lè Bondye te bay Jezi lavi, Bondye te eksprime satisfaksyon li sou lavi epi lanmò Jezi, li te akonpli sa papa-l te voye-l fè sou latè.*

*Li te mennen yon vi ki sen, ki san peche, epi li te mouri pou peche lèzòm. Men, nan plas ti mouton inosan yo te konn sakrifye yo, Jezi te pote sou do li kwa a, ki se peche nou tout. Jezi te mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, Papa a te*

vire do ba Li. Paske lè sa a, Jezi ki pa-t janm fè peche te pran jijman an pou peche nou yo. Yon Apòt nan Bib la te rapòte li nan fason sa a:

<sup>21</sup>Kris la pa-t janm fè okenn peche\*, men Bondye fè-l pran sò nou yo sou li, yo trete-l tankou yon moun ki fè peche. Konsa, le nou fè yon sèl kò ak Kris la, Bondye fè nou gras. (2 Korent 5:21)

\*Nòt: Sa vle di ke ofrann peche a te fè Bondye plezi.

Apòt Jan te fè yon ti rezime sou lanmò Jezi, yon apòt Jezi, rakonte nou ke nan dènye moman an, Jezi te di mo sa yo : tout bagay fini ! Menm si Jezi te pale arameyen, li te itilize mo Grek sa « tetelestay. » (Jan 19:30)

Se te yon mo ke yo te konn itilize nan komès ki te vle si « akite » lè yon dèt fin peye, yo ekri teteleskay sou yon dokiman prepare, yon testaman oubyen sou yon lèt rekomandasyon. Premye syèk la, moun ki te peye tout dèt yo, te konn renmen di mo sa ki se teteleskay. Se te yon kri de jwa, de viktwa. Le Jezi te di tout bagay fini li te deklare viktwa. Dèt peche tout moun te peye e padone.

Rezireksyon Jezi a se te tankou yon resi ke Bondye ban nou- yon sètifikasi ki pwouve ke dèt nou te akite nou pa dwe ankò. Men si nou chwazi resevwa-l ou pa, sa se yon lòt kesyon.

#### e. Lè nou reflechi sou lesон nou te etidye, ki jan ou ta reponn kesyon sa a? Kilès Jezi ye? Yon moun ki fè kritik nan literati ki se yon gran filozòf gen twa fason yo kapab reponn kesyon an:

- Li te yon moun fou.**
- Li te yon mantè.**
- Li te egziste epi li se seyè Bondye jan li te di li a.**

Anvan nou tèmine echanj sou evènman sa a, li atik ki nan seksyon ansèyman siplemantè ki anba a. L-ap prepare-w pou ka dirije yon diskisyon sou yon bagay kèk moun rele "trilèm" ki se yon chwa nan twa opsyon:

1. Deklarasyon Jezi yo sou sijè a te tèlman enpòtan nan ansèyman li yo, si se te manti yo te ye li t-ap difisil pou yo konsidere-l kòm yon gran anseyan. Si Jezi te twoñpe moun sou kalite moun li te ye, epi fason peche yo kapab trete, ebyen li t-ap pami pi move anseyan ki egziste sou latè.
2. Dezyèm opsyon an ofri ak ou menm, èske ou panse deklarasyon Jezi yo te fò, men li pa-t panse sa, si se ta yon ka konsa, li te fou. Si Jezi te kwè ke deklarasyon-l yo se verite, men se pa-t sa li te ye, li t-ap fè tèt li pase pou lòt moun. Si yon moun kèlke swa moun li ta ye a panse ke li se Dye, yo di tou senpleman ke moun sa se yon mantè.
3. Twazyèm opsyon ke nou ta kapab chwazi sou Jezi, ann di si tout sa li te diyo ta vre, si se ta yon bagay konsa, li te, epi l-ap toujou rete Senye nou. Li pa-t sèlman yon pèsonaj eksepsyonèl men li te Bondye sou latè. Si nou pran Jezi tout bon, ebyen nou dwe pran oserye tout sa li te di yo. Nou pa kapab di Jezi se yon gran anseyan nou renmen e se sou li nou fikse je nou epi ansèyman ki pi fondamantal la se yon erè monimantal. Jezi pa-t yon gran anseyan ; li te kapab plis ke sa, ou pipiti ke sa. Moun sa yo ki ekri e ki reponn Jezi se te yon mantè, oubyen yon moun fou, ebyen yo dakò ak tout sa ki te di yo, menm jan ak tout moun ki mete konfyans yo nan Jezi kòm Senyè. Egzanp sa yo se jis yon atak pou moutre Jezi se te yon gran anseyan men li pa-t Bondye ; men sa pa gen okenn rapò avèk ide ke Jezi se te yon gran anseyan. Pou nou fini, li t-ap pi bon pou nou konsidere Jezi kòm Senyè nan plas yon mantè oubyen yon moun fou, nou dwe moutre ke gen kèk rezon ki ka fè nou pran deklarasyon yo oserye. Èske nou gen kèk rezon pou nou pran deklarasyon yo oserye ? Anpil moun pretann ke nou dwe fè sa a, nou genyen pi gran evidans ki egziste pou nou moutre Jezi te konnen sa li t-ap pale lè li te abode sijè sinatirèl yo. Te genyen lòt prèv, tankou prèv istorik Jezi te resistite pami mò yo, bay dwa ak deklarasyon otorite relijiye yo. Yo te di ke rezireksyon an se te yon prèv diven nan ansèyman Jezi a, yon konfirmasyon ke Bondye li menm te moutre ansèyman yo se verite. Si se sa, pa ta dwe gen dout sou opsyon ki ekri sou Jezi pami twa opsyon yo. Si genyen yon evidans ki sinyifikatif pou rezireksyon an, se sèlman nou dwe pran Jezi oserye.

## Jezi moute nan syèl

Aprè rezireksyon li, plizyè fwa Jezi te fè disip li yo wè li epi aprè li moute nan syèl pou li rete la avèk papa li.

*1 Korent 15:3-8; Travay 1:6-11*



### a. Li 1 Korent 15:3-8.

**Vrè osinon pa vre? Plis pase 500 moun te wè Jezi byen vivan aprè rezireksyon li e kèk ladan yo te toujou vivan, lè lèt pou kretyen Korent yo te ekri.**

*Li trè sinyifikatif ke pifò nan 500 moun sa yo te wè Jezi vivan aprè li te resiste, yo te toujou la tou lè Pòl (moun ki te ekri evènman sa a) te fè deklarasyon sa a. Si moun sa yo pa-t kwè nan pawòl sa yo Pòl t-ap di a, yo ta dwe chèche pou wè si Pòl te bay verite.*

### b. Li Travay 1:6-11.

*Presize evènman sa te parèt 40 jou aprè rezireksyon Jezi. Bay yon brèf ide sou sa ki te rive pandan jou sa yo- Jezi te rankontre disip yo plizyè kote. Ajoute ke Jezi te fè plis ke sa ki ekri nan Bib la.*

*Eksplike kesyon disip yo te poze Jezi sou wayòm nan—sa yo t-ap tann se pou yo ta etabli yon wayòm literal sou latè. Presize tou nou gen pou nou aprann plis sou wayòm tèrès la nan prochen pati etid nou, sou sa disip yo t-ap tann nan. Sa yo t-ap tann nan te jistifye, men lè a pa-t ko rive.*

**Travay 1:8 fè nou konnen dènye pawòl Jezi sou latè. Fè rezime dènye pawòl Jezi te di, disip li yo.**

*Jezi te pwomèt ke “Sentespri a” t-ap vin rete nan disip yo. Sonje Sentespri se youn nan twa moun ki nan trinite a- Sentespri a se Bondye, menm jan tou Jezi se Bondye e Papa se Bondye.*

*Sentespri a se youn nan twa moun ki rete nan moun ki kwè, li repoze sou yo pou-l ka ba yo yon pisans sinatirèl y-ap bezwen pou yo ka sèvi Bondye.*

### c. Li Travay 1:9-11.

**Ki pwomès de nèg yo (zanj yo) te fè disip Jezi yo?**

Yo te di disip yo Jezi gen pou li retounen sou latè. Pwomès yo bay de detay ki enpotan:

1. “Jezi”- se moun ki te viv avèk nou, ki te mouri pou nou, epi kite leve soti vivan nan lanmo.
2. “L-ap retounen nan menm fason nou te wè li lè li ta prale nan syèl” -yon asansyon fisik, literal epi vizib ki vle di l'ap retou fizikman, literalman epi vizibman.

**d. Nan Istwa Bib la, gen kèk lòt chapit ki pale sou kesyon Jezi te fè yo wè li, apre li resisite. Travay 7:54-56.**

*Gade sans sa---- lè yo t-ap touye Etyèn ak kout wòch.*

**Ki kote Jezi te ye lè sa a?**

Jezi te nan syèl, li te chita bò dwat Papa-l. Li te konnen sa ki te rive Etyèn nan, li te gentan kanpe pou-l te resevwa Etyèn nan paradi syèl la kote tout moun ki kwè yo prale lè yo mouri.

**e. Kisa Jezi ap fè kounyeya nan syèl la?**

**Li Ebre 7:24-25. Siy: mo li epi limenm (nou jwenn nan kèk vèsyon Bib la) se konsènan Jezi yo ap pale.**

Jezi “ki la pou toutan” l'ap entèsede pou tout moun ki aksepte li pou yo ale jwenn Bondye. Eksplike etidyan an “Jezi vle pou nou swiv li menm ki se chemen an pou nou ka rive bò kote Bondye.” Epi, tankou yon avoka, l-ap toujou la pou li entèsede pou Bondye ka ban nou favè li.

**Yon ti tan aprè Jezi moute nan syèl, disip li yo te koumanse pale de li, yo di li te egziste, bagay li te fè, epi poukisa tout moun dwe kwè nan li pou yo kapab sove anba peche.**

Travay 2:22-36



**a. Di jou aprè Jezi moute nan syèl, Sentespri Bondye a te desann sou disip Jezi yo, jan li te pwomèt li a.**

*Bay yon ti rezime sou sa ki te pase depi lè Jezi te moute nan syèl, 120 moun te reyini nan yon chanm espesyal ki nan Jerizalèm jouk rive nan jou pankot la Sentespri te desann sou chak moun epi li te plen yo ak pisans. Nou pa bezwen bay twòp detay, men eksplike kòman Sentespri a te bay disip Jezi yo yon kapasite pou yo te pale nan lang moun ki te soti Jerizalèm nan fèt anyèl pankòt la.*

*Mansyone an pati, depi jou sa a, lè yon moun vin yon vrè kwayan nan Jezi, Sentespri Bondye abite nan moun sa a menm moman.*

**b. Ranpli ak pisans Lespri Bondye, Simon Pyè, youn nan disip yo, te fè premye diskou li sou Jezi. Pyè te bay temwayaj sou bagay li te wè ak bagay li te tande. Di sa li te di, konsènan...**

**Li Travay 2:22-36.**

- **Lavi li (Vèsè 22)**

<sup>22</sup> “Nou menm moun ras Izrayèl, koute sa-m pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm ki te voye li, paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak tout siy Bondye te ba-l pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen.”

1. *Bondye te moutre (kòm verite) atravè mirak ke li fè Jezi se Ptit Bondye a, Bondye ki Bondye tout bon an.*
2. *Menm jan nou konnen deja, plizyè nan moun sa yo te temwen mirak Bondye te fè. Yo pa-t ka itilize inyorans yo kòm yon eskiz pou pa kwè nan Jezi.*

- **Lanmò Li (Vèsè 23)**

<sup>23</sup> “Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle-l la, daprè plan li te deja fè nan tèt li. Nou klosure li sou kwa, nou te touye li ak men nou tou sal”;

1. *Lanmò Jezi te nan plan Bondye. Byen lontan anvan Bondye te kreye lemonn. (Efezyen 1:3-7)*
2. *Men se kriminèl yo ki te pran Jezi, ki te klosure li sou kwa.*

- **Rezireksyon li (vèsè 24-32)**

Epi, Pyè te site yon pasaj nan Sòm ke wa David te ekri nan Ansyen Testaman. Sòm 16:24-32

<sup>24</sup> Bondye te resiste-l pandan ke li te delivre-l pamì mò yo, paske lanmò pa-t gen pouvwa sou li.<sup>25</sup> Men sa David te ekri sou li:

“Mwen te wè Bondye, Mèt la, toutan devan je mwen. Paske li te toujou bò kote-m. Anyen pa ka brinnen-m.”

<sup>26</sup> Se poutèt sa kè-m kontan anpil, se pawòl kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen, m-ap poze-l avèk espwa nan Bondye.

<sup>27</sup> Paske, ou p-ap kite-m kote mò yo ye a. ou p-ap penmèt moun k-ap sevi ou la pouri

anba tè.

<sup>28</sup> Ou fe-m konnen tout chemen ki bay lavi a. M-ap kontan nèt paske ou toujou la avèk mwen.

<sup>29</sup> "Frè-m yo, penmèt mwen pale kareman ak nou. David, zansèt nou an, mouri, yo antere-l. Tonm li la nan mitan nou jouk jodiya. <sup>30</sup> Men, David te yon pwofèt, li te konnen sa Bondye te pwomèt la. Bondye te semante li t-ap fè youn nan ptit li yo wa tankou li. <sup>31</sup> David te wè sa Bondye ta pral fè a. Se konsa li te di Kris la gen pou-l leve soti vivan nan lanmò le-l di: yo p-ap kite-l kote mò yo ye ya. Kò Li p-ap tounen pouriti. <sup>32</sup> Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan nan lanmò. Nou tout nou temwen bagay sa a."

**Pyè te sèvi ak sòm 16:8-10 nan vèsè 25 a 28. Èske nou konnen byen sòm sa a wa David ki te ekri li apeprè 1000 ane anvan Jezi te fèt?**

- **Li moute nan syèl la (vèsè 33-35)**

<sup>33</sup> Bondye fè-l moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resevwa Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide-l sou nou. Enben, se sa n-ap wè, se sa n-ap tandé kounyeya.

<sup>34</sup> Se pa David ki te moute nan syèl la. Men, li te di : "Bondye te di Senyè mwen an : 'Chita la sou bò dwat mwen,

<sup>35</sup> Jouk tan mwen fè lenmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou."

**c. Kouman Pyè te fini diskou li a sou Jezi moun Nazarèt la (vèsè 36)?**

<sup>36</sup> "Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen : Jezi, nonm nou te klosure sou kwa a, se li menm Bondye fè Senyè, se li menm Bondye fè Kris la"

*Mete nan lespri nou ke Simon Pyè te konnen Jezi pi byen pase tout lòt moun. Li te pase plis pase 3 zan avèk Jezi, li t-ap obsève lavi li, li t-ap tandé ansèyman li yo, li te temwen mirak li yo, li te wè lè li t-ap mouri, li te pase plizyè tan avèk li aprè rezireksyon li epi li te la lè li t-ap moute nan syèl.*

*Pyè te konnen tout bon sa li t-ap pale.*

## Jezi ap retounen pou moun ki kwè yo

Menm jan li te pwomèt li sou late, Jezi ap retounen vin chèche sila ki vrèman kwè nan li pou li kapab ale avèk yo nan syèl.

*Jan 14:1-3; 1 Tesalonik 4:13-18*



a. **Evènman 36 jiska 40 Istwa Esperans la pokò rive. Pou nou rive la, nou etidy bagay ki pase. An nou gade kounyeya kouman istwa Bib la ap mennen nou natirèlman pou nou rive nan evènman ki gen pou rive (pwofesi a).**

b. **Anvan lanmò li, kisa Jezi te di disip yo, pou ba yo fòs? Li Jan 14:1-3.**

*Gade sans pasaj sa pandan ke n-ap eksplike kouman disip yo te toumante lè Jezi di li pral kite yo.*

Jezi te rekonfòte yo avèk 4 pwomès sa yo:

1. *Nan syèl la, lakay Papa mwen, gen anpil kote pou moun rete.*

**Nòt:** Genyen kèk vèsyon Biblik ki di "Kay" gen kèk lòt ki di "kote". Si genyen kote lakay Bondye pou moun rete, enben, nou mèt kwè yo daprè konsepsyon tèrès nou!

2. *Mwen pral pare yon plas pou nou.*

3. *M-ap retounen vin chèche nou.*

4. *Konsa kote-m va ye se la, n-a ye tou.*

c. **Pou nou kapab aprann plis bagay sou kesyon Jezi ap retounen an, pou li vini chache legliz li, li 1 Tesalonik 4:13-18.**

• **Kisa ki pral rive ak disip Jezi yo ki te deja mouri?**

Vèsè 13-14 – Jezi pral ale avèk yo lè li retounen. Sa vle di ke yo pral avèk li nan syèl la.

Vèsè 16 – Tout moun ki te mouri nan Kris la ap resisite an premyè. Si Bondye prale avèk moun ki te mouri anvan yo, kouman y-ap kapab resisite an premyè?

*(Sa nou rele espri oubyen nanm nan) pral jwenn Jezi ak Bondye Papa a. Men kò kwayan an ap rete. Lè Jezi retounen, lespri (nanm) kwayan sa yo ap retounen avèk li, yo men kò yo ap resisite (y-ap gen yon lòt kò ki sen). Nan moman sa a, lespri yo (nanm) pral fè yon sèl avèk kò sa yo ki te resisite.*

• **Ki sa ki pral ak sila yo, k'ap vivan lè li retounen?**

Vèsè 15-17 – Y-ap anleve avèk kwayan ki te mouri yo epi yo pral rankontre Senyè Jezi anlè a. Lè sa a, y-ap avèk Bondye pou toutan.

*Mo "anlèvman" ki itilize souvan pou evènman sa soti nan yon mo laten "rapiemur" ki vle di "sezi".*

d. **Li 1 Korent 15:51-57. Ki enfòmasyon anplis yo bannou, konsènan retou Jezikri?**

Jeneralman, pasaj sa a pale sou sa ki te ekri nan pasaj anvan yo. Men kèk pwen klè:

1. *Nou tout p-ap gentan mouri. Lè Jezi retounen pou moun ki te kwè yo, y-ap transfòme pou yo resevwa yon kò gloriye, yon kò k-ap nan bon kondisyon pou ale nan syèl la.*

**Nòt:** Enkoncriptib : ki p-ap ka pouri, ki p-ap janm mouri

2. *Anlèvman sa a ap fèt rapid nan yon bat je.*

3. *Yon twonpèt gen pou li sonnen anvan anlèvman an.*

4. *Sou pwen sa a, lanmò pou moun ki te kwè tout bon nan Jezikris yo kaba.*



Ou kapab poze etidyan an keksyon sa a: « si Jezi ta retounen kounya pou sa yo ki kwè nan li tout bon vre, èske w-ap ale ? »

### Kwonologik Istwa Biblik

**Kijan yo dekri Jezi nan evènman** ? (paj 28-29)

## Jezi retounen kòm wa

Ti tan aprè kretyen yo ale nan syèl ak Jezi, li retounen avèk yo pou li gouvènen kòm Wa sou late.

*Revelasyon 19:11-19; Revelasyon 20:1-6*



a. Nan mannyè liv Revelasyon an ekri, li reprezante yon reyalite ki difisil pou konprann. Langaj ki difisil pou konprann nan, fè konnen kat reyalite enpòtan. Li Revelasyon 19:11-19.

- Jezi ap retounen sou latè.\* (Kouman n'ap fè konnen se Jezi menm?)

*Nan vèsè sa yo, genyen plizyè senbòl ki kapab sanble avèk pwofesi ki vin jwenn avèk Mesi Jwif la (Jezi). Se sa-k fè, pou nou ka konsève bél deba sa a, an nou mete plis aksan sou bagay k-ap pi bon an.*

1. Nou konnen ke Jezi rele « pawòl la » nan Jan 1:14. Tout bon non ak vrè non yo se pou li yo ye tou.
2. Menm si yo pa idantifye Jezi kòm kavalye chwal blan an, li se sèl moun ki kapab rele « Wa » ki pi wo pase tout lòt wa yo, e Senyè ki pi wo pase tout lòt yo.
3. Wòb ki te tranpe nan san an reprezante senbolikman san ki te vèse pou nou « ti Mouton Bondye a » ki te sakrifye.

*\*Nòt: Retou sa diferan ak retou ki te nan evènman 36 la, e sou plizye aspè, youn nan yo se, lè Jezi ap tounen, li p-ap desann sou latè, l'ap retounen pou li vin chèche moun ki te kwè nan li yo, y-ap vole pou yo ale rankontre li anlè a.*

- Jezi ap vini ak lame syèl la. (Kilès k'ap nan lame a?)

Kòm lame syèl la pa idantifye spesyalman nan pasaj sa a. Nou kapab devine sou idantite yo. Li kapab zanj yo. Men, entepretasyon ki pi vivan an se kwayan ki te avèk li nan syèl la. Menm si yo ba yo non lame, nou pa wè okenn kote ke yo pral fè yon batay. Pisans Wa ki piwo pase tout wa yo epi Senyè ki piwo pase tou senyè yo sifi pou detwi tou fòs malen.

- Jezi pral bat tout moun ki vle goumen avèk li lè sa a. (Kilès ki ènmi Jezi?)

Kèk àne ki pase aprè evènman sa a lòm pral vin pi mechan y-a vire do yo bay Bondye, menm jan sa te ye anvan delij la nan tan Noye (Evènman 10). Yon nonm k-ap gen anpil pou-vwa pral enfliyanse anpil moun, anpil gouvènè sou latè pral mete Bondye andefi ak tout moun ki kanpe pou sa ki dwat. Lè Jezi va retounen sou latè li pral fini ak tout mechan yo.

- Kòlè Bondye pral manifeste avèk jistis. (Poukisa jijman sa a pral jis epi dwat?)

Nan kòmansman evènman an (Vèsè 11), Bib la di pandan ke li konsidere "moun ki fidèl e dwat" kavalye chwal blan an fè tout bagay san patipri. Konsa, se pral yon batay k-ap san repwòch!

Pandan ke Bondye ap panse ak lèzòm, l-ap toujou mete a leprèv sentete li, mizèrikòd li, ak jistis li.

1. *Paske Bondye se yon Bondye ki sen, peche nou yo ofanse li plis ke jan moun te kapab imajine.*
2. *Paske Bondye se yon Bondye ki gen kè sansib, li retire jijman nou merite pou peche nou yo.*
3. *Paske Bondye jis, peche nou yo dwe jije yon jou.*

*Nan plizyè pati nan Bib la, tankou gran delij ki te fèt nan epòk Noye a, pasyans Bondye te tèlman depase, li te kite kolè li ravaje tout moun ki pa-t gen krentif pou li. Yon bon jijman ki te mache ak yon bon moman.*

*Se sa ke nou wè nan vèsè 15 la!*

### b. Li Revelasyon 20:1-3.

**Kilès sèpan «ansyen an ye» epi kisa ki pral rive li? Gade ankò evènman 4, 5 epi 7 nan paj 13 ak 15.**

Pasaj la di ke “dragon an, sepan ansyen an, sa yo rele dyab la, osinon satan, menm bêt ki te twonpe Adan ak Èv epi ki te tante Jezi.”

Bondye ap voye yon zanj pou mete satan nan gwo twou san fon an pandan 1000 ane.

*Diskite avèk etidyan an sou kouman lavi sou latè t-ap ye san tantasyon, menm si nou te fèt avèk peche. Enben, se kondisyon sa a k-ap genyen pandan 1000 ane, yon moman nan istwa lavi moun ki gen pou rive.*

### c. Li Revelasyon 20:4-6.

- Kisa ki pral pase sou latè pandan 1000 ane?

Jezi pral renye sou latè pandan 1000 ane kòm wa. Sila yo kwè tout bon nan li ap renye ak li, yo pral jwe gwo wòl nan wayòm nan.

- Ki evènman nou deja etidye ki pale sou pwofesi ki di, Jezi pral gouvène kòm wa?

*Li pa nesesè pou nou ta rewè tout bagay ki te parèt nan etid la ki pale sou Jezi t-ap gen pou li renye kòm wa. Men, li enpòtan pou etidyan an reyalize ke tèm sa a debite bonè nan Bib la e ke li mansyone nan Bib la depi nan kòmansman jouk nan finisman.*

*Poze etidyan an keksyon ki sot pose la, epi gade konbyen nan pwofesi sa yo ki pale sou rèy Jezi kòm wa, li sonje.*

Men youn ki pi parèt:

1. *Plizye syèk pase, Bondye te pwofetize nan branch fanmi Izrayèl (Jakòb) ke sèpt la pa t-ap kite branch fanmi Jida a (gade pwen c evènman 12)*
2. *Bondye te pwomèt David (zansèt Jozèf epi Mari, manman Jezi lè li t-ap viv sou latè) Ke dy-nasti li ap etabli pou tout tan. (evènman 19)*
3. *Lè Jezi te fèt, yon zanj te vin di bèje mouton yo ke pitit la se te « kris la, Senyè a » (Lik 2:11 evènman 21)*

**Nòt:** Nou pa etidye Matye 1:1-2, men pasaj la endike nou ke Bondye te moutre wa maj Oryan yo « Wa Jwif yo » se te « Jezi ki te fèt ».

4. *Lè Pilat te mande Jezi èske li se wa Jwif yo, Jezi pa-t nye li. (evènman 30)*
5. *Lè Jezi te moute nan syèl aprè rezireksyon an, disip yo t-ap tann Jezi retounen pou li te vin etabli yon wayòm sou latè. Zanj ki te vin pale avèk yo a, pa-t repwoche yo sou esperans ke yo te genyen, men li te sèlman eksplike yo ke lè a pokò rive. (evènman 34)*

## Kondanasyon Satan

**Nan finisman gouvènman Jezi sou late Satan pral eseye fè rebel kont Bondye yon dènye fwa. Yo lage li nan letan dife Bondye te déjà prepare pou li a.**

*Revelasyon 20:7-10*



**a. Anvan dènye kondanasyon sa a, yo pral mare Satan pandan 1000 ane.**

**Li Revelasyon 20:1-3.**

*Li pasaj sa a, paske li gen rapò ak evènman nou fenk sot wè a, konsa nou ka fè yo fè yon sèll.*

**b. Lè 1000 ane a fin pase, yo pral lage Satan pou yon ti kras tan. Kisa li pral fè? Li Revelasyon 20:7-9.**

*Li difisil anpil pou yo entèprete pwofesi sa a ak presizon. Pa ekzanp, nou pa konnen kisa "Gòg ak Magòg" ye.*

Men lide prensipal ki nan pasaj sa a parèt yon tijan klè, Satan pral kòmanse twonpe moun toujou lè li fin soti nan prizon kote li te ye a. Sanble ke se li menm ki pral nan tèt yon masak kont kretyen yo, moun pa Jezi yo ak lavil Bondye renmen an.

*Leve kanpe sa ki pral fè kont wayòm Jezikris la sou latè, se pral dènye batay.*

**c. Li Ezayi 14:15 epi Matye 25:41. Gade ankò evènman 4, nan paj 13 la.**

*Nan Ezayi 14:15, Pwofèt Ezayi te gentan di ke yo pral jete Satan nan letan dife a, nan twou san fon an.*

*Li posib pou ke dènyè fraz sa a, se li menm ki repeète nan Revelasyon 20:10.*

*Nan Matye 25:41 Jezi te di byen klè ke Bondye ap prepare yon dife k-ap la pou toutan, pou satan ak tout akolit li yo. Lè Jezi te di pawòl sa yo, Satan (demon an) li te lib, men dife ki la pou toutan te gentan ap tann li.*

**Epi, li Revelasyon 20:10.**

**Ki pinisyon ki rezèvè pou Satan?**

1. Yo pral jete Satan nan "letan dife ak souf\* la".

*\*Nòt: Lè souf la ap boule li bay yon flanm tou ble ki cho anpil epi li bay yon gaz ki gen movèzodè, se sa ke ou rele, diyoksid souf la.*

2. Gen de lòt moun yo te gentan jete nan dife a anvan Sata, se te bét la ak fo pwofèt la. Menm si yo rele li bét men se yon moun ke li ye, li te nan tèt gwoup moun ki te kanpe kont Bondye. Fo pwofèt la li menm, se petèt yon fo lidè reliye ki te ansanm ak bét la li t-ap twonpe moun pou fè yo kwè ke bét la se dye.

*Fè yon ti koudèy nan Revelasyon 19:19-20.*

Satan ak tout lòt moun yo pral jete nan twou san fon an, yo pral soufri "lajounen kou lanwit pou toutan."

**d. Li ankò Jenèz 3:15. Gade ankò evènman 7, nan paj 15 la.**

**Ki relasyon ki genyen ant Jenèz 3:15 nan kòmansman Bib la e kondanasyon Satan yo dekri nan finisman Bib la?**

Lè Adan ak Èv te dezobeyi Bondye yo te tonbe nan peche, Bondye te pwononse yon jijman ki pral tonbe sou Satan. Yon pitit pitit Èv, yon gason (nan yon fason metaforik) pral kraze tèt

Satan. Kidonk, se nan sans sa a Bondye voye yon moun pou fini ak Satan.

Lè Jezi te mouri sou kwa pou peye dèt peche limanite, jijman Satan te deja sele. Bondye te kreye yon mwayen pou pechè yo te jwenn padon pou peche yo, epi pou yo te ka chape anba grif Satan.

Menm si kondasyon final Satan poko rive, men l-ap rive nan lè Bondye fikse a.

## Sò tèrib inkredil yo

**Apre sa, nan finisman monn kounye ya,  
enkredil yo pral kanpe devan Bondye pou  
resevwa pinisyon pou tout peche yo.** *Revelasyon  
20:11-15*



### a. Kisa ki pral rive ak latè kounye a? Li Revelasyon 20:11 epi konpare vèsè sa a avèk 2 Pyè 3:10.

Yo pral disparèt! Yo pran kouri men, pa-p gen kote pou y-al kache devan moun ki chita sou twòn nan.

*2 Pyè 3:10-13 bay plis detay sou fason tè a ak syèl la ke nou genyen kounya pral disparèt, men ou pa bezwen pèdi tan ou nan kesyon sa a, sof si ta gen yon ijans pou pale sou sijè a.*

*Yon lòt bagay, ou ka toujou mansyone ke gen lòt pasaj nan Bib la ki pale sou disparisyon syèl la ak tè a ki la kounya. Se metòd Bondye itilize pou li fini ak tè peche sa a ak tout malediksyon ki sou li. Nan lòt evènman nou pral wè pita yo, n-ap wè gen anpil rezon k-ap jistifye metòd sa a.*

### b. Daprè ou kilès k'ap sou gran tròn blan an pou jije? Li Revelasyon 20:11-12a (premye pati vèsè 12 la).

Anpil vèsyon biblik fè konnen moun yo pral jije yo “pral parèt devan Bondye”, gen lòt menm ki di konsa “yo pral kanpe devan fòtèy la”.

Men nan vèsè 11 li di malgre Bondye\* sou fòtèy jijman. Se li menm sèlman ki gen pouvwa pou disparèt tè a ak syèl la.

*\*Nòt: Nou pa konnen ekzakteman si se Bondye Papa oubyen Bondye Pitit la, Jezi ki chita sou “gran twòn blan.” Bon, daprè sa ki ekri nan Bib la sanble se Jezi menm k-ap jij sou twòn sa a.*

### c. Liv yo pral genyen yon wòl enpòtan, lè enkredil yo pral kanpe devan jij la, ki chita sou gran twòn blan an. Li Revelasyon 20:11-13.

- Ki itilite liv yo ap genyen?

Menm si pasaj la pa di nou dirèkteman, men pou moun k-ap etidye Bib la yo kwè ke “liv yo” y-ap pale la se dokiman ki gen tout sa chak moun te konn fè lè yo t-ap viv sou latè tankou panse nou yo, desizyon nou yo ak aksyon nou yo, kòmanse depi sou Adan ak Èv pou rive nan fen wayòm Kris la sou latè.

*Liv sa yo pa-p la pou sèvi Bondye anyen paskel Li deja konnen tout bagay ak tout sa ki te pase sou tè a. Yo pral itilize liv sa yo kòm prèv pou pa gen diskisyon pou moun pa di ke Bondye enjis li nan patipri, dekwa pou jijman li pral pwononse kont moun ki devan li yo ka jis.*

*Nòt: Vèsè 14 la ka bay pwoblèm pou moun ki fenk ap etidye Bib la. Anpil fwa yo panse Bondye pral gade sou bonzèv yo te fè pou detèmine si yo pral nan syèl oubyen nan lanfè. Si li nesesè eksplike yo pati sa a trè byen, destine etènèl pou moun ki pral nan jijman sa a déjà pare pou yo. Jijman sa a se Bondye menm ki pral pwononse-l daprè evalyasyon li. Wi, Bib la di klèman ke gen yon pakèt pinisyon etènèl pou moun ki pa kwè nan Jezi kòm sovè pèsonèl yo.*

- Ki enpòtans liv lavi a ap genyen?

Liv sa a li menm li espesyal, li pa gen menm wòl ak lòt liv yo. Pou nou di-w byen, se yon rejis kote ki gen non tout moun ki te kwè nan Jezikris Pitit Bondye a kòm sovè pèsonèl yo. Se pa yon rejis kote ki gen “Zèv” moun te fè, men se non moun ki te resevwa kado lavi etènèl Bondye t-ap bay gratis la.

*Mwen kwè se meyè moman pou nou mete aksan sou verite destine etènèl la (Syèl oubyen lanfè), paske moun sa yo se pa zèv yo te fè ki fè non yo ekri nan liv lavi a, men se de bagay se swake non yo ekri oubyen non yo pa ekri nan “liv lavi a.”*

#### d. Li Revelasyon 20:14-15. Kilès yo pral lage nan letan dife a?

- Daprè vèsè 14 la?

Nan vèsè 13 la yo di nou, “lanmò ak kote mò yo ye a remèt tout mò ki te nan men yo. Aprè sa, nan vèsè 14 la nou li “lanmò ak kote mò yo ye a”, yo jete yo nan letan dife a. Men kisa sa yo ye? Le yo di “lanmò ak kote mò yo ye a”.

Lanmò nan sans sa a gen rapò ak kò moun ki te mouri yo, epi “kote mò yo ye a” se yon lòt non yo bay lanfè. Li sanble ka sa gen rapò ak lepri epi nanm moun ki te mouri yo.

*Epi ankò, pasaj sa a fè nou konnen nanm moun ki te ale nan lanfè yo pral antre nan kò sa ki pral leve nan tonm nan pou yo parèt devan Bondye. Aprè sa moun sa yo ki pa-p ka mouri ankò yo pral jete yo nan letan dife a.*

- Daprè vèsè 15 la?

<sup>15</sup> “Tout moun ki pa-t gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou.”

## Plis enfòmasyon

**Kisa premyè lanmò a ye?** Si touman etènèl nan letan dife a se dezyèm lanmò a, ebyen la kisa ki se premyè lanmò a?

Zafè premyè lanmò pa mantyone nan Bib la, men paske gen dezyèm lanmò, la nou kapab di Apot Jan ki te ekri liv la li te gen nan lespri li yon premye lanmò. Paske depi gen dezyèm fòk te gen premyè.

Premyè lanmò a Apot Jan t-ap pale a petèt li mete ansanm lanmò espirityèl ak lanmò fizik. Paske tou de lanmò sa yo se eksperyans ke nou fè sou tè a men ki pa dire lontan (tanporè). Tandiske, dezyèm lanmò a se nan tan k-ap vini yo l-ap rive epi l-ap la pou toutan (pèmanan).

Sonje byen lè ou pale sou zafè lanmò sa vle di separasyon, sa pa vle di lavi a fini (Ekzistans konsyan).

Lè Adan ak Èv te peche, yo te mouri espirityèlman. Yo te separe ak Bondye, men yo te toujou genyen yon ekzistans, yon lavi fizik.

Kidonk, lè Adan, Èv ak tout lòt moun ki mouri fizikman yo, se lè sa nanm yo separe ak kò yo. Epoutan, lespri yo (nanm nan) kontinye ap viv yon ekzistans konsyan ki pa nan tonm nan.

Lè yo va jete moun ki pa moun Bondye yo nan letan dife a se lè sa dezyèm lanmò a ap kòmanse. Lanmò sa ap la pou toutan, se lè sa moun sa yo pral separe ak Bondye pou toutan.

## Sò byennere Kwayan yo

Istwa Bib la fini ak yon nouvèl ekstrawòdinè:  
Gason ak fanm ki te kwè nan Jezi kòm sovè  
pèsonèl yo pral antre nan yon bél paradi kote  
ki p'ap gen peche, e yo pral viv la pou toutan  
avèk Bondye.

Revelasyon 21:1—22:5



*Eksplike mo paradi ki nan Bib la. Se paske nan plan Bondye li te toujou vle pou tout moun fanm kou gason melanje ak timoun, pou yo tout jwi lavi a yon kote ki gen tout kalite benediksyon li te kreye pou nou.*

a. Kouman kwayan yo pral jwi paradi a avèk Bondye pou toutan? Li Revelasyon 21:1-3 epi tcheke bon repons la.

- Yo pral monte nan syèl pou yo viv la...
- Bondye pral desann li pou yo.

*Si sa nesesè pote yon ti presizyon anplis. Gen anpil moun, nou ka menm site moun ki te kwè nan Jezi lontan sa, nan panse yo, yo te kwè ke pèp Bondye a se nan yon paradi selès li ta pral viv pou toutan, men yon paradi ki pa fizik, tankou kote ki gen nyaj yo. Se vre paradi ki gen kounya kote kwayan yo ale lè yo mouri a, li pa pre isit la, li menm pi lwen pase kote solèy la ye, nou ka menm di pi lwen toujou.*

*Epoutan, paradi etènèl yo ap pale kote kwayan yo pral viv la se pral yon tè tou nèf k-ap fizik e literal, ki ap antoure ak yon bann syèl tou nèf. Bondye te kreye latè pou lòm viv sou li epi jwi tout sa ki sou li, ebyen sa pa-p yon sipriz pou Bondye kreye yon paradi tou nèf sou tè a pou lòm viv pou toutan an.*

b. Li Revelasyon 21:4—22:5. Pou nou kapab aprann plis bagay sou paradi etènèl sa a.

*Gade anvan nou kòmanse li, fè etidyan an reflechi sou kesyon sa yo pandan ke l-ap li pasaj la.*

• Kilès ki te mouton an? Gade vèsè 14 la.

« Ti Moutan an » se non yo itilize plis pou dekri Jezi nan liv Revelasyon an. Nou jwenn non sa a 29 fwa nan liv la, tandiske « Jezikris » mansyone 7 fwa e « Kris » 4 fwa.

Vèsè 14 la relye « 12 Apot yo » ak ti Mouton an. Kidonk, pa gen okenn dout ke Jezi se ti Mouton an nan pasaj la.

*Kesyon pou etidyan an: ki kote ankò ou wè yo idantifye Jezi kòm ti Mouton an ? (gade evènman 23 a nan paj 23)*

• Kisa ki p'ap genyen nan lavil sen ki tou nèf la?

Pasaj la klè sou sa a ki pa-p genyen ankò...

1. Pa-p gen dlo nan je ankò
2. Pa-p gen lanmò ankò
3. Pa-p gen dèy ankò
4. Pa-p gen rèle ankò
5. Pa-p gen soufrans ankò

6. Pa-p gen moun k-ap fè peche ankò — bann lach, moun k-ap fè maji, moun k-ap fè immoralite, bann asasen, moun k-ap sèvi zidòl, ak tout moun ki pa renmen verite a men ki pito bay manti
7. Pa-p janm fè nwit ankò
8. Pa-p gen gen abominasyon ni moun k-ap viv nan dezòd lachè ak moun ki livre tèt yo nan bay manti
9. Pa-p gen malediksyon sou tè a ankò

*Kounya, pran yon ti tan pou-w mande etidyan an: "Kilès nan bagay sa yo (2 oubyen 3) ou ta renmen wè ki disparèt nèt?"*

• **Chache kèk karakteristik vil tou nèf sa a genyen?**

Gen anpil bon repons yo ka bay pou kesyon sa a tankou...

1. Bèlte lavil la — tankou yon madanm marye ki prepare pou al kontre mari li
2. Tout sa ki mal pral disparèt menm jan li masyone nan paragraf anvan yo
3. Lavil la klere toutan
4. Mi yo, pòt yo ak fason li konstwi
5. Gwosè lavil la
6. Prezans Bondye ak ti mouton an (Jezi)
7. Rivyè dlo ki bay lavi a
8. Pyebwa lavi a ak fwi li donnен yo

*Fè yon ti kanpe epi mande etidyan an: "Ki karakteristik fizik lavil sent sa a genyen ki atire atan-syon ou plis?"*

• **Kilès ki pral kapab antre nan parade tou nèf sa a? Li Revelasyon 21:27.**

« Se sèlman moun ki gen non yo ekri nan liv ki nan men ti Mounton an »

*Fè yon ti tounen sou liv lavi a ki nan evènman anvan.*

**Konbyen tan kwayan yo pral viv la? Li Revelasyon 22:5.**

« Pou toutan ». (22:5)

**c. Eske ou kwè non pa ou, ekri nan liv lavi ti mouton an.**

Wi       Non       Mwen pa konnen

**Sou kisa repons ou a chita?**

*Mete etidyan alèz pou li fè kwa sou repons ki an rapò ak sa li kwè a.*

*Si repons la pozitif, kounya ou dwe mande li jistifye repons la e sou kisa li baze pou di wi.*

*Si repons la negatif, oubyen li di mwen pa konnen, mande li tou pou li jistifye repons la e sou kisa li baze pou li di non oubyen mwen pa konnen.*

*Nan lòt seksyon liv la, paj 32-40 yo la pou ede etidyan an pi byen konprann epi resevwa kado Bondyen a ki se lavi etènèl. Pou yo ka chape anba lanmò espirityèl pou yo ka ale nan lavi etènèl.*

**Men dokiman nou ka itilize kòm resous: Pou nou ka konprann tèm paradi a ki nan Bib la, nou ap voye ou ale konsilte liv sa ki se “Randy Alcorn intitulé Heaven, li te parèt nan ane 2004”.**

Also, the Randy Alcorn's website provides a wealth of free information on this subject that is so important to anyone interested in *The Story of Hope*.

<http://www.epm.org/resources-eternity.html>

### Kwonolojik Istwa Biblik

**Kijan yo dekri Jezi nan evènman** ? (pag 30-31)

**Pon kronolojik lavi a:**  
***Yon reprezantasyon kronolojik***  
***bòn nouvèl esperans Bondye a***  
Paj 32–39 Istwa Esperans la

**Nòt:** Si ou pa gen ase konfyans nan ansèyman ak deba doktrin prensipal yo ki nan Bib la, nou ankouraje-w pou-w jwenn yon bon liv ki pale sou Baz Teyolojik oubyen Baz Doktrin Biblik epi etidye seksyon yo ki gen rapò ak teyoloji pwòp (doktrin Bondye), antwopoloji (doktrin lòm), amatyoloji (doktrin peche), Kristoloji (doktrin Jezikri), ak soteryoloji (doktrin Sali).

Contact: [Info@SowAndHarvest.com](mailto:Info@SowAndHarvest.com)

## Wit Verite biblik ke nou jwenn nan Istwa Esperans la

### Pon kronolojik lavi a

Bagay nou te aprann sou kreyatè a:

BONDYE

*Gade byen, jan ou pral kòmanse diskisyon sa a sou Bondye, sa pral depann ki pozisyon etidyan an genyen sou Bondye. Pou rive fè yon bon diskisyon entèlijan e enteresan sou Bondye ak etidyan an, fòk ou konnen kisa li panse sou Bondye (èske li se yon ti dye, oubyen plizyè dye, oubyen yon espri oubyen yon lòt bagay) epi èske li konnen byen plizyè pozisyon ki diferan sou Bondye ki gen nan Bib la, ki se mèt linivè li menm ki te kreye syèl la ak tè a.*

*Diskisyon nou te fè sou fason yo dekri Bondye nan fen paj 12-21 (bagay nou te aprann sou Bondye) dwe detèmine, nan yon dyalòg pou li bay pozisyon li klèman sou Bondye. Epi, ou menm sa w-ap genyen pou-w fè se fè yon rezime sou sa Bib la di sou Bondye.*

*Ou gen 2 mwayen, men w-ap chwazi youn pou-w ka dirije etidyan an atravè yon etid nan mwatye paj sa a (sèt deklarasyon prensipal yo):*

1. *Mande etidyan an pou-l li sèt deklarasyon prensipal yo anvan li rakonte yo e pou li di kiles nan yo li ta renmen mete plis presizyon sou li, konsa pou li ka konprann yo pi byen. Pase yon tan nan klas la pou ou ka fè limye sou deklarasyon yo.*
2. *Li dousman e klèman chak deklarasyon epi mande etidyan an pou li reflechi pandan w-ap fè lekti a, e pou li di-w si-l ta renmen ou pote plis limyè toujou. Mete plis aksan sou deklarasyon espesifik yo nan yon ansèyman ki gen deba.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsepsyon biblik vrè Dye a, kiles li ye, ak kisa li sanble, pou-w ka wè si etidyan konprann kòrèkteman verite sa yo.*

1. **Bondye Bib la pale a, te toujou la e l-ap toujou la. Paske li la pou tout tan, Bondye pale de tèt li, lè li di «Mwen te egzist» (Yawe oswa Jewova) ki tradui nan bib yo pa Letènèl.**
2. **Bondye te annik pale pou lemonn te kreye ak tout sa li genyen. Nan kòmansman, bagay Bondye te kreye te san defo.**
3. **Depi kòmansman jouk nan finisman Bib la, nou wè Bondye kreyatè a montre tout pouvwa li.**
4. **Vrè Bondye a, li sen tout bon (li pa gen peche ditou) kontrèman a fo dye yo.**

5. Paske se li ki kreye moun, li te bay gason ak fanm lòd pou yo obeyi.
6. Bondye se yon Jij ki jis epi dwat ki dwe pini dezobeyisans epi moun ki dezobeyi yo.
7. Bondye renmen nou menm lè nou dezobeyi li.

**Pami verite sa yo sou Bondye, kilès ladan yo nou ta renmen konnen plis?**

**Ansèkle youn oswa plizyè nimewo.**

*Bon, si ou wè gen yon nesesite enseye epi diskite verite sa yo ki pale sou Bondye. Si etidyan an konprann li byen, kontinye etid la.*

**Bib la di: «Nou konnen pèsonn pa ka fè Bondye plèzi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kote Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k-ap rekonpanse tout moun k'ap chache Li. » (Ebre 11 :6)**

*Fòk ou pote presizyon sa a, vèsè biblik sa rezime yon gwo pati nan tout sa nou te wè sou Bondye. Mande etidyan an li vèsè-a byen fò. Si ou ta sisplèk li enpòtan pou ou pote kèk presizyon fè-l, aprè sa kontinye etid la.*

**Se pou nou gen lafwa: Bib la fè nou konnen, Bondye egziste vrèman, li la pou toutan, li sen, li se kreyatè nou, li toupisant epi li li se Jij nou ki jis, nou dwe rann li kont. Èske-w kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la — « Bib la fè nou konnen... »*

*Ou dwe presize tou ke se pa yon bann ide, men se yon rezime sou sa Bib la di sou Bondye.*

*Li deklarasyon an epi aji tankou de bon zanmi, poze etidyan an dirèkteman kesyon ki nan fen paragraf la. Ekzanp : « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la. Ou ka mande etidyan an tou kisa li te aprann sou Bondye pandan etid la epitou ki bagay ki parèt nouvo pou li.*

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », nan kondisyon sa a fòk ou mande li pou li pataje sa ki nan lespri-l ak ou – tankou : « Woje, m-ta renmen konnen kisa ou panse », oubyen, « kisa ou dakò e kisa ou pa dakò ? »*

*Mete etidyan alèz pou li pale klèman sou tout sa li gen dout. Nan yon kilti kote etidyan an pa renmen fè pwofesè yo wont, gen plis chans pou ou jwenn repons ou t-ap tann nan. Fòk ou trè vijilan pou ou wè si repons la se yon repons ki onèt. Pou fè pwofesè a plezi etidyan an ka bay yon repons ki pa onèt, sa se t-ap pi move bagay ki te ka rive nan ka sa a. Yon repons konsa « bon, m-ap di-w sa-w vle tande a » petèt ta dwe gen plis eksplikasyon oubyen yon dezakò ki pa deklare ak sa Bib la di. La, se meyè moman pou ou konnen nan kisa li kwè.*

*Bon, sa k-ap fèt menm si ou pa ta rive konvenk etidyan sou konsèp biblik sa a ki se Bondye?*

*Eksplike li ke ou konprann sa k-ap travèse-l epi pa gen pwoblèm, donk ou pral priye pou li pandan ke li menm li ap kontinye reflechi ak kesyon an, espesifikman pou Bondye ba li lafwa pou li kwè sa Bib la di. Fòk ou di li tou sa pa afekte relasyon ou avèk li.*

*Ebyen, ale nan paj 33 pou ou kontinye ak etid la. Gen yon sèl bagay ke ou dwe chanje lè ou rive nan sitiyasyon sa a. pa poze etidyan an kesyon ankò tankou « èske ou kwè sa a ? » ki genyen nan fen paj 33, 35, 37 ak 39.*

*Si etidyan an pa kwè nan konsèp biblik sa a ki se Bondye, kwayans li sou lòm, sou peche, sou lanmò (ke Bondye pini peche), sou Kris, sou lakwa, sou lafwa, epi sou lavi, li pa konnen anyen ditou. Epoutan, se toujou yon bon ide pou ou rezime yo ak li kote ke ou ka itilize aktivite ki nan paj 33-39.*

# Pon kronolojik lavi a

Bagay nou te aprann sou moun:

**MOUN**

*Kòm se menm bagay pou chak wit verite biblik yo ke nou jwenn nan Istwa Esperans la, fason nou pral fè apwòch la depann de konsepsyón etidyan an genyen sou « Lòm ».*

*Swiv youn nan mwayen yo dekri anvan yo oubyen vini ak yon apwòch ke ou ka pi byen itilize ni pou ou ni pou etidyan w-ap travay ak li a.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsèp biblik sa a ki pale sou Lòm, epi verifye si etidyan an konprann tout bon verite sa yo.*

1. **Moun yo, Bondye kreye yo sanble ak li. Poutèt sa, nou te resevwa kalite ak kapasite lòt kreyati Bondye yo pa te resevwa.**
2. **Kalite ak kapasite espesyal sa yo, fè nou kapab pran swen bagay Bondye kreye yo, yon travay li te ban nou fè.**
3. **Bondye renmen tout moun: Li vle pou nou fè yon sèl ak li tout bon, lè nou devan li.**
4. **Non sèlman Bondye te ban nou reskonsabilite ak kapasite pou nou obeyi li, men li te ban nou tou, kapasite pou nou dezobeyi.**
5. **Paske Bondye te kreye nou e se pou li nou ye, nou dwe rann li kont.**
6. **Yo kreye moun yo avèk yon kò ki kapab mouri e yon lespri ki pa kapab mouri.**
7. **Lespri moun p-ap janm sispann egziste. W-ap viv pou toutan nan yon kò resisite.**

**Pami verite sa yo, kilès ladan yo nou ta renmen konnen plis?**

**Ansèkle youn oswa plizyè nimewo.**

*Anseye e diskite verite sa yo ki pale sou lòm si ou wè li nesesè. Si etidyan an konprann li byen kontinye ak etid la.*

**Bib la di: « Lè sa a, Seyè a pran pousyè tè, Li fè yon nonm, Li soufle nan twou nen nonm nan pou Li ba li lavi epi nonm nan vin vivan. » (Jenèz 2:7)**

*Pote presizyon sa a, fè konnen ke vèsè biblik sa a rezime yon gran pati sou sa ke nou te aprann sou lòm (moun sou latè). Mande etidyan an li vèsè a byen fò. Si se posib pou ou eksplike oubyen pote plis presizyon, fè sa a epi kontinye ak etid la.*

**Se pou nou gen lafwa: Bib la di nou, se Bondye ki kreye nou, li renemen nou, li merite pou nou obeyi li nèt ale. Èske-w kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la— « Bib la fè nou konnen ke... »*

*Fè konnen se pa yon bann ide, men se yon rezime sou sa Bib la di sou lòm (moun sou latè).*

**Nòt: Si etidyan an pa aksepte Bondye ki nan Bib la pandan moman diskisyon an nan paj 32, pa poze kesyon nan fen seksyon an « apèl lafwa ». Antouka, kontinye nan lòt paj la.**

*Li de klarasyon an epi tankou de bon zanmi, poze etidyan an dirèkteman kesyon ki nan fen paragraf la. Ekzanp : « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la. Ou ka mande etidyan an tou kisa li te aprann sou Lòm (moun sou latè) pandan etid la epitou ki bagay ki te parèt nouvo pou li.*

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », swiv premyè pwoesisis la.*

# Pon kronolojik lavi a

**Bagay nou te aprann sou Bondye lè nou dezobeyi Li:**

## PECHE

*Kòm se menm bagay pou chak wit verite biblik yo ke nou jwenn nan Istwa Esperans la, fason ke nou pral fè apwòch la depann de konsepsyón etidyan an genyen sou « peche ».*

*Swiv youn nan mwayen yo dekri avan yo oubyen vini ak yon apwòch ke ou ka pi byen itilize ni pou ou ni pou etidyan an w-ap travay ak li a.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsèp biblik sa a ki pale sou peche, epi verifye si etidyan an konprann tout bon verite sa yo.*

1. **Bondye te kreye Adan ak Èv, li te renmen yo, li ba yo say o bezwen, men yo te fè reble-lyon kont li.**
2. **Yo te dezobeyi Bondye, lè yo te manje fwi yon sèl pye bwa yo te defann yo manje.**
3. **Peche a, se lè yon moun dezobeyi Bondye se yon zak grav koont limenm ki sen epi ki san defo.**
4. **Peche Adan ak Èv la gate bon relasyon yo te genyen avèk Bondye e relasyon yo te gen youn ak lòt. Sitiyasyon sa a, te fè vin gen yon chanjman fizik ak espirityèl tèrib pou tout moun.**
5. **Tout moun eritye peche Adan ak Èv la. Batay, lagè, legoyis ak awogans se rezulta reble-lyon nou kont Bondye.**
6. **Bib la di tout moun peche e chak moun konnen nan kè li, lè li fè bagay ki move.**
7. **Peche nou pa kapab rete san pinisyon, paske Bondye se yon jij ki sen epi jis.**

**Pami verite sa yo konsènan peche, kilès ladan yo nou ta renmen konnen plis?**

**Ansèkle youn oswa plizyè nimewo.**

*Anseye ak diskite verite sa yo ki pale sou peche si ou wè li nesesè. Si etidyan an konprann li byen kontinye ak etid la.*

**Bib la di: « Tout moun fè peche e yo vire do bay Bondye ki gen pouvwa. » (Women 3:23)**

*Pote presizon sa, fè konnen ke vèsè biblik sa a rezime yon gran pati sou sa ke nou te aprann sou peche. Mande etidyan an li vèsè a byen fò. Si se posib pou ou eksplike oubyen pote plis presizon, fè sa a epi kontinye ak etid la.*

**Se pou nou gen lafwa: Bib la fè nou konnen, nou peche kont Bondye e nou merite pinisyon li ki jis. Èske ou kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la — « Bib la fè nou konnen ke... »*

Nòt: Si etidyan an pa aksepte Bondye ki nan Bib la pandan moman diskisyon an nan paj 32, pa poze kesyon nan fen seksyon an « apèl lafwa ». Antouka, kontinye nan lòt paj la.

*Li deklarasyon an epi tankou de bon zanmi, poze etidyan an dirèkteman kesyon ki nan fen paragraf la. Ekzanp : « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la. Ou ka fè yon revizyon rapid sou twa premyè apèl lafwa yo nan fason sa a:*

Nou wè ke sèl vrè Bondye a se Bondye nou an ki te kreye syèl la ak tè a, kidonk nou dwe rann Li omaj. Nou aprann ke li te kreye nou sanble ak li, men nou se yon bann moun sou plan espirityèl ki dezobeyisan. Lè nou dezobeyi kòmandman Bondye yo, li jije nou jan sa dwe fèt la.

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », swiv premyè pwoesisis la.*

# Pon kronolojik lavi a

Bagay nou te aprann sou pinisyon peche a:

**LANMÒ**

*Kòm se menm bagay pou chak wit verite bilbik yo ke nou jwenn nan Istwa Esperans la, fason ke nou pral fè apwòch la depann de konsepsyón etidyan an genyen sou « lanmò ».*

*Swiv youn nan mwayen yo dekri anvan yo oubyen vini ak yon apwòch ke ou ka pi byen itilize ni pou ou ni pou etidyan an w-ap travay ak li a.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsèp biblik sa a ki pale sou lanmò, epi verifye si etidyan an konprann tout bon verite sa yo.*

1. **Lanmò se yon sprasyon.**
2. **Adan ak Èv te mouri esprityèlman (te separe ak Bondye) menm lè yo peche a.**
3. **Piske, nou se ptit ptit yo lè nou fèt, nou deja mouri espirityèlman.**
4. **Lanmò fizik la rive lè lespri moun nan separe ak kò li. Adan ak Èv te fè eksperyans sa a tou, menm jan ak tout ptit ptit yo.**
5. **Lanmò fizik la pa vle di yon moun pa egziste ankò. Moun ki mouri a pral parèt devan Bondye, Jij ki sen an epi ki jis ki pral jije tout moun.**
6. **Moum ki chwazi pou pa kwè nan solisyón Bondye bay pou peche ak lanmò, pral fè eksperyans lanmò etènèl, Iwen Bondye bon jan pinisyon san finisman yo pral sibi.**
7. **Lanmò sou tout fòm, se jijman Bondye ki jis sou peche a.**

**Pami verite sa yo sou peche a, kilès ladan yo nou ta renmen konnen plis?**

**Ansèkle youn oswa plizyè nimewo.**

*Anseye e diskite verite sa yo ki pale sou lanmò si ou wè li nesesè. Si etidyan konprann li byen kontinye ak etid la.*

**Bib la di: « Tout moun gen pou yo mouri yon sèl fwa, aprè sa, Bondye gen pou jije yo » (Ebre 9:27)**

*Pote presizyon sa a, fè konnen vèsè biblik sa a rezime yon gran pati sou sa ke nou te aprann sou lanmò. Mande etidyan an li vèsè a byen fò. Si se posib pou ou eksplike oubyen pote plis presizyon, fè sa a epi kontinye ak etid la.*

**Se pou nou gen lafwa: Bib la di nou Bondye pral jije nou e nou p-ap kapab chape anba jijman li. Èske ou kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la — « Bib la aprann nou ... »*

Nòt: Si etidyan an pa aksepte Bondye ki nan Bib la pandan moman diskisyon an nan paj 32, pa poze kesyon nan fen seksyon an « apèl lafwa ». Antouka, kontinye nan lòt paj la.

*Li deklarasyon an epi tankou de bon zanmi, poze etidyan an dirèkteman kesyon ki nan fen para-grafla. Ekzanp : « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la. Konsa tout ou ka fè yon revizyon pandan ke w-ap itilize fòmil sa:*

*Kòm rezime nou wè ke sèl vrè Bondye a se Bondye ki te kreye syèl la ak tè a, kidonk nou dwe rann li omaj. Nou menm lòm ki se pechè nou kanpe devan lanmò, ki se rezulta peche nou yo, sa se movez nouvèl yo. Ebyen, gen bòn nouvèl tou an nou gade yo depi kounya.*

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », swiv premyè pwoesisis la.*

# Pon kronolojik lavi a

Bagay nou te aprann sou Jezikri:

KRIS LA

*Kòm se menm bagay pou chak wit verite bilbik yo ke nou jwenn nan Istwa Esperans la, fason ke nou pral fè apwòch la depann de konsepsyón etidyan an genyen sou « Kris la ».*

*Swiv youn nan mwayen yo dekri avan yo oubyen vini ak yon apwòch ke ou ka pi byen itilize ni pou ou ni pou etidyan an w-ap travay ak li a.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsèp biblik sa a ki pale sou Kris la, epi verifye si etidyan an konprann tout bon verite sa yo.*

1. **Yon ti tan aprè Adan ak Èv te peche, Bondye te pwomèt pou li voye yon moun ki ta gen pou pote laviktwa sou Satan.**
2. **Sila a ki pral gen laviktwa sou Satan, pa mwayen lanmò li, ta pral padone peche tout moun ki ta kwè nan li.**
3. **Bondye te kenbe pwomès li, lè li voye pitit li Jezi pou sove nou anba jijman an.**
4. **Se yon fanm vyèj ki rele Mari ki te fè pitit Bondye a, yo te rele li Jezi, noun peyi Nazarèt la.**
5. **Jezi te mennen yon vrè vi lanmou ak obeyisans Bondye.**
6. **Pandan plizyè fwa nan travay li sou latè, pawòl li te di ak mirak li te fè yo, Jezi te moutre byen klè li te Bondye.**
7. **Li te vrèman Bondye epi moun an menm tan. Li se sèl chemen k-ap mennen moun nan lavi etènèl.**

**Pami verite sa yo sou Jezi, kilès ladan yo ou taa renemen konnen plis?**

**Ansèkle youn oswa plizyè nimewo.**

*Anseye ak diskite verite sa yo ki pale sou Jezikris si ou wè li nesesè. Si etidyan an konprann li byen kontinye ak etid la.*

**Bib la di: « Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsòn pa ka al jwenn papa a si li pa pase nan mwen ». (Jan 14:6)**

*Pote presizon sa a, fè konnen ke vèsè biblik sa a rezime yon gran pati sou sa ke nou te aprann sou Jezikris. Mande etidyan an li vèsè a byen fò. Si se posib pou ou eksplike oubyen pote plis presizon, fè sa a epi kontinye ak etid la.*

**Se pou nou gen lafwa: Bib la fè nou konnen Jezikri se pitit gason Bondye ki san defo e se pitit gason san defo ki soti nan lòm, li se sèl chemen ki mennen nan lavi etènèl. Èske ou kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la — « Bib la aprann nou ... »*

Nòt: Si etidyan an pa aksepte Bondye ki nan Bib la pandan moman diskisyon an nan paj 32, pa poze kesyon nan fen seksyon an « apèl lafwa ». Antouka, kontinye nan lòt paj la.

*Li deklarasyon an epi tankou de bon zanmi, poze etidyan an dirèkteman kesyon ki nan fen paragraf la. Ekzanp : « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la. Konsa tout ou ka fè yon revizyon tankou sa a:*

*« Ok revizyon : Bondye ki se kreyatè a, nou menm lòm ki ranpli ak peche epi koupab kondane pou mourir ; Li pwomèt yon Sovè ki se Jezikris, se Sovè sa a ki restore nou ki fè ke nou ka prezante devan Bondye Papa. »*

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », swiv premyè pwoesisis la.*

## Pon kronolojik lavi a

Bagay nou te aprann sou lanmò Jezikris:

LAKWA

*Kòm se menm bagay pou chak wit verite bilbik yo ke nou jwenn nan Istwa Esperans la, fason ke nou pral fè apwòch la depann de konsepsyón etidyan an genyen sou « Lanmò Jezikris la ».*

*Swiv youn nan mwayen yo dekri anvan yo oubyen vini ak yon apwòch ke ou ka pi byen itilize ni pou ou ni pou etidyan an w-ap travay ak li a.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsèp biblik sa a ki pale sou Lanmò Jezikris la, epi verifye si etidyan konprann tout bon verite sa yo.*

1. **Bondye dwe pini moun ki dezobeyi kòmandman li, paske li san defo epi li sen.**
2. **Paske Bondye renmen nou menm si nou fè peche, li moutre nou favè li ak kè sansib li, lè li ban nou yon mwayen pou nou jwenn padon pou peche yo.**
3. **Nan Ansyen Kontra a, Bondye te te mete an plas yon seri sakrifis lè yo fè yo, pechè yo kapab jwenn padon pou peche.**
4. **Aprè sa, Bondye te voye pitit gason li Jezi kòm dènyè sakrifis san defo pou tout peche yo.**
5. **Chèf politik ak larelijyon te rayi Jezi epi yo te mete pèp la devan, yo tòde lalwa pou yo te kapab kondane li pou li mouri.**
6. **Jezi te mouri sou yon kwa ak tout volonte li nan plas nou. Li se sakrifis pa nou ki san defo, ti mouton Bondye a ki san defo. Li te peye pou peche nou yo yonsèl fwa epi sa fini.**
7. **Twa jou aprè, lit e resisite, sa te vle di Bondye te aksepte sakrifis li a tankou yon bon dét lip eye pou peche nou yo.**

**Pami verite say o sou lanmò Jezi, kilès ladan yo nou ta renmen konnen plis?**

**Ansekle youn oswa plizyè nimewo.**

*Anseye e diskite verite sa yo ki pale sou Lanmò Jezikris la si ou wè li nesesè. Si etidyan an konprann li byen kontinye ak etid la.*

**Bib la di: «Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou kwa a, pou nou te kapab mouri annegad peche, pou nou te ka viv dwat devan Bodye. Li te kite yo maltrete-l pou-l te ka geri nou. » (1 Pyè 2:24)**

*Pote presizyon sa, fè konnen ke vèsè biblik sa a rezime yon gran pati sou sa ke nou te aprann sou Lanmò Jezikris la. Mande etidyan an li vèsè a byen fò. Si se posib pou ou eksplike oubyen pote plis presizyon, fè sa a epi kontinye ak etid la.*

**Se pou nou gen lafwa: Bib la fè nou konnen Jezikri Pitit gason Bondye a, te mouri pou peche nou yo e li resisite pou nou te sove anba lanmò epi li ban nou lavi etènèl. Èske ou kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la — « Bib la aprann nou ... »*

Nòt: Si etidyan an pa aksepte Bondye ki nan Bib la pandan moman diskisyón an nan paj 32, pa poze kesyon nan fen sekson an « apèl lafwa ». Antouka, kontinye nan lòt paj la.

*Li deklarasyon an epi tankou de bon zanmi, poze etidyan dirèkteman kesyon ki nan fen paragrap*

*la. Ekzanp : « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la. Konsa tou ou ka fè yon revizyon tankou sa a:*

« OK, revizyon: Bondye ki se kreyatè a, nou menm lòm ki ranpli ak peche, koupab epi kondane pou mouri; li pwomèt yon Sovè ki se Jezikri, se Sovè sa a ki te mouri nan plas nou, konsa li prezante devan Bondye Papa kòm moun ki fè li plezi, konsa nou ka avanse devan li san kè sote.»

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », swiv premyè pwoesisis la.*

# Pon kronolojik lavi a

Bagay nou te aprann sou Lafwa nan Jezikris:

LAFWA

*Kòm se menm bagay pou chak wit verite bilbik yo ke nou jwenn nan Istwa Esperans la, fason ke nou pral fè apwòch la depann de konsepsyón etidyan an genyen sou « Lafwa nan Jezikris ».*

*Swiv youn nan mwayen yo dekri anvan yo oubyen vini ak yon apwòch ke ou ka pi byen itilize ni pou ou ni pou etidyan an w-ap travay ak li a.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsèp biblik sa a ki pale sou Lafwa nan Jezikris, epi verifye si etidyan an konprann tout bon verite sa yo.*

1. Kontrèman a lòt reliyon yo sou latè, Levanjil Jezikri a ofri tout moun pou li sove yo, men yo pa kapab sove ak fòs pa yo, e yo pa kapab sove tou, lè yo fè bon zèv.
2. Kalite pechè nou ye, nou pa kapab sove ak fòs pa nou, menm si nou ta vle sove, menm si nou ta fè tout efò pou sa.
3. Se pa mwayen lanmò Pitit gason li a Jezi, Bondye ki jis e ki gen lanmou te ban nou mwayen pou dèt peche nou yo peye.
4. Paske Jezi te sibi pinisyon pou peche nou yo, Bondye sove nou gratis, li ban nou sa tankou yon kado.
5. Bondye pwomèt pou li padone nou, si nou repanti epi si nou kwè nan pitit gason li a Jezikri.
6. Repanti vle di chanje tout bon vre, tout move lide nou genyen sou Bondye, sou tèt nou ak sou peche nou yo pou, nou kapab wè yo daprè jan Bondye wè yo.
7. Kwè, se lè nou mete konfyans nan Jezi epi nan li sèl pou nou kapab sove.

Pami verite sa yo sou lafwa nan Jezikri, kilès ladan yo nou ta renmen konnen plis?

**Ansèkle youn oswa plizyè nimewo.**

*Anseye e diskite verite sa yo ki pale sou Lafwa nan Jezikris si ou wè li nesesè. Si etidyan an konprann li byen kontinye ak etid la.*

Bib la di: « **Se paske Li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan Li. Sa pa soti nan nou menm se yon kado Bondye ban nou. Non nou pa fè anyen pou sa. Konsa pèsòn pa ka vante tèt yo.** » (Efezyen 2: 8-9)

*Pote presizyon sa, fè konnen ke vèsè biblik sa a rezime yon gran pati sou sa ke nou te aprann sou Lafwa nan Jezikris. Mande etidyan an li vèsè a byen fò. Si se posib pou ou eksplike oubyen pote plis presizyon, fè sa a epi kontinye ak etid la.*

Se pou nou gen lafwa: **Bib la fè nou konnen nou dwe mete konfyans nou nan lanmò Jezikri sou lakwa kòm sèl pri Bondye aksepte pou peche nou yo epi nou pa dwe mete konfyans nan anyen, ni nan pèsòn ankò.» Èske ou kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la — « Bib la aprann nou ... »*

Nòt: Si etidyan an pa aksepte Bondye ki nan Bib la pandan moman diskisyon an nan paj 32, pa poze kesyon nan fen seksyon an « apèl lafwa ». Antouka, kontinye nan lòt paj la.

*Li deklarasyon an epi tankou de bon zanmi, poze etidyan an dirèkteman kesyon ki nan fen para-*

*grafla. Ekzanp: « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la. Konsa tout ou ka fè yon revizyon tankou sa a:*

« Tanpri Woje, èske ou ka resime istwa sa a ? Kòmanse ak Bondye, rakonte mwen istwa kòmsi se ou ki pwofesè a epi mwen menm, m-se elèv la ki bezwen konprann istwa ki pale sou Bondye a. Rakonte istwa nan mo pa-w epi fè-m travèse pon ki mennen nan lavi a. »  
(Tande li avèk anpil atansyon pou ou wè si li konprann levanjil la. Rakonte-l kouman ou te mete lafwa-w nan Jezikris, aprè sa mande li kilè li te byen konprann istwa epi kilè li te mete konfyans li nan Jezikris pou peche-l te ka padone.)

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », swiv premye pwoesis.*

# Pon kronolojik lavi a

Bagay nou te aprann sou lavi etènèl:

LAVI

*Kòm se menm bagay pou chak wit verite biblik yo ke nou jwenn nan Istwa Esperans la, fason ke nou pral fè apwòch la depann de konsepsyón etidyan an genyen sou « Lavi etènèl ».*

*Swiv youn nan mwayen yo dekri anvan yo oubyen vini ak yon apwòch ke ou ka pi byen itilize ni pou ou ni pou etidyan an w-ap travay ak li a.*

*Objektif pati sa a nan paj la se rezime konsèp biblik sa a ki pale sou Lavi etènèl, epi verifye si etidyan an konprann tout bon verite sa yo.*

1. **Lè nou repanti epi nou kwè nan Jezi, nou soti nan lanmò espirityèl.**
2. **Depi lè sa, lavi espirityèl sa a Bondye te pwomèt nou an, nou genyeli pou toutan, nou p-ap janm pèdi li.**
3. **Lavi espirityèl nou an fè nou renmen lòt bagay takou obeyi Bondye, renmen li, adore li epi sèvi li ak tout kè nou.**
4. **Nouvo relasyon nou an ak Bondye fè nou pa pè lanmò, paske nou konnen non nou ekri nan liv lavi ti Mouton Bondye a, epi lè nou mouri, nou prale dirèk devan Bondye.**
5. **Kounyeya, li posib pou nou viv lanmou, lajwa ak tout lòt bagay Bondye vle pou nou.**
6. **Nou pral viv pou toutan devan Bondye, nan yon trè bèl paradi, kote p-ap gen peche, ni soufrans, sou lòt latè ki pral chanje tout bon vre.**
7. **Se lè sa a nou pral konprann vrèman siyifikasyon Istwa Esperans Bib la.**

Pami verite sa yo sou lavi etènèl, kilès ladan yo, nou ta renmen konnen plis?

**Ansèkle youn oswa plizyè nimewo.**

*Anseye e diskite verite sa yo ki pale sou lafwa si ou wè li nesesè. Si etidyan an konprann li byen kontinye ak etid la.*

Bib la di: « **Jezi di li: se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. Moun k-ap viv ki mete konfyans yo nan mwen, yo pa-p janm mouri. Èske ou kwè sa ?** » (Jan 11:25-26)

*Pote presizyon sa a, fè konnen ke vèsè biblik sa a rezime yon gran pati sou sa ke nou te aprann sou lavi etènèl. Mande etidyan an li vèsè a byen fò. Si se posib pou ou eksplike oubyen pote plis presizyon, fè sa a epi kontinye ak etid la.*

Se pou nou gen lafwa: **Bib la fè nou konnen Jse Jezi sèl ki gen pouvwa sou lanmò pou padone peche e ki bay lavi etènèl a tout moun ki rive kwè nan lil. Èske ou kwè sa?**

*Ensiste sou kòmansman fraz la — « Bib la aprann nou ... »*

Nòt: Si etidyan an pa aksepte Bondye ki nan Bib la pandan moman diskisyon an nan paj 32, pa poze kesyon nan fen seksyon an « apèl lafwa ». Antouka, kontinye nan lòt paj la.

*Li deklarasyon an epi tankou de bon zanmi, poze etidyan an dirèkteman kesyon ki nan fen paragrafla. Ekzanp : « Woje, èske ou kwè sa a ? »*

*Si li reponn « wi », ou mèt kontinye etid la.*

*Si li reponn « non », oubyen « mwen pa konnen », swiv premye pwoesisis.*

# Bay yon repons pèsonèl ki chita sou lafwa

Paj 40 nan Istwa Esperans la

## Men kòman nou ka itilize paj sa a

Dènyè paj nan liv Istwa Esperans la te ekri yon fason pou yo itilize li nan plizyè mannyè, men sa pral baze sou ki kalite metòd yo itilize plis pou fè etid biblik, èske se elèv la oubyen sa ki nan kilti a. Men egzanp yon fason yo ka itilize-l:

Si elèv la te reponn wi pou kesyon sa a ki se "èske ou kwè sa a"? kesyon yo ki nan paj 32-39 ak moun ki mete lafwa nan Kris ak tout kè yo, ebyen paj sa a pral sèvi tankou yon kouvèti pou tout repons pozitif sa yo.

**Men, ou ka poze kesyon sa a, "Ki dènyè etap elèv la dwe pran pou-l mete lafwa li nan Kris sou pwenn sa a, si gen kèk kilès yo ye?"**

**Premyèman:** Si li kwè tout bon nan sa Bib la di sou Bondye, moun, peche, lanmò, Kris, lakwa & rezireksyon an, lafwa nan Jezikri, ak lavi etènèl. Ebyen, la nou ka di moun sa a se yon kretyen epi yon vèso ki resevwa kado Bondye a ki se lavi etènèl.

*Bib la di nou klèman, se lè nou mete konfyans nou nan sa Bondye fè pou nou atravè pitit li Jezikri, se lè sa nou sove anba chatiman peche nou yo. Sa-k pi konplike pou nou la se rive fè diferans ant moun ki kwè nan lespri yo ki pa sove ak moun ki kwè nan kè yo ki sove.*

**Dezyèmman:** Li t-ap vrèman enpòtan pou-w dirije etidyan an pou-l fè yon bagay k-ap grave nan memwa-l, sitou lè li aksepte Jezi nan lavi li, lè sa a li resevwa sali Bondye bay gratis la. Men si ou rive fè sa a, se pou-w fè-l konnen byen, siyen yon fòm oubyen fè yon priyè se pa sa ki sove li; se lafwa-l nan Jezikri ki sove-l.

### Men yon sijesyon:

- Fè-l li byen fò deklarasyon ki gen nan mitan seksyon paj 40 la.
- Rete sou dènyè deklarasyon an ki se ("mwen mete konfyans mwen nan Jezi sèlman..."). Mande-l si li fè deklarasyon sa a ak tout kè li. Si li di wi...
- Aprè sa a, mande-l si li vle pale ak Bondye kounyeya epi di Bondye mèsi pou sa li fè pou li. Si li dakò, (1) priye anvan epi (2) aprè sa mande li pou li pale ak Bondye pou-l di Bondye mèsi pou sa li te fè.

**Men, kisa w-ap fè si elèv la pa dakò oubyen pokò prè pou li anbrase kado lavi etènèl Bondye ofri a?**

Kèlkeswa jan sa ye, pa mete presyon sou elèv la. Ou dwe priye pou li pou Bondye ka ba li lafwa pou-l ka aksepte Jezi nan lavi li. Made-l pou-l kontakte ou nenpòt kilè pou-w ka pale ak li sou sijè-a plis. Petèt, ou ka pran yon lòt randevou ak li pou ou pale plis sou sijè a.

**Pawòl sa yo Jezi te konn di fè kòmsi se pou ou yo ye, pandan ke w-ap mete non-w nan plas mo ki gen trè pase anba yo, konnen byen ke ou se objè pwomès Jezi yo.**

*Eksplike etidyan an kijan li ka pèsonalize vèsè a epi si ou wè li nesesè, ede-l fè sa a.*

<sup>16</sup> Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm, li bay sèl ptit gason [**pèsonalize**] li a pou yo. Tout moun [**pèsonalize**] ki va mete konfyans yo nan li p-ap pèdi lavi yo, okontré ya gen lavi ki p-ap janm fini an. <sup>17</sup> Bondye pa voye Ptit li a sou latè pou kondane lèzòm, men pito pou li te kapab delivre yo. <sup>18</sup> Moun [**pèsonalize**] ki mete konfyans yo nan Ptit Bondye a p'ap kondane; men, moun [**pèsonalize**] ki pa kwè nan li, yo déjà kondane, paske yo pa te gen konfyans nan sèl Ptit Bondye a.

*Pou nou ka mete akote tout move entèpretasyon, rann sa klè pou etidyan an se pa paske li mete non-l sou fèy la ki vle di peche li yo padone. Fòk ou si ke etidyan an konprann ke peche li yo padone (li resevwa kado lavi etènèl la nan men Bondye epi lè sa li antre nan fanmi Bondye a) lè li kwè nan kè li Jezi se sovè lii.*

## Bay yon repons pèsonèl ki chita sou lafwa:

Mwen konnen kounyeya Bondye Bib la se sèl vrè Bondye a. Li san defo epi li sen.

*Sa Bib la montre mwen, mwen pa wè bagay yo menm jan ak anvan. Mwen rekonèt kounyeya mwen fèt ak peche nan lavi mwen, mwen te kontinye dezobyi Bondye epi peche mwenn yo te fè Bondye mal. Kreyatè mwen an ki renmen mwen konnen peche mwen te separe mwen ak Bondye epi pinisyon li a ki jis, separe mwen pou toutan avèk li nan yon kote ki gen gwo soufrans Bib la rele «lanfè».*

Mwen konprann lanmò Jezikri a, Ptit Bondye a, se sèl espwa mwen genyen pou mwen jwenn padon, pou mwen chape anba pinisyon etènèl pou peche mwen yo, epi resevwa nan men Bondye kado lavi ki p'ap janm fini an.

Mwen kwè lanmò Jezi sou lakwa kapab rezoud pwoblèm peche mwen epi epaye mwen nan konsekans sa yo.

### Fè premyè pa yo kòm disip Jezi

Si se pandan etid la etidyan an aksepte Kris nan lavi li, oubyen si li te aksepte anvan etid la, montre-l yon kopi nan liv ki rele *Chemen Lajwa*. Ankouraje-l kontinye ansèyman biblik ak *Chemen Lajwa*.

Leson 1: *Rezime Istwa Esperans la*  
Leson 2: *Rezime pon lavi a*  
Leson 3: *Asirans nou sove*  
Leson 4: *Labib*  
Leson 5: *Lapriyè*  
Leson 6: *Lesentespri*

Leson 7: *Sanktifikasyon an*  
Leson 8: *Temwanyaj kretyen an*  
Leson 9: *Legliz lokal (diferan legliz ki tout kote sou latè)*  
Leson 10: *Plan Bondye pou ou*